**КРИСТИНЭ РОЙ**

# ЧЫРАКІОР

Кристинэ Рой

# ЧЫРАКІОР

44.117
Тыгъэ къыкъокIыпIэм
къыщыпсырэ нэфынэ

Сурэт зышIыгъэр
В. Гаврилов

Рой Кристинэ
ЧыракIор. Къэбар. Урысыбзэм техыгъэу зэрадзэкIыгъ.
„Тыгъэ къыкъокIыпIэм къыщыпсырэ нэфынэ“, Корнтал

# АПЭРЭШЪХЬ

Зэгорэм Ондрачик лIыжъым лъэшэу лэжьакIо ищыкIагъэу, ау къызыдырихыщтыр ымышIэу зыщысыгъэ уахътэм тефэу ошIэ-дэмышIэу кIэлакIэ горэ ыдэжь къыIухьагъ.

Тхьаумэфэ пчыхьэу, хыныгъом ижъотыпIэу щытыгъ. Ондрачик ыIэхэр ышъхьэ кIэгъэкъуагъэхэу, иунэ пашъхьэ ит чъыгхатэм дэсэу егупшысэщтыгъ. ЗэкIэм щагухьэр къэхьакъугъ ыкIи ылъэгъурэр зыгъэшIэгъорэ лIыжъым ыпашъхьэ къиуцуагъ кIэлэ зишIугъоу, IэпкIэ-лъапкIэу фэпагъэр. ШъхьэкIэфагъэ хэлъэу кIэлакIэм лIыжъым шIуфэс къырихи, IофшIэн горэ иIэмэ зэригъэшIэнэу ыдэжь къызэрэкIуагъэр къыриIуагъ.

Апэу къыпэкIафэрэр IофышIэкIэ зыштэхэрэм Ондрачик ащыщыгъэп, ау мызыгъэгум кIэлакIэм итеплъэкIэ цыхьэ фишIыгъ, етIани унагъом чыракIо ищыкIэгъэ дэдагъ.

Ишъхьэгъусэ сымаджэу щылъыгъ, мэхъулъитIури унэм исыжьыгъэхэп: зыр – гъэрекIо, адрэр – мыгъатхэ Америкэм кIуагъэх, нэужкIэ яшъузхэри ащэжьыгъэх. Унэм къадинэгъагъэр илъэс пшIыкIух зыныбжь япшъэшъэ закъу арыгъэ. Шъыпкъэ, Iахъо горэ яIагъ, ау къуаджэм щязэуагъэти, сымаджэу янэ ыдэжь кIожьыгъэу илъыгъ.

Джары Ондрачик IофышIэкIэ кIэлакIэр зыкIиштагъэр. Джы ар ежь-ежьырэу егупшысэщтыгъ:

– КӀо сеплъын. Ӏахъоу Андрей охъужьыфэкӀэ сӀыгъын.

Ахэр зэзэгъыгъагъэх мафэ къэс лэжьапкӀэу кӀэлакӀэм къытефэщтымкӀи, хыныгъор аухыфэ къызынэкӀэ къыритыщтыр зыфэдизыщтымкӀи.

БэшӀагъэу зэрэмычъыягъэу Ондрачик а чэщым дэгъоу чъыягъэ, адрэ ишъхьэгъусэ ынапӀэхэр зэтырилъхьанхэ ымылъэкӀыщтыгъэми, мыхъу-зымыхъужьыкӀэ джы илӀ ӀофшӀэныр зэрэзэшӀуигъэкӀыщтым ар ыгъэгумэкӀыжьыщтыгъэп.

ЧырэкӀуакӀэу аштагъэм хилъэгъорэ пстэури Ондрачик ыгу рихьыщтыгъэ; ау ыцӀэ закъу ары ыгъэшӀагъощтыгъэр: ащ зэреджэщтыгъэхэр Рузанскэ Мефодий. Зэгорэм славянхэм яапостолэу Нитрэ щыпсэущтыгъэу мыщ Тхьэм игущыӀэхэр цӀыфхэм къащыфэзыӀуатэщтыгъэм МефодиекӀэ еджэщтыгъэх шъхьаем, мэкъумэщышӀэхэм, анахьэу католикхэм акъохэм ащ фэдацӀэхэр афаусыщытыгъэп. КӀо цӀыфхэр пстэуми ясэжьых, къоджэдэсхэри а цӀэм есэжьыгъэх. КӀалэр цӀыфхэм ахэхьэ-ахэкӀэу щытыгъэп, ау Ондрачик чырэкӀо дэгъу къыгъотыгъэу къуаджэм зэкӀэми щызэдаштагъ.

КӀалэр зэрэӀофышӀэ дэгъур ежь Ондрачики адрэхэм анахь мыдэеу ышӀэщтыгъ. КӀалэр ешъощтыгъэп, ащ пае къуаджэм бырсыр къыщиӀэтэу къыхэкӀыщтыгъэп, кӀалэхэми язаощтыгъэп. Ар тутын ешъощтыгъэп арышъ, утещыныхьанэу щытыгъэп ащ ыпкъ къикӀыкӀэ хьамбарыр стынэу. Тхьэмэфэ псэум пчэдыжь сэбахьым ригъажьэти чэщ кӀасэ охъуфэкӀэ Ӏоф ышӀэщтыгъ, мэфэкӀ мафэм тхылъым пэсэу зигъэпсэфыщтыгъ. Хъонэгъо е Ӏэдэбынчъэгъэ гущыӀэхэр къыӀохэуи зэхэпхыщтэп: сыдигъокӀи хэти фэнэгуихыгъагъ. ЗэгорэкӀэ Доркэ, бысымым

ыпхъу, шхэгъум Iанэм пэсхэу щыхьэгъу къышIынэу къызэрэригъажьэу, ятэ ащ егыеу къызиублэкIэ, кIалэр ренэу пшъашъэм фызэкIакIощтыгъ, ар щыхьэгъу ышIыщтыгъэп.

ЗэкIэ ахэр бысымым ыгу рихьыщтыгъ, арыти, ащ риIуагъ хыныгъор заухкIи ыдэжь къэнэнышъ Iоф щишIэнэу.

– Дэгъу, – къеуцолIагъ Мефодие, – уадэжь сыкъэнэщт мыр къысфэпшIэщтмэ: илъэситIу пIалъэкIэ сыпштэщтмэ ыкIи сипсэупIэ къакъырым дэжь щызгъэуцунэу фиты сыпшIыщтмэ.

Бысымым ыгъэшIэгъуагъ: сыд псэупIа ащ дэжьым бгъэуцун плъэкIыщтыр?

– Плъэгъущт ар дэгъоу зэрэхъущтыр, – ыIуагъ чыракIом. – ЗыкIэ тызэзэгъын фае: сыд фэдизми ащ хаслъхьэрэм ычIыпIэкIэ, сшIырэр сыухэу Iофым сыIукIыжьыкъомэ ар угу зырихьыкIэ ыкIи бгъэфедэ пшIоигъоу зыхъукIэ, тефэрэр къысэптыжьыщт; угу зыримыхьыкIэ, фитныгъэ сиIэщт сиунэ цIыкIу зэпкъырысхыжьынышъ сщэжьынэу.

Ондрачик ащ къеуцолIагъ ыкIи апэрэ оелэ мафэхэр къежьэхи, губгъом Iоф щыпшIэн умылъэкIынэу зэхъум, кIалэм пхъэмбгъухэр къакъырым дэжь щызэригъэолIагъ ыкIи пхъэшIэным диублагъ. ПстэумкIи ащ мэфитIо Iоф ышIагъ ыкIи зэкIэри хьазыр зэхъум, бысымымрэ ыпхъурэ ригъэблэгъагъэх.

Ондрачик лIыжъыр къэщхыгъ:

– Джар унэ хъун! Тэтыем нахьи нахь дэгъу! Ау сыдэущтэу мыщ кIымафэм уисын угу хэлъа?

– Ари зыгорэу хъун, унэ чъыIэм сыщычъыеныр къин къысщыхъурэп, мафэрэ шъуадэжь зыщызгъэфабэзэ сшIыщт.

Пхъэмбгъоу къэнагъэхэм Мефодие Iанэ ахишIы-

кIыгъ, нэужым хьэорзэ пIэзэкIэлъэрэ хьэорзэ пхъэнтIэкIурэ къыщэфыгъэх, къогъум щыгъынхэр зыдэлъыщтхэмрэ щыгъын пылъапIэмрэ ригъэкIугъэх.

ГоIу дэдэу хъугъэ, анахьэу охътэ тIэкIу тешIагъэу, ышъхьагъкIэ шъхьаныгъупчъэхэу гъунэгъу къушъхьэхэмрэ мэзыхэмрэ, чыжьэу щыIэ шъофхэмрэ губгъохэмрэ, ошъогу шIагъоу джыдэдэм пщэхэр нахьыбэрэмкIэ зыщесыхэрэмрэ нэр пIэпахэу зэрэплъэгъущтыгъэхэр, зыхегъэуцохэ нэужым.

Ондрачик анахь гъунэгъу благъэу иIагъэхэр Петрачхэр арыгъэх. Илъэс тIокI зыныбжь кIалэу Самко зыцIэр ахэмэ яIагъ, кIэлэ губзыгъэу ыкIи гохьэу щытыгъ ар. Ау янэ-ятэхэр фэшIыгъэу псэущтыгъэхэми, кIалэм тхакIи еджакIи ышIэщтыгъэп. Ар къызыхэкIыгъэр Iэпкъ-лъэпкъ убыт узыр къызэреолIагъэр ары. Ащ пае ар ерагъэ дэдэу унэ кIоцIым щызекIощтыгъ ыкIи Iоф цIыкIу-шъокIухэр ыгъэцакIэщтыгъэх, ау ащ нахьыбэ ыкIуачIэ къыхьыщтыгъэп.

Петрач ишъхьэгъусэ кIэлэ насыпынчъэм ыгу егъущтыгъ ыкIи адрэ илъфыгъэхэм анахьышIуи ылъэгъущтыгъ, ау ятэ гуфэбэгъэ хъатэ ащ фыриIагъэп. ЛIыжъым гукъао щыхъущтыгъ ыкъо – мощ фэдэ кIэлэшхор – хъызмэтымкIэ IэпыIэгъу къыфэхъун ылъэкIынэу зэрэщымытыр, ыкIи егъэшIэрэ гъэшхэнэу ыпшъэ зэрэдэсыщтыр. Ным ишIулъэгъу Самко зэхимышIэщтыгъэмэ, къызыщыхъугъэ, унэм зэрисызэ, икIэлэкIэгъу нэшхъэигъоу къыщыхъуныгъи. КъэкIощт уахътэми ежьыркIэ гукIодыгъо щэхъу хилъагъощтыгъэп. НахьыбэрэмкIи зэрэхъу хабзэу, анахьэу зышъхьэ зезыхьан зымылъэкIыхэрэм Iофыгъошхохэр дунаем щызэшIуахынхэ алъэкIэу мэхъух, ар ежьми къызэрехъулIагъэм фэдэу.

МэфэкI мафэ горэм, щэджэгъошхэ ужым Самко чъыгхатэм дэсыгъ. Лъэшэу ыгукIэ шъхьэзэкъо дэдагъ. ИщыIэкIэ-псэукIэ тхьамыкIагъо игупшысэ зыIэкIиубытагъэу, ыIитIу ышъхьэ кIэгъэкъуагъэу щысыгъ. ОшIэ-дэмышIэу ащ къылъэгъугъ гъунэгъухэм ячырэкIо кIалэу тхылъыр зыIыгъэу ыпашъхьэ итыгъэр.

Мо кIэлэ ныбжьыкIэр гоо хъуапсэм зэлъиштагъ.

– Мары чырэкIо къызэрыкIор еджэн елъэкIы, сэрымэ – сыделэ хъураеу сыкъэнагъ, – егупшысагъ ар ыкIи ныбджэгъугъэ зыхэлъ шIуфэсэу къырихыгъэм ипэгъокI къехьылъэкIыпэзэ ригъэгъэзэжьыгъ.

– О мыщ уизакъоу удэс, гъэнэфагъэуи озэщы, – Мефодие ащ къыриIуагъ. – Сэ тхылъ къыпфэсхьыгъ.

Самко зэкIэм къэгубжыгъ:

– Сыда сэ тхылъыр зэрэсищыкIагъэр, зы хьарыф закъуи сыкъеджэнэу сымышIэрэмэ, – чэфынчъэ дэдэу къыIуагъ.

– Къысфэгъэгъу, ар сэ сшIэгъахэп, ау ащ фэдизэу Iофэп: уфаемэ сыкъыбготIысхьанышъ, зэхэпхэу сыкъеджэщт.

Джаущтэу зэгъунэгъу зэфэхъугъитIумэ язэнэIосэныгъэ ублапIэ зэрэфэхъугъыр.

Петрачэ ичэу лъапсэ дэжь джурт лIыжъэу Давидэ иунэ цIыкIу къефызылIагъэу къыкIэлъырытыгъ. Изэкъо дэдэу ар ащ щыпсэущтыгъ. Ишъхьэзэкъо щыIакIэ дэзыгощыщтыгъэхэр пчэнитIоу иIагъэхэр арыгъэ, ахэр игъусэхэу мэфэ ренхэм гъунэгъу къуаджэхэр къызэпикIухьэщтыгъэх. Джурт лIыжъым хъэдэныжъхэр, къупшъхьэхэр ыкIи нэмыкIыхэу ямыщыкIэгъэжьхэ хьажъ-быжъхэр къыугъоищтыгъэх. Мэкъумэщышlэ хъызмэтышIэхэм ахэр зэкIэ а лIыжъым пае зэрагъэуIущтыгъэх, ежь Давид ахэмэ

япэгъокIэу Iуданэхэмрэ мастэхэмрэ аIэкIигъэхьэщтыгъэх. ИныбжьыкIэгъум ежьым идзыо ыплIэIу илъэу ар чыжьэу IукIыщтыгъэ, ау джы Iэгъоблагъор ары ныIэп къыкIухьэщтыгъэр.

Давид лIыжъыр цIыфышIу дэдэу щытыгъ, ау ар IугушIукIэу ныбжьи зыпарэми ылъэгъугъэп.

Ежь къыгъэшIагъэм тхьамыкIэгъо макIэп лIыжъым кIэхэкIыгъэр, ау а пстэури ыщэIагъ. КъызэраIотэжьырэмкIэ, джы зыдэс Градовэ псэупIэкIэ къыхихыным ыпэкIэ Давид шъуз иIагъ, ау лIы горэм ар шIуиштэжьи, изакъоу къэнэгъагъ. Ау хэта зышIэрэр – шъыпкъа ар, хьаумэ мышъыпкъа.

Ондрачикхэм къапэчIынатIэу, адрэ лъэныкъомкIэ, сыд фэдизэу гукъэошхо къащыхъущтыгъэми, Подгайскэ Мартын щыпсэущтыгъ. Мартын щырыкъушIэу щытыгъ ыкIи лъэшыщэу зэрешъорэм пае пстэуми зыщадзыещтыгъ. Янэ закъу ащ унэм дисыгъэр, шъузэу иIагъэр, лIым иешъуакIэ фэмыщэчыжьы хъуи, чыракIоу лэжьэныр нахьышIоу ылъыти, икIыжьыгъ. Джы исабыйхэм джанэхэр, цуакъэхэр къафаригъэхьыщтыгъ, армырмэ ахэр кIымафэм чъыIэм ыстынхэ ылъэкIыщтыгъ. Джащ фэдэу игуащи зыгорэхэр къыфаригъэхьыщтыгъ, илъфыгъэхэу къылъэхэнагъэхэм ар зэралъыплъэрэм пае. Апэрэ уахътэхэм илIыгъэми джанэхэр къыфаригъэхьыхэу къыригъэжьэгъагъ, ау мыдрэм ахэр зэкIэ ришъужьыщтыгъэх ыкIи нэужым ар гукъао зыщыхъугъэ бзылъфыгъэм нахьыбэкIэ зи къыфаригъэхьыжьыгъэп.

Зэгорэм Мефодие Подгайскэр къыгъотыгъагъ зимышIэжьэу ешъуагъэу, пэкIэ зыхэлъыгъэ орыжъыпсым хитхьалыхьанкIэ къэнэжьыгъэр мэкIэ дэдэу. Ащ ыжи, ытхьакIумэхэми, ыпи орыжъ ятIэр арызэу арылъыгъ. Мо лIы ешъогъаер къыIэтынэу

Мефодие изакъоу кIочIэгъу фэхъунэу щытыгъэп. ИнасыпкIэ цыхьан горэ блэкIыти, Мефодие ащ елъэIугъ IэпыIэгъу къыфэхъунэу ыкIи нэбгыритIум ешъогъэ насыпынчъэр Ондрачикхэм яунэ рахьылIи, къакъырым хьэуарзэу илъым хагъэгъолъхьагъ.

Мефодие псы ыгъэфаби, егугъупэзэ Мартын пытхьакIыхьагъ, къом фэдэу шIоигъэ нахь мышIэми. Мартын апэрэмкIэ ыгу римыхьэу Iэо-лъаоу къыригъэжьэгъагъ, ау мэкIэ-макIэзэ зыкъишIэжьи, хъонэн-цIэцIэныри щигъэтыжьыгъ. Ащ ышъхьац Мефодие зыфежьым, ынэгу къабзэу зеупсым, ыкIи ыIэбжъэнэ шIой кIыхьэхэр зыпеупкIыхэм, Мартын цIыф теплъэ иIэу хъужьыгъэ. Аужыпкъэм ежьыми ар ыгъэшIэгъуагъ ыкIи ышъхьэ фиIожьыгъ:

– Арэп сэIо, сэри цIыф афэдэу сыхъун слъэкIыщта?

А мафэм къыщыублагъэу Мефодие чыракIом моу ешъуакIор зэрэфаеу ыгъэдэIон ылъэкIэу хъугъэ: зэрэфэе шъыпкъэу Подгайскэм дэзекIощтыгъ. ЕгъэзыгъэкIэ Мартын Iоф ригъашIэщтыгъ ыкIи мыдрэр ащ еуцолIэн фаеу хъущтыгъэ иIофшIэн ымыухэу зы шъоныбжъэ закъуи нэмысынэу. ШъыпкъэмкIэ, Мартын ешъожьыщтыгъэп. ЩазымашIэр пчыхьэрэ мызэщыным пае ащ ыдэжь Мефодие къакIощтыгъ ыкIи кIалэм янэ итхылъхэм ащыщ горэм, Тхьэм щытхъоу фаIохэрэр зыдэт тхылъым, Библием япычыгъохэм е ежьым къызыдихьыщтыгъ журналхэм адэт горэхэм къафеджэщтыгъ.

ШэкIогъу мазэр къэсыгъагъ ыкIи мэкъумэщышIэхэм пчыхьэрэ IофшIэнэу яIэр шIукIаекIэ нахь макIэ хъугъагъэ. IофшIэн зыщыщымыIэм зэщыгъоу къыхэкIыщтыгъ. Ащ пае Ондрачик лIыжъым, Мефодие ибысым игопагъ ичыракIо журналхэр зэриIэхэр.

ГъэшIэ кIыхьэу къыгъэшIагъэм ежьыр тхылъхэм апылъыгъэп, ау къыгурыIощтыгъ журналхэм яшIуагъэ къызэрэкIорэр. ЕтIани журнал къызэрыкIохэу щытыгъэхэп ичыракIо иIагъэхэр, хэшыпыкIыгъэхэу, щыIэныгъэм къыщыпшъхьапэнхэ плъэкIынхэу щытыгъэх. Ахэмэ къащаIуатэщтыгъ чIышъхьашъом щыIэныгъэр зэрэщырекIокIырэр тыди щыхъугъэхэр, дунаим узэрэщыпсэун фаер, Тхьэм и ГущыIэ шъыпкъэ ащ узэрэфигъасэрэр.

Ондрачик ишъхьэгъусэ ныо сымаджэри лъэшэу фэрэзагъ чырэкIо ныбжьыкIэм.

– СикIалэм фэдэу ар сэ къыздекIокIы ыкIи, шъыпкъэмкIэ, цIыф шIагъу. Ащ силIыжъ ыгъэдэIон ылъэкIыгъ щагум хьаку цIыкIу дашIыхьанэу ыкIи джащ къыщегъэжьагъэу Доркэ щысфэпщэрыхьэшъ, сипсэуныгъи нахь шIуIо хъугъэ: пщэрыхьэпIэ унэм къиущтыгъэ мэр сфэщэчыхэщтыгъэп. Пхъабэ дгъэстэу зэрэхъугъэмкIэ силIыжъ мыцIэцIэным пае ащ мэзым пхъэ кухьитIу къысфырищыгъ. КъэпIон зыхъукIэ, нэмыкIхэм унашъо афэпшIын фаемэ, Мефодие емылъэIужьыхэу зэкIэри егъэцакIэ.

Пчыхьэ горэм Мефодие бысымхэм тхылъым къафеджэзэ, щазымэхэр ыIыгъхэу Подгайскэр Ондрачикхэм адэжь къэкIуагъ. КъыздэкIуагъэм фэчэфхэу щыпэгъокIыгъэх, агъэтIысыгъ. Ар зы гъуанткIуи емышъуагъэу къычIэкIыгъ.

Аужырэ уахътэм Мефодие щазымашIэм ыдэжь кIожьыщтыгъэп, ежьыр ыдэжь къакIощтыгъэ нахь. Ар хэтыкIи Iэрыфэгъугъ. Джауштэу зэрэкупэу зэрэугъоинхэ алъэкIыщтыгъ.

ТIэкIу къэушIункIынэу зэрэригъажьэу Мефодие Петрачхэм адэжь кIощтыгъ. Бзылъфыгъэхэм бэшIагъэу къуаджэм къэбар щызэблахыгъагъ Самко еджэ-

кӀэ-тхакӀэм фигъэсэнэу Мефодие Петрачхэм адэжь кӀоу.

Зэгорэм Мефодие бысымгуащэм еупчӀыгъ Петрачхэм якӀалэ къыздищэ хъущтымэ ыӀуи.

– Сыда зыкӀэмыхъущтыр? – бысымгуащэм джэуап къыритыжьыгъ. – Мыхъуми тхьамыкӀэм уахътэр нахь псынкӀэу ыгъэкӀон.

Джаущтэу зэкӀэри зэрэугъоихэ хъугъэ ыкӀи кӀымэфэ пчыхьэхэр гу лъамытэзэ кӀощтыгъэх. Къамзыибэ ащ „къыщытырачыгъагъ“. Андрей ащ нахьыбэкӀэ кӀалэхэм язэожьыщтыгъэп. Ондрачики ащ нахьыбэкӀэ ешъуапӀэм зыригъэжьыжьыщтыгъэп, ащ ычӀыпӀэкӀэ зэрэпщэрыхьэхэрэ джэмышхыхэр хиупкӀыщтыгъэх, Самкоуи ащ фигъэсагъ.

ЗэкӀэри зэгорэм къэзэрэугъоигъэхэу зыщызэхэсыгъэхэм Доркэ къариӀуагъ джурт лӀыжъыр къызэрэсымэджагъэр.

– Ар зэрыс унэм чъыӀэ илӀыхьащт: хьакур зэригъэплъын пхъи имыӀэнкӀи къыдыхэт.

Мефодие зи къыӀуагъэп. Ащ дэжьым тхылъэу къызаджэщтыгъэр ащ къыухыщтыгъ. Къеджэныр къызэреухэу къэтэджыжьыгъ:

– Чэщ рэхьат къышъокӀу!

– Шъулъэгъун, ар джуртым ыдэжь кӀуагъэ, – ыӀуагъ Андрей.

– Ары шъыпкъ, бэрэ ар ащ ыдэжь макӀо, – къахэгущыӀагъ Самко. – Сэ пчъагъэрэ слъэгъугъэ ащ Давид псы зэрэфихьырэр.

– Зэ моу, Андрей, шъхьаныгъупчъэм иплъэлъ, кӀуагъэ шъуӀуа ыкӀи сыда ащ щишӀэрэр? – къэупчӀагъ Доркэ.

Анрей икӀыгъ. Ащ къегъэзэжьыфэкӀэ охътэ шӀукӀае тешӀагъ.

– Сыд, къэплъэгъугъа о Мефодие? – Андрей къызэрехьажьэу Доркэ ащ еупчIыгъ.

– Къэслъэгъугъ. Джуртыр щылъ, мыдрэм ащ щай фигъэхьазырыгъ. Джы тхылъым къыфеджэ.

– Сыда ар къызыфеджэн ылъэкIыщтыр? Давид нэмыцыбзэрэ джуртыбзэрэ ныIэп ышIэрэр, тэ тыбзэкIэ, словакыбзэкIэ, зыпари къыгурыIорэп. Ежьым ышъхьэкIэ джаущтэу къысиIогъагъ ащкIэ сызеупчIым, – ыгъэшIэгъуагъ Самко.

Арэу щытми, джурт лIыжъыр ыгу етыгъэ дэдэу Мефодие къызаджэрэм зэредэIущтыгъэм ишыхьатэу ынэхэр тырихыщтыгъэп.

– ЦIыф хьалэмэт! Ныбжьи зыгорэ пхъэтэпэмыхь ышIырэп! – ыгъэшIагъоу Мефодие фэгъэхьыгъэу Подгайскэм къыIуагъ.

– ШъыпкъэмкIэ, цIыф хьалэмэт! ТхьэмкIэ шыкур ар тадэжь зэрэщыIэмкIэ, – къеуцолIагъ бысымгуащэр. – Ар тадэжь зыщыIэм къыщыублагъэу тикIалэхэр Америкэм зэрэщыпсэухэрэм тыщыгъуаз. НахьыпэкIэ ахэмэ афэгъэхьыгъэу мэзэ псэухэм къакIоцI зыгорэ зэхэтхыщтыгъэп. Тащыщ горэми тхэкIэ тэрэз ышIэрэп, ежьым зэкIэри сэ зэрэсIорэм фэдэкъабзэу етхы. Тилъфыгъэхэри ащ пае разэх. Зызакъу Мефодие ымыгъэцакIэрэр: ежьым ышъхьэ фэгъэхьыгъэуи зыгорэ афитхынэу есIуагъ, ау къысфегъэзэгъыгъэп.

– Сыда сэщ пае къэпIотэн плъэкIыщтыр? – къысиIогъагъ.

КIымафэр икIи, гъатхэр къэсыгъ, ау къуаджэм дэсхэм Мефодие фэгъэхьыгъэу нахьыбэ зэрагъэшIэн алъэкIыгъэп.

Тхьэумафэ мафэ горэм Ондрачикрэ Мефодиерэ чъыгхатэм дэтыгъэх. Апашъхьэ илъыгъ чIыгу хэIэ-

тыкIыгъэ мыинэу уц тIэкIурэ кондэ зырызхэмрэ къызыщыкIыщтыгъэхэр къызыхэщыщтыгъэ орыжъыр.

– КъысэдэIу, – ыIуагъ Мефодие орыжъым Iэ фишIызэ. – Мыщ уихъызмэт итеплъэ къегъэIае. Къоджэ хасэм ар къыщыпщэфыжьын фае.

– Сэри? Сыд пае? Сыда сэ ащ есэбгъэшIэщтыри?

МэкъумэщышIэм ыгъэшIэгъуагъ ичырэкIо губзыгъэ ащ фэдэ Iоф игъоу къызэрэфилъэгъугъэр.

– ЕпшIэщтыри? Iошъхьэ цIыкIум ышыгу тепхын плъэкIыщт: етIагъом чырбыщ дэгъу хэкIыщт, адрэ ятIэм орыжъыр рыбгъэсэин плъэкIыщт.

– Чырбыщ сэ сищыкIагъэп, губгъоу сиIэри икъущт. Сыда мо орыжъылъэр зэрэсищыкIагъэр?

– КъыосIощтыр ошIа? – Мефодие къызэкIакIощтыгъэп. – Сыдэу хъугъэми а чIыгур къоджэ хасэм къыщыщэфыри, о зытырягъатх, етIанэ сэ ар пщысщэфыжьыщт. ШъуичIыпIэхэр сыгу рехьых. Гульден 200 фэдиз сиI, илъэситIукIэ мэкIэ-макIэзэ унэ цIыкIу горэ сшIынышъ, гъунэгъу сыкъыпфэхъущт.

МэкъумэщышIэр Мефодие дэхьащхыгъ, ау чыракIор сэмэркъэущтыгъэп. Бысымым чIыгумрэ орыжъылъэмрэ къещэфыфэкIэ рэхьатыгъо ритыгъэп. Нэужым Ондрачик ахэр ичыракIо рищэжьыгъэх.

Ахэр зэзэгъыгъэх губгъо Iофхэм яжъотыпIэ къэсыфэ, Мефодие ихапIэ мафэ къэси сыхьатищэ, нэужым сыхьатитIо щылажьэзэ ышIынэу.

Пхъэныр заухым, Мефодие ибысым риIуагъ:

– ОшIа? Джы тхьэмэфитIум е щым къакIоцI нахь охътабэ тиIэщт. Арышъ, джа уахътэм къыкIоцI Iахъоу Андрей къыздэIэпыIэнэу къызыптIупщыкIэ, нэужкIэ илъэс плIанэм пкIэ хэмылъэу Iоф пфэсшIэжьыщт. Укъезэгъа?

– Сыкъезэгъын Iофым фэгъэхьыгъэу угущыIэн зыхъукIэ, – бысимым къыриIожьыгъ, – бгъэпсынэу узыфаер зэрэслъэгъугъэм лъыпытэу сэр шъыпкъэми сыкъыбдеIэщт. Ау гульден шъитIу фэдиз уиIэмэ, ащ нахь унэ тэрэзыIуи нэмыкI чIыпIэ къыщыпщэфын плъэкIыныгъи.

– Шъыпкъэ къызыфапIорэр. Ау ар унэ цIыкIоу щытыщтыгъ, сэ сызыфаер унэ дэгъу сиIэнэу ары, – щхыгъэ Мефодие. – О къэплъэгъужьын: Тхьэу сэ сызыщыгугъырэр къыздэIэпыIэщт.

Бысимыр къезэгъи, Мефодие иIофшIэн фежьагъ. Гъунэгъухэр къэзэрэугъоищтыгъэх Ондрачик ичыракIо зыуж ихьэгъэ Iофышхо шIагъор къызэрэхъурэм еплъынхэу. IофышIэ къэкIуагъэх Мефодие ыштагъэхэу Подгайскэмрэ ащ янэрэ, нэужым Андрей. Дорки тIэкIукIэ къадэIэпыIагъ. Аужым Ондрачики ышIэн къыгъотыщтыгъ: бгышъхьэр къытIыщтыгъ ыкIи орыжъыр ыгъэсэищтыгъ. ЗэкIэми зэгъусэхэу Iошъхьэ цIыкIум ышыгу къытырахыгъ, чIыгум хапIэр зэщиз рашIыгъэ къодыеп, – гъогум нахь лъагэуи ар хъугъэ.

ЕджапIэм ичъыгхатэ чъыг цIыкIухэр къыщищэфыхи, ахэр сатырищэу Мефодие ыгъэтIысхьагъэх. Гъэмафэр къызэсым, чъыгхэр къызэлъыушхъонтIыгъэх. Чъыгхэтэ дахэ иIэ хъугъэ.

Нэужым чырбыщым ишIын фежьагъэх. Хыныгъор къэси, нэмыкIхэр ащ хэлэжьэнхэу защэжьыхэм, Подгайскэхэм язакъоу чырбыщшIыныр лъагъэкIотагъ, ахэми лэжьыгъэм иIухыжьынкIэ чэзыур къанэсыфэкIэ.

– Хэты ышIэныгъа Ондрачик ичыракIо ащ фэдэ ахъщэ шIагъо къытигъэлэжьынэу?! – Мефодие нэшIукIэ еплъэу Подгайскэм ишъуз ыIощтыгъ. – Ежьым Тхьэми ар тэ къытфигъэкIуагъ.

Мартын ешъоныр хинэжьыгъагъ. Джырэ нэс ищыIэкIэ-псэукIагъэм ар лъэшэу фыкIэгъожьыщтыгъ ыкIи зекIокIэ пхэнджэу къыхэфагъэмкIэ къыфигъэгъунэу Тхьэм елъэIущтыгъ.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

Гъэмэфэ мэфэ шIэгъуагъ. ЦIыфхэр шъофым ихьащтыгъэх къэкIыгъэ лэжьыгъэм еплъынхэу. Адрэ пстэумэ афэдэу бысымэу Петрачи зигъэхьазырыгъ.

ИкIако зыщилъэн зыщиIоным ыдэжь Мефодие унэм къихьагъ. ХьакIэр къызэрыкIуагъэп, сыда пIомэ ыкъо тэрэзэу хьарыфхэр зэпигъэуцохэу ыкIи ахэр ытхыхэу гъунэгъу чыракIор ары фэзыгъэсагъэр, ащкIэ ишIогъэшхо къызэрэригъэкIыгъэр къыгурыIощтыгъ.

Петрач лIы пагэу щытыгъ ыкIи гухэкIышхо щыхъущтыгъ ыкъо емыджагъэу къэнэн фаеу зэрэхъурэр. Ащ пае Мефодие ежьым ыдэжь къызэрэкIуагъэр игопагъ. Петрач ышIэщтыгъ хьакIэр ыкъо дэжь къызэрэкIуагъэр, ау ежьыри бэшIагъэу ащ дэгущыIэ шIоигъуагъ. Ащ зыдэтIысыщт чIыпIэр ригъэлъэгъугъ ыкIи ежьыри готIысхьагъ.

– Самко джыдэдэм къэкIожьыщт. ТIэкIу къыкIухьанэу икIыгъ, ау ори ущыгъуазэба унэм къегъэзэжьыфэкIэ охътабэ зэрэтешIэрэр.

– Моущтэуми дэгъуба, – IущхыпцIыкIыгъ Мефодие. – Сэ сигуапэ, сигъунэгъу, о сыкъызэрэпIукIагъэр, пкъуи зэримысыгор дэгъу. БэшIагъэу мэхьанэшхо зиIэ горэ къыуасIо сшIоигъуагъ.

Петрач ыгъэшIэгъуагъ: сыд шъуIуа Мефодие ащ къыриIон ылъэкIыщтыгъэр?

– Зэгорэм уегупшысэу къыхэкIыгъа уикIэлэ закъо тапэкIэ къырыкIощтым?

– Сэдэкъэхэдз хъущт! – къыпиупкIыгъ пхъашэу Петрач. – Сэ сыда сызэрэмысэр? Шъыпкъэ, ежьым тефэрэ Iахьэр ащ IукIэщт, ау сыда ащ ришIэщтыр? Ныбжьи ащ мэкъумэщышIэ хэкIыщтэп...

– Сэри джащ фэд сызэрегупшысэрэр. Джырэблагъэ къэбар къыслъыIэсыгъ уимахъулъэ къызыхэпщэжьэу. Ятэ-янэхэр еIэхэфэкIэ Самко мыдэеу шыIэщт. Ау шъо шъущымыIэжь зыхъукIэ сыда ащ къырыкIощтыр? Ар нэмыкIхэм яшIулъэгъу е яшIумылъэгъу зызэрэзэблихъурэм елъытыгъэу къыфыщытыщтых, ау ар апэу ыкIи зызакъоу къыпфэхъугъэ уишъаоба!

– Сыда сэ ар къызыкIысапIорэр? – ыIуагъ Петрач ыкIи ышъхьэ риуфэхыгъ. Сэ лъэшэу нэшхъэеу сеплъы ащ къыпыщылъ гъашIэм... Сыда ар мы дунаем къызыкIытехъуагъэри?

– Ар ежьым ишIоигъоныгъэ елъытыгъагъэп, – ащ дэжь дэдэм ыдагъэп кIалэм. – Ори, сигъунэгъу лъапI, узэрятэм къыхэкIэу аущтэу пIоныр къыптефэрэп. Зиусхьаным пкъо къыгъэхъугъэмэ, Ащ гъашIэм гухэлъ щыриIэнэуи ышIыгъ, ори зэрэпфэлъэкIэу ащ уфэгумэкIыныр уипшъэрылъ.

– О псэуныгъэ уиIэшъ, аущтэу къэпIоныр псынкIэ къыпфэхъу, ау сыда ежьым есшIэщтыр?

– Зыгорэ пкъо пае пшIэнэу уфаемэ, хэкIыпIэшIу къыосIон слъэкIыщт.

– Сыфэе къодыя! – къыхэкуукIыгъ лIыжъыр ыкIи Мефодие ыIэ къыубытыгъ.

– Шъо урам шъхьаIэм шъущэпсэу. ЦIыфхэу Iэгъо-

благъор (зыщыпсэухэрэ чIыпIэр) зыIэ илъхэм адэжь къикIыжьхэрэр шъуадэжькIэ блэкIых. УикIалэ пае сатыушIыпIэ горэ шъуиунэ пэмычыжьэу къыщызэIух. Ащ къолыр, хьаджыгъэр ыкIи нэмыкIэхэр щищэщтых. О къалэм бэрэ окIо, арышъ, ищыкIэгъэ пстэури къэпщэнхэ плъэкIыщт. Гульден шъэ зытIу джаущтэу зытебгъэкIуадэкIэ, нэужкIэ пкъо зызэриIыгъыжьыщтыр къыпэкIэкIожьыщт. Шъо шъопсэуфэкIэ шъуигъомлапхъэкIэ жъугъэшхэщт, шъуфэгумэкIыщт. НэужкIэ псэуныгъэ иIэу, хъулъфыгъэ лъэгъупхъэу зыхъукIэ, аужыпкъэм ащ унагъо ышIэн ылъэкIыщт. Анахь пшъэшъэ дэгъури игуапэу къыдэкIощт.

– Тхьэр сиIэпыIэгъоу Самко еджакIэ езгъэшIэгъах, – къыIуатэщтыгъ Мефодие. Петрач зэхихырэр лъэшэу шIогъэшIэгъонэу ащ Iуплъыхьэщтыгъэ ыкIи дыригъаштэу шъхьэ ышIыщтыгъ. – Сэ Самко хьисапымкIэ ригъэджэнэу Давид лIыжъым сыдэгущыIэгъах, ежьыри къезэгъыгъ. СатыушIынымкIэ ищыкIэгъэ къулай-амалхэми афигъэсэщт. Ори ущыгъуазэба сатыу IофымкIэ джуртым ыпшъэ кIон зылъэкIын зэрэщымыIэм. Уишъхьэгъусэрэ орырэ а пстэумэ шъузэдягупшыс, а уахътэм къыкIоцI шъукъо скIыгъоу мэзым тыкIонышъ, бэрэ тыкъэмытэу къэдгъэзэжьыщт.

Петрач къызэплъэкIыгъо имыфэзэ, унэм изакъоу къинагъ. ЕтIанэ шъхьангъупчъэм зеплъыым, Мефодие ишъыпкъэу дэгущыIэзэ, Самко зэрэдищыщтыгъэр ылъэгъугъ.

– Сыда сэIо мыщ къысфызэхиIухьагъэр? – зизакъоу къэнэгъэ лIыжъыр егупшысэщтыгъ. Таущтэуи егупшысэра? Тхылъыр сыда! Орыжъыр зэрэтигъэгъэсэигъэм фэдэу ежьыри гъэшIэгъонэу гъэпсыгъэ... Самко тэрэз ыIуагъэр, енэгуягъо Мефодие дунаем

бэу къыщикIухьагъэкIэ, щилъэгъугъэри макIэп. Тэрэз зыфиIорэри. Лъэшэу сигопэныгъи сэ сикIэлэхъужъи тапэкIэ зыгорэ хэкIыгъагъэмэ.

Петрач къеджагъ ишъуузэу адрэхэм ягъусэу губгъом кIонышъ, ялэжьыгъэ къеплъынэу зызыгъэхьазырщтыгъэм. НепэкIэ ар щагъэзыенэу рахъухьагъ, якIалэ ищыIэныгъэ нахьышIу зэрашIыщтым тэрэзэу рыгущыIэнхэм пае. Илъфыгъэу шIу ылъэгъурэм зыгорэ хэкIынэу гугъапIэ зэрэщыIэм ныр нахь ныбжьыкIэ къышIыгъ.

А уахътэу нымрэ тымрэ ядэжь исхэу зыщызэдэгущыIэщтыгъэхэм гъунэгъу чъыгэе мэз цIыкIум пчэгу хъурэешхо щашIыгъэу кIэлэцIыкIухэр щызэхэсыгъэх. Ахэр Мефодие къафиIотэрэ къэбархэм ядэIущтыгъэх.

А кIэлэцIыкIухэм къуаджэм дэгъоу щашIэщтыгъ Ондрачикхэм ячыракIо, сыда пIомэ хьалэлэу зыгу къафызэIузыхыхэрэр цIыкIухэм зэхашIэ, зафакъудыи. ШъыпкъэмкIэ, Мефодие кIэлэцIыкIухэр шIу ылъэгъущтыгъэх. Ащ бгы кIыбым дэжь рычъэрэ псыхъом ычIэ нахь куоу ритIыкIи, кIэлэцIыкIухэм зыщагъэпскIын алъэкIынэу ышIыгъагъ. Пцэжъые ущешэнымкIэ нахь Iэрыфэгъоу зэрэщытынэу ятIэри щызэтыритэкъуагъ. Iэхъогъум щыIэ кIэлэцIыкIухэу чIыпIэ къин ифэхэрэми сыдигъокIи IэпыIэгъу афэхъущтыгъ. Гъатхэм, пчыхьэрэ уахътэ иIэу къызыщыхэкIырэми, пцел къутэмэ цIыкIухэм сырынэхэр, псытеутхэхэр ыкIи зэрэохэрэ сырыбхэр пырамыбжьым, макъэ зыпыIукIырэ джэгуалъэхэр дэшхом ахишIыкIыщтыгъэх. АхэмкIэ икIэджыбэхэр ушъэгъэ зэпытыгъэх, хьалэлэу а гушIогъо цIыкIухэмкIэ сабыйхэм ятэщтыгъэ.

Ащ пае Iэхъогъу псэу хъухэу кIалэхэр тыдэ

кIуагъэми ыуж итхэу лъычъэщтыгъэх, къуаджэм дэсми е губгъо щыIэми кIэлъыкуощтыгъэх: „Татэ Мефодий! Татэ Мефодий!“

Бэрэ къыхэкIыщтыгъ хьалыгъоу ыкIи къуаеу Мефодие губгъом лэжьакIо кIон хъумэ пчыхьэшъхьашхэу бысымгуащэм къыритыщтыгъэр дзэ псэу хъурэ иныбджэгъу цIыкIухэм ашхыжьэу.

Ау зэкIэми анахь гушIуагъоу ахэмкIэ щытыгъэр, джы непэ фэдэу зэкIэри Мефодие къетIысэкIыгъэхэу, къыIотэрэ къэбархэм ядэIунхэр арыгъэ.

– Татэ Мефодие фэдэу къыIуатэу зыгори дунаим тетэп, – зэкIэ сабыйхэм джары зэралъытэщтыгъэр.

Мары джыдэдэми мэлхэмрэ чэмхэмрэ гъунэгъу гъэхъунэм щыхъущтыгъэх, мыдрэ кIэлэцIыкIухэр жьы къамыщэжьырэм фэдэу щысыгъэх къафиIотэщтым ежэхэу.

Ащыщ кIэлэцIыкIу горэм пцIэшхъо ныбжьыкIэ лIагъэу къыгъотыгъэр ыIыгъыгъ.

– ПцIашхъуа?! – бзыур Мефодие зелъэгъум, къафиIотэщтым егупшысэу фежьагъ. – Шъуфая пцIашхъохэм афэгъэхьыгъэу къышъуфэсIотэнэу?

– Ары, ары, пцIашхъомэ афэгъэхьыгъэу! ПцIашхъомэ афэгъэхьыгъэу, татэ Мефодий!

– Ащыгъум шъукъедэIу. Мары пцIашхъохэр талъэныкъо къызэрэбыбыгъэхэр. Чыжьэу, чыжьэу щыIэ хэгъэгоу, Исусыр къызыхъугъэ мафэм чъыгхэр къызыщыушхъонтIыхэрэм ыкIи пхъэшъхьэ – мышъхьэхэм ягъо къызыщыхъухэрэм, тэ зыфэдэр тымышIэрэ къэгъэгъэ хьалэмэтхэр къызыщыкIыхэрэм, ау джащ фэдэу зитеплъэкIэ шъхьацышъор къэзыгъэтэджырэ блэхэр зыдэшыIэхэм, джа, джа хэгъэгу чыжьэу Африкэм, типцIашхъохэм зэIукIэ щашIыгъагъ.

Ар зэIукIэ гъэшIэгъон дэдэу щытыгъ. Пчэды-

жьым жьэу зэкIэ пцIашхъохэм псы къабзэм зыщагъэпскIыгъ, якъамзый шъуашэхэр зэрагъэзэфагъэх, джы хэти бзылъфыгъэ гъэкIэрэкIагъэм фэдэу къыпщыхъущтыгъ: къамзый ыкIи цышIуцIэхэр зэшъозэщэу жьыгъагъэх, апкъ шIуцIэ цIыкIухэр къэтабэм фэдагъэх, анэ шIуцIэ цIыкIухэр къилыдыкIыщтыгъэх, абгъэгу ныбэлъэ шIуцIэр щыолъэгъу, ащ къыкIэлъэкIо зиIэгъуапэхэр фыжьыбзэхэу, кIэ кIыхьэ зиIэ джанэхэу пщыунэм ис бзылъфыгъэхэм ащыгъхэм афэдэхэр.

Африкэм пцIашхъохэр шъэ пчъагъэхэу, мин пчъагъэхэу быбыщтыгъэх, ахэр тыдэрэ лъэныкъуи къарыбыбыкIыщтыгъэх. ЗэкIэри къызызэрэугъоихэм, зэIукIэр рагъэжьагъ. Орэдрэ тхьэелъэIурэкIэ аублагъ. Ар шъогъэшIагъуа? Бзыухэр Тхьэм елъэIущтыгъэхэу шъушIошъ хъурэп, ара? Сыда аущтэу хъун зыкIимылъэкIыщтыр? Ахэри цIыфхэм афэдэхэу, гушIуагъуи тхьамыкIагъуи зэхашIэнхэ алъэкIы ыкIи пстэури Зыгъэхъугъэм иIэпыIэгъу щэгугъых. Сэ сицыхьэ зытелъыр пцIашхъохэм яорэд къэIуакIэкIэ Тхьэм тхьэлъэIу фызэхалъхьэщтыгъэу ары.

Джаущтэу ахэмэ тхьэелъэIур рагъэжьагъ. Нэужым зэкIэми загъэрэхьатыгъ ыкIи джащ дэжьым къараIуагъ Африкэр къабгынэнышъ, яхэгъэгу загъэзэжьын фэе уахътэр къызэрэсыгъэр. ИщыкIэгъагъэр зежьэжьыщтхэ мафэмрэ уахътэмрэ зэдагъэнэфэнхэр ыкIи гъогум тетыфэхэкIэ зэрыгъозэщт шэпхъэзекIуакIэхэр зэдэштэгъэнхэр арыгъэ.

ПцIашхъохэм анахьыжъэу ежьхэм ахэтыгъэр упчIэжьэгъу фэхъунхэу зэдырагъаштэу къызыхадзи, нэужым ащ къариIорэм анаIэ тырагъэтэу едэIухэу аублагъ.

– Неущ пчэдыжь, тыгъэкъыкъокIыгъом, тигъогу

тытехьаным ыпэкIэ, мафэ къэс тызыщызэIукIэрэ чIыпIэм зэкIэми шъукъекIолIэн фае. Къэгужъорэр – Африкэм къэнэщт! Мыщ тибыбыкIы зыхъукIэ нахьыпэ рапшIэу чIыпIэ шIэгъуабэхэр къызэтынэкIыщтых, псышхом – хым тынэсыфэкIэ.

Зыщышъумыгъэгъупш пстэуми тызэкIыгъоу тыбыбын зэрэфаер, сыда пIомэ тауж къинэрэм къежэрэр тхьамыкIагъу – бзыу хьакIэ – къуакIэхэр арых. Ахэр купышхоу зэгъусэ бзыухэм ащэщынэх, ау зизакъоу къэнэрэ бзыужъыер нэрэ-Iэрэ азыфагу зэбгыратхъыщт.

ЧIыгу шъхьэгъушъэм тышъхьарыбыбыкIы зыхъукIэ, зы унашъо жъугъэцэкIэн фае: охътабэ ыкъудыизэ бэрэ зыдгъэпсэфызэ тшIыщт. Джыри зы: бэдзэнэшъухэр хъоеу шъуапэ къифэхэмэ, бащэ шъумыдыры, армырмэ шъуинэгъу онтэгъу хъумэ, быбыгъуае шъуфэхъущт.

Хы Iушъом дэжь джыри зы зэIукIэгъу щытшIыщт ыкIи нэужым зэрэщытэу пстэури Къэзыгъэхъугъэм ыIэ зитлъхьащт: гъогууанэу тапэ илъыр щынагъо. Шъо псы фэшъхьаф зыпари шъулъэгъущтэп. Псы, псы ыкIи тыдэкIи псы зэкIэщт. Зы чIыпIэ цIыкIу закъуи зыщыбгъэпсэфын плъэкIынэу тапэ къифэщтэп. IэпыIэгъумрэ кIуачIэмрэ тэзыгъэгъотыщтхэ закъор Тхьэр ары. Арышъ, хым зэпырыбыбыкIын зылъэкIыщтхэ пцIашхъохэр Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакIэхэрэр ыкIи Ащ елъэIухэрэр арых. Арышъ, тежъугъэлъэIу джы Тхьэм. ТхьэелъэIукIэ тигъогу тыублэн ыкIи тхьэелъэIукIэ лъыдгъэкIотэн.

ЗэкIэми зэдаштэу тхьэелъэIу орэдыр къызэдаIуи, зэIукIэгъур аухыгъ.

Ыужырэ мафэм псыхъо дэхэшхом инэпкъ шIуцIабзэу къэлъагъоштыгъ. Нахьыпэ рапшIэу мыщ

къэбыбыгъэх пцIэшхъуишъэ, етIанэ мин, минитф, минипшI, минишъ ыкIи аужыпкъэм бэдэдэ къэхъухи, пфэмылъытэжьыным япчъагъэ нэсыгъ.

Бзыухэм яугъоипIэ къэрабышъо (зикъамзыйхэм шъолъыр фыжьыр зыхидзагъэхэ) зытеорэ жъы хъугъэ пцIашхъохэр мокIэ-мыкIэ щызэблэкIыщтыгъэх ыкIи адрэмэ алъыплъэщтыгъэх: ахэр пащэхэу зыхадзыгъагъэх.

ПцIэшхъо-пащэхэм ащыщхэр фыжьы дэдагъэх, ныбжьи чIы сапэр анэмысыгъэм фэдагъэх. Ахэр пстэумэ яджэщтыгъэх Тхьэм елъэIунхэу ыкIи Тхьэм ыпашъхьэ, зэкIэми зэдыряе ыкIи зэфэдэу шIу алъэгъурэ Ты лъапIэм ыпашъхьэ IорышIэхэу щыщытынхэу.

Бзыу отэрым сабый цIыкIум фэдэу шIыкIаехэу макIэп ахэтыгъэр пцIэшхъо щырхэу. Ахэмэ атамэхэр зэкIащыхэзэ, ауплъэкIущтыгъэх ыкIи тэрэзэу быбышъущтхэмэ еплъыщтыгъэх. КъашIошIыщтыгъэр хым узэпырыбыбыкIыныр къызэрыкIо Iофэу ары. Ахэр нэIуасэ зэфэхъущтыгъэх, зэдэджэгухэу рагъажьэти, заокIэ аухыжьыщтыгъ.

– Щыжъугъэт ар! – пцIэшхъожъ пащэм зэшIонагъэхэр зэпищыжьыщтыгъэх. – Шъо зыми шъуезэонэу щытэп, шъуцапэхэмрэ шъулъабжъэхэмрэ ащ фэдэкIэ жъугъэфедэхэ хъущтэп: Ежь Тхьэм шъо шъукъиухъумэщт. Шъо шъуиIофыр – тхьэелъэIур, цыхьэ шъушIыныр ыкIи шъуапэкIэ шъубыбыныр ары. Ау бзыу хъункIакIо пэпчъ шъуезэонэу шъузежьэрэм, ныбжьи шъуигухэлъ къыжъудэхъущтэп.

НэмыкI пцIэшхъо ныбжьыкIэхэр яIофхэм ауж итыгъэх. Ахэр пшъэшъэжъые цIыкIум е пшъэшъэ шъхьэнэкIым афэдэхэу зэпымыоу рыгущыIэщтыгъэх зыгорэм щыгъ джанэр зыфэдэм, зышъхьэ нахь

дахэу зэкӀэжьыхьагъэм е зиджэнакӀэ нахь кӀыхьэу шӀыгъэм.

ПцӀэшхъо губзыгъэр ахэмэ адэжьи къэбыбыгъ:

– Тхьэмрэ гъогу кӀыхьэу тапэ илъымрэ шъуягупшыс. Дэхагъэм шъущиухъумэщтэп кӀодыпӀэ шъузифэрэм. Хым тхьамыкӀагъо къызыщыфыкъокӀырэм идэхагъэ игъусэу хэкӀодэщт.

ПцӀэшхъо ныбжьыкӀэхэр, анахьэу зэоныр зикӀасэхэу, Ӏаеу зэхэупырэцыхьэгъагъэхэр пцӀэшхъожъхэм къаугъоихэти, апыупхъухьэщтыгъэх, ятеплъэ зэрагъэзафэщтыгъ. Нэужым пстэуми тхьэелъэӀу орэдыр къызэдаӀуагъ ыкӀи япчъагъэкӀэ гъунэ зимыӀэ бгъэ цӀыкӀухэм къадэӀукӀыгъ:

– ХъяркӀэ, Африкэр! ХъяркӀэ!

Ошъуапщэм фэдэу огур зэлъызыбгъэгъэ бзыу тамэхэм тыгъэр зэлъагъэбылъыгъ ыкӀи цӀыфхэм яӀофшӀэнхэр зэпагъэугъэу пцӀашхъохэм алъыплъэхэзэ аӀощтыгъ:

– ПцӀашхъохэр ядэжь мэбыбыжьых!

Ары, гуапэ зыхэлъ гъогууанэу ар щытыгъ. ЫчӀэгъкӀэ зыфэдэ мыхъугъэ мэз дахэм зыщиушхущтыгъ, псы нашхъохэр, губгъо зэикӀыхэр, шъоф шӀагъохэр, къуаджэхэр къыщылъагъощтыгъэх. Пащэу яӀагъэхэм яунашъокӀэ гъогурыкӀохэм бэрэ загъэпсэфыщтыгъ ыкӀи ащ ишӀуагъэкӀэ зы пцӀашхъо гори пшъыгъагъэп пӀоми хъущт.

Аужыпкъэм чыжьэкӀэ хыр къэлъэгъуагъ.

– Шъукъэуцух! – унашъо къытыгъ пащэм.

Ащыщыбэхэм къэмыуцухэу, нахь чыжьэу апэкӀэ джыри быбыхэмэ ашӀоигъуагъ, ау гъуазэу яӀагъэхэм ар афадагъэп: тамэхэм загъэпсэфынэу ящыкӀэгъагъ ыкӀи тхьэелъэӀукӀэ ежьхэми загъэпытэн фэягъэ.

Пащэхэм пцӀэшхъо купыр къаплъыхьэщтыгъ

ыкIи хэти иIэ дагъомкIэ еупчIыщтыгъэх. Ащыщэу анахь фыкъогъэ цIыкIур арыми зытамэ фэхъугъэ е уз горэ зиIэ къахэкIымэ, ымыушъэфэу къариIон фэягъэ. Ахэр охъужьыфэхэкIэ адрэхэр зэкIэ яжэнхэ фэягъэх.

Ащыщхэм яузхэр къаIуагъэх, нэмыкIхэм фыкъогъэ цIыкIу-шъокIоу яIагъэхэм мэхьанэ арамытэу заушъэфыгъ, зытехьащтхэ гъогумкIэ ар дэеу ухыгъэ хъун ылъэкIыщтыгъэми. НэмыкI пцIашхъохэри зэрэмыдэIуагъэхи щыIагъ: бэдзэнэшъухэм жъугъэу къаухъурэигъэхэу залъэгъум, заIэжэн алъэкIыгъэп, зым ыуж зыр итэу адырыщтыгъэх. ЗишIоигъоныгъэкIэ зызыIэжэшъурэм нэмыкI хыр зэпимычышъунэу пцIэшхъо губзыгъэхэм къызэраIощтыгъэм ахэр къыубытыгъэхэп: ар зы тхьакIумэм ихьэти, адрэмкIэ къикIыжьыщтыгъэ.

А мэфэ тIэкIоу хыIушъом зызыщагъэпсэфыгъэм зыгъэтхъэныр зикIэсэгъэ пцIашхъохэм яшIугъо зэрэхъугъэм къыхэкIэу, зыгорэм зэрэщетIысэхыгъэхэм лъыпытэу щыхэчъыещтыгъэх, е джыри шъхьэукъэнхэу игъо фимыфагъэр нэбгъунджыкIэ бэдзэнэшъухэм афеплъэкIыщтыгъэх. Анахьыбэ дэдэр къызыщызэрэугъоигъэ тхьэелъэупIэхэми ахэр ащыхэчъыещтыгъэх ыкIи тхьэорэд къаIо зыхъукIэ, ахэмэ ялъэIу зылъыIэсыщтыгъэ закъор бэдзэнэшъухэр арыгъэх.

– Джы тыкъэзыгъэхъугъэ Тхьэм ыцIэкIэ тэбыбы тапэкIэ! – Зэрэбзыу купышхоу унашъор лъыIэсыгъ. Мэкъэ минхэми къызэдаIожьыгъ:

– ХъяркIэ, Африкэр! Тхьэм укъеухъум! ХъяркIэ! Тэ хы кIыбымкIэ щыIэ тадэжь тэгъэзэжьы!

– Та-а-дэ-э-эжь! – джэрпэджэжьыр зэтепшIыкIутIукIыгъ.

Джы мары джа пцIэшхъо шъхьэнэкI цIыкIухэу бэмышIэу псыхъом Iусхэу хым узэпырыбыбыкIыныр псынкIагъоу зылъытэщтыгъэхэм ашIошъ хъугъэ хыр зэрэиныр. Ахэр бэшIагъэу быбыщтыгъэх, ау гъунэрэ нэзырэ зимыIэ псышхом фэшъхьаф анэ къыпэшIуафэщтыгъэп.

Алъакъохэмрэ атамэхэмрэ къэпшъыщтыгъэх, ашъхьэхэр къашIуефэхынхэу ежьэщтыгъэх, анэ цIыкIухэр лъыхъуещтыгъэх, ахэр фалIэхэу зызыщагъэпсэфыщт чIыпIэ бэу лъыхъуещтыгъэх, ау бзыу купым ипащэхэр къэкуо зэпытыщтыгъэх:

– Шъубыб, шъубыб!

Адрэ пцIашхъохэу фыкъуагъэхэр зиIагъэхэу, зытамэхэр узыгъагъэхэу, ау зыушъэфыгъэхэр джы зым ыуж адрэр итэу къефэхыхэзэ, хыпсы куум хафэщтыгъэх. ЗыгорэкIэ зи зимылэжьэ пцIашхъор хыпсым хафэу къызыхэкIырэм, тIэкIу дэдэрэ ар псым зыдихьыти, нэужкIэ зыкъиIэтыжьыщтыгъэ ыкIи кIэу къарыу къыгъотыжьыгъэу ыпэкIэ ригъэхъуещтыгъ. Хъыбэйхэм зыкъаIэтыжьын алъэкIыщтыгъэп, ахэр псым чIэбыщтыгъэх ыкIи ытхьалэщтыгъэх.

Адрэ пцIашхъохэу бэдзэнэшъухэр бэу зышхыгъэхэр ауж къинэхэ фежьагъэх, апэм тIэкIукIэ, етIанэ нахь хэпшIыкIэу. Ахэмэ кIуачIэр афырикъуещтыгъэп.

– Шъукъытажэх! Шъукъытэжэгох! – лъаIохэзэ ахэр къэкуощтыгъэх.

ПкIэнчъагъ. ПцIашхъохэр зылъызыщэхэрэм яджэуап зыгъэ:

– Шъубыб, шъубыб!

НэмыкIэу зекIохи хъуещтыгъэп, сыда пIомэ акъыл зиIэ бзыу пэпчъ зэрэзэпырыбыбыкIын ылъэкIыщт

кIуачIэм фэдиз ытамэхэм Тхьэм къахилъхьагъ. Такъикъ пэпчъ кIуачIэр нахь макIэ хъущтыгъ ыкIи ащ пае бзыухэм загъэгужъуи адрэхэм яжэхи хъущтыгъэп.

МыдэIонхэу, насыпынчъэхэу къэхъугъэ тхьамыкIэх! МодыкIэ, хыIушъомкIэ, ахэр яшIоигъоныгъэ пыщытынхэ алъэкIыгъэп ыкIи джы ябыбынкIэ чIыпIэ къин ифагъэх. Егъэлыягъэу зэрэхьылъагъэхэм кIэухэу фэхъущтыгъэр зы: къефэхыхэти хыпсы куум хэкIуадэщтыгъэх.

ЕтIани ащ къыхэхьажьыгъ пчыкIэ зыхэт хыоешхоу къыублэгъагъэр. Джы шъэ пчъагъэ хъухэу пцIашхъохэр хым хафэщтыгъэх, нахь псынкIэхэмрэ кIуачIэ зиIэхэмрэ арых зыкъэзыгъэнэжьын зылъэкIыщтыгъэхэр, нахь хъыбыйхэр зэкIэ хэкIуадэщтыгъэх. ДэIонхэу зэрэфэмыягъэхэм къыхэкIэу ахэр зэкIэ хычIэ щынагъом ыдырыгъэх. ЫкIи ащ нахьыбэрэ алъэгъужьыгъэхэп ахэмэ яхэгъэгуи янабгъохэри.

ПцIашхъохэм афэмылъэкIыжьыхэу зыщыхъугъэхэ дэдэм ахэмэ чыжьэкIэ къалъэгъугъ къухьэ горэ ыкIи пстэуми а лъэныкъомкIэ задзыгъ. Ар зэрэгушIогъошхуагъэр! Шъыпкъэ, матросхэр а хьакIэхэм ащыгушIукIыщтыгъэхэп, ау къухьэм исыгъэ гъогурыкIо цIыфхэм лъэшэу ягопагъ пцIашхъохэм яцIырщыр макъэ ыкIи яхэгъэгу шIуфэс фарагъэхьыщтыгъ. ЗэкIэ пцIашхъохэр а сыхьатым къухьэм тетIысэхынхэу чIыпIэр икъущтыгъэпти, чэзыу-чэзыоу загъэпсэфыщтыгъ.

Бэ темышIэу икIэрыкIэу пчыкIэр къыхэтхъопсыкIыгъ ыкIи ащ дэжьым пцIэшхъо пстэуми къащыхъугъ джыдэдэм ахэр хэкIодэнхэу.

– Хьау, псэоу тыкъэнэщтых! – пацэ губзыгъэхэр

куощтыгъэх. – Шъуицыхьэ тежъугъэлъ ыкIи Тхьэм шъуелъэIу: Зиусхьаным кIуачIэ къытхилъхьащт.

Ащ дэжьым ошIэ-дэмышIэу апэ итэу быбыщтыгъэ пцIашхъохэр къэкууагъэх:

– ЧIыгур тэлъэгъу! ЧIыгур тэлъэгъу!

ЫкIи зэкIэ бзыу купышхом игушIогъо макъэ зыкъиIэтыгъ. Аужрэ кIуачIэр зэлъырахьылIагъэу джы быбыщтыгъэх. Ау нэпкъым нэсыгъэхэр гъунэм нэсэу кIуачIэ къахэзылъхьэрэр зышIошъ хъугъэхэр арых. Адрэ пцIашхъохэу гугъапIэ зимыIэжьыгъэхэр къефэхыщтыгъэх ыкIи аужыпкъэм Европэм инэпкъ дэдэ дэжь щыхэкIуадэщтыгъэх.

Нэпкъым нэсыгъэхэм тIэкIурэ загъэпсэфи зыкъызашIэжьым, зэкIэри икIэрыкIэу къэзэрэугъоигъэх. Зэраублагъэр Тхьэм ынэшIоу къащифагъэм ипэгъокI тхьэлъэIумрэ гушIогъо зэрэзэгъэчэфымрэ арых. Джырэ нэс ахэр зэкIэ зэгъусагъэх, ау джы шъхьадж ылъэныкъокIэ зигъэзэжьын фэягъэ, хэти ежь къызыщыхъугъэ чIыпIэр къежэщтыгъ.

Бзыу купышхом хэтыгъэх Англием, Францием, Германием, Австрием, Урысыем, Венгрием ыкIи нэмыкI хэгъэгухэм къарыбыбыкIыгъагъэхэр. Нахьыпэ рапшIэу хэгъэгухэмкIэ, етIанэ хэкухэмкIэ, аужыпкъэм къалэхэмкIэрэ къуаджэхэмкIэрэ загощыжьыгъ.

ЗэгокIыжьынхэм ыпэкIэ зэкIэ пцIашхъохэм пащэу яIагъэхэм зэрафэразэхэр араIуагъ, етIанэ IаплI зэращэкIыжьи, куп пэпчъ илъэныкъокIэ быбынэу зиIэтыжьыгъ. Зэрэбыбыхэзэ, зым зыр еджэжьыщтыгъ:

– Тыда шъо шъузыдэбыбыжьырэр?

– Петербург!

– Адэ шъоры?

– Рим!

– Вологда!

– Париж!

– Тхьэр гъусэгъу шъуфэхъу! Шъуигъогумафэх! Шъубыб шъуапэкIэ!

Джаущтэу Африкэм къибыбыкIыжьхи, хы шъуамбгъори къызэпачи, пцIашхъо пэпчъ ихэку, икъалэ ыкIи икъуаджэ, инабгъо быбыжьыгъэ. Ахэр тэ тикъуаджи къэбыбыжьыгъэх, тиунэшъхьэ чIэгъыхэм къачIэхьажьыгъэх. Къэбыбыжьыгъэх гушIогъошхо ащыхъоу, ащ ипэгъокIэу тэри тафэчэфэу апэдгъохыжьыщтыгъ:

– Ей, пцIашхъохэр къэбыбыжьыгъэх! Арышъ, шIэхэу гъэмафэри къэсыщт.

– Джаущтэу, кIэлэцIыкIухэр, пцIашхъохэм ядэжь къагъэзэжьыгъ, – къыухыгъ Мефодие икъэбар. – Шъори ащ фэда шъуадэжь зэрэжъугъэзэжьыщтыр? Ей, зыгорэкIэ шъуегупшысэмэ шIэ, шъуиунэмэ шъуарысэу ыкIи егъашIэми шъуарымыкIынэу.

– Хьау, – нахь кIэлэцIыкIу такъырыIохэм ащ дырагъэштагъэп, – тэ зэкIэми тылIэжьын фае!

– ЕтIанэ сыда хъущтыр?

– ЕтIанэ бэным тыдалъхьэжьыщт! – къызэдэкууагъэх ахэр.

– Уашъом тыдэкIоежьыщт! – къаIуагъ нэмыкIхэм.

– Ары, уашъом, тихэку тыкIожьыщт. Ау сыдэущтэу къышъуущыхъура: шъо уашъом шъуифэпэнэу ара? Ащ пае сыда пцIашхъохэм ашIагъэр?

– Ахэр Тхьэм елъэIущтыгъэх ыкIи Тхьэм ишIоигъоныгъэ агъэцакIэщтыгъ.

– Бэдзэнэшъу бащэ ашхыщтыгъэп, – ащыщ кIэлэцIыкIу горэм къыIуагъ.

– Арышъ, шъугу ишъуубыт: шIур зыдэщыIэ хэкум

кIожьымэ зышIоигъом ежь зыфаер арэп ышIэнэу щытыр, Тхьэм шIоигъор ыгъэцэкIэн фае нахь, Тхьэм ымыдэрэр ащ ышIэ хъущтэп. Тэ тшъхьэ паеп ныIа тызыфэпсэурэр, чIыгум Тхьэм тыщыфэIорышIэнэу ары нахь. КъысфэшъуIуатэлъ КъэбарышIум щыщ усэу шъозгъэшIагъэр!

– „ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм яшIуагъэ ежьым зэригъэкIыжьыныр арэп къызфэкIуагъэр, ежьым ишIуагъэ цIыфхэм аригъэкIыныр, цIыфыбэхэми апае ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытыныр ары нахь“ (Маттэ 20:28), джыри „ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызфэкIуагъэр цIыфхэу кIодыгъэхэм алъыхъунышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр ары“ (Лука 19:10).

– Адэ шъо шъошIа ЦIыф Лъэпкъым а Ыкъо? – къэупчIагъ Мефодие.

– Ары, Ар Зиусхьанэу Исусыр ары! – къэзэрэгъэкууагъэх кIэлэцIыкIухэр.

– Хэта къыгъэнэжьынэу Ар къызыфэкIуагъэр?

– Тэры!

– Ары, тэры! Оры, сэры, къытпэблагъэхэр, типыйхэр, зэкIэ цIыфлъэпкъыр. Джа къызэрэсIогъагъэу, ар къэкIуагъ типсэкIодшIагъэхэм апае къащым щылIэнэу. Хэти Исусым игъогу рыкIорэр Къэгъэнэжьак Iом тызыфигъасэрэм егупшысэнэу, ар зэхишIэнэу, ащ тетэу зекIонэу ыуж ит. А цIыфыри мыкIодэу Исус къегъэнэжьы, ащи ригъэпщынэжьыщтэп. Ар гушIогъошху. Тхьэр зышIошъ хъурэ пэпчъ ихэку, инэбгъо кIасэм фэдэу уашъом зэрэлъыIэсыщтым пылъ. Джы шъхьадж иIоф ыуж ерэхьажь: шъуибылымхэр муары мэгумэкIых. ЫкIи зыщышъумыгъэгъупш хэгъэгу чыжьэм щыIэгъэ пцIашхъохэм яхэку къызэрагъэзэжьыгъэ шIыкIэр. Шъузыфэсакъыжь ыкIи дэгъоу шъугу ишъуубыт акъыл зиIэ пцIашхъо-

хэр ары ныIэп а гъогу чыжьэр къызэпачын зылъэкIыгъэхэр. НэмыкIхэу гъогууанэу апэ илъыр ашIомыIофэу зекIуагъэхэр е ащ емыгупшысахэщтыгъэхэр хым чIэбыгъэх.

КIэлэцIыкIухэр зым ыуж адрэр итэу яIэхъогъухэр зыдэщыIэ гъэхъунэ мыиным чъагъэх, мыдрэ Мефодиерэ Самкорэ ягупшысэ куухэм ахилъэсагъэхэу язакъоу къэнагъэх.

– Ей, къэдаIу, Мефодий, – зэкIэм Самко къыIуагъ, – пцIашхъохэм афэгъэхьыгъэ къэбарэу къэпIотагъэр гъэшIэгъон дэд! А къэбарыр тэ тадэжь, уашъом, къызэрэдгъэзэжьыщтыр арымэ зэхьылIагъэр, ащыгъум мыщ, Градовэ щыпсэухэрэмкIэ, егъашIэми гъогу шъыпкъэ тытетыгъэп ныIа?

– Ара о къызэрэпщыхъурэр? Сыд пае? – гушIом ищхыпэ Мефодие ынэгу рычъагъ.

– Сыда пIомэ ягъогу техьанхэм ыпэкIэ зэкIэ пцIашхъохэм Тхьэм ынэшIу къащифэнымкIэ, Ащ итхьэлъэIукIэ къырагъэжьэгъагъэшъ ары. Тэ умышIэмэ мыщ егъашIэми тыкъэнэщтым фэдэу, ти „Африкэ“ тыщэпсэу. Тэ зыпари тхьэлъэIукIэ едгъажьэрэп ыкIи тхьэлъэIукIэ тыухыжьрэп. Сымыгъуащэрэмэ, тэ тиIофхэм тхьэлъэIуныр зыкIи къякIухэрэп: нэмыкI шъыпкъи щыIэкIэ-псэукIэу тиIэр.

– Сыда адэ ар къызыхэкIырэр? Зиусхьаным тэ нахь макIэу шIу къытфешIа, бзыу цIыкIухэм анахьи? Ащ ифэшъуашэба тэ дгъэлъэпIэнэу? Ащ кIуачIэ иIэба тэ тызыпылъ Iоф зафэмкIэ ишIуагъэ къытигъэкIынэу?

– Ащ тэ тегупшысэрэп. ЧIыхъумбыйнэшъухэм тафэдэу шIункIым тыщэпсэу, нэфынэр тыгу къэмыкIэу.

– ОшIа, Самко, пцIашхъохэм яхэгъэгу къагъэзэ-

жьыным ыпэкIэ зэгъусэхэу тхьэлъэIу ашIыщтыгъ. Мы Градовэ зэкIэ къоджэдэсхэр къыщызэрэугъоинхэшъ, зэгъусэхэу тхьэлъэIу ашIызэ, Тхьэм зыратынышъ ыкIи „хым зэпырыкIыхэу нэпкъым нэсынхэм“, тыпсэхэр мыкIодхэу къызэрэдгъэнэжьынхэм пае Ащ кIуачIэ къытетыфэкIэ уежэныр, енэгуягъо, джыри пэсащэкIэ. Ау сыолъэIу, къысаIу: аущтэу зыкIи зэрэкъуаджэу джырэ нэс ымышIагъэмэ, титIо тызэгъусэу джыдэдэм ар тэ едгъэжьэн тлъэкIыщтба?

– Мыщ дэжьми? Джыдэдэми? Сэ къызэрэсшIошIырэр чылысым тхьэлъэIу щыпшIыныр нахь тэрэзэу ары.

– Джыдэдэм орырэ сэрырэ чылыс шъыпкъ тызыдэщыIэр. Чылысэу цIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэр арэп мыр, Ежьым Тхьэм ыгъэпсыгъэр ары. Тхьэр сыдигъуи, тыди щыI ыкIи зэрэдунаеу Ащ ичылыс шIагъоу щыт. Ау уегупшысэу къыхэкIыгъа?..

– Ары, къыбдесэгъаштэ, ау сэ джыдэдэм Тхьэм селъэIушъущтэп! Сэ сшIэрэп сызэрелъэIущтыри сызфелъэIущтыри.

– УкIытэ! Тхьэм епIощтыр умышIэуи? Унэм узыщисым уянэрэ уятэрэ уадэгущыIэба? ЫкIи ахэмэ япIощтыр ошIэ. Мэфэ зытIу горэм ахэмэ уадэмыгущыIэу зэпыпчыгъагъэмэ, зэщыгъо, къиныгъо пфэхъуныгъи. Сыдэущтэу хъура уашъом щыIэ Тым епIощт гущыIэхэмрэ гупшысэхэмрэ умыгъотхэу? Хъураеу зыплъыхь! Куоу зыпыплъыхьажь! ЗэкIэ шIугъэу, дэгъугъэу пхэлъ щыIэмэ, Ащ къыуитыгъэх. Адэ хэта о дэигъэу, гоштэгъуаджэу, шIоигъэу пхэлъхэр зыхэбгъэзыжьынхэмкIэ, шIоигъэу къыптехьагъэр птекIыжьынымкIэ кIочIэгъу къыпфэхъущтыр? Сыда о пфыримыкъурэр щыIэныгъэм ихы узэпырыбыбыкIынышъ, шъуадэжь, уашъом укIожьынымкIэ?

Хэта ащ пае о кIуачIэ къыозытыщтыр? Тхьэр ары – сыдигъокIи тыдэкIи щыIэ Тхьэр ары, зэкIэми зэдытыеу уашъом щыIэ Тят ары. Арэу зэрэщытызэ, о ащ епIощтыр пшIэрэп, ара? ТхьэлъэIу зэрашIырэр пшIэрэп, ара? Уашъом екIурэ гъогур къыуагъэлъэгъунэу уимыщыкIэгъэнэуи? Адэ уищыкIагъэба кIуачIэ, гушIуагъоу, шъыпкъагъэ хэлъэу, Тхьэр зэрэфаем фэдэу уищыIакIэ бгъэпсыным пае. Аужыпкъэм, о зэхапшIэрэба гоштэгъуаджэу узэрэщытри, щIоигъэ угу зэрилъыр. Ащ пае укIэгъожьынэу угъынэу ыкIи къыпфигъэгъунэу Тхьэм уелъэIунэу уфаеба?

Самко зи къыIощтыгъэп. Ынэгу гупшысэм зэлъиштэгъагъ, ынэхэр чыжьэу плъэщтыгъэх: ышъхьэ етIупщыгъэу Iоф ышIэщтыгъ...

Зэныбджэгъухэр кIэсэ хьазыр хъугъэу мэзым къикIыжьыгъэх. Гупшысэ куум хэтэу унэм къихьажьыгъэ Самко гу лъитагъэп ащ янэ-ятэхэр зэхъокIыгъэ зэрэхъугъэхэм: ныр гушIуагъом зэрихьэу, къеIэсэкIызэ къызэрэдичъыхьэщтыгъэм, тыр бэкIэ нахь шъабэу къызэрэфыщытыгъэм. Ар яунэ идэкIояпIэ тетIысхьи, унэ ихьапIэм ипхъэшъхьакIэ ычIэгъ набгъоу иIэм пцIашхъохэр зэрибыбэхэрэм – къызэрибыбыкIыхэрэм яплъэу ригъэжьагъ. Ащ дэжьым кIалэм ытхьакIумэхэм арытыгъэр зы макъ: „ПцIашхъохэм ядэжь къагъэзэжьыгъ!“..

– Ей, – хэщэтыкIыгъ ар, – аущтэу илъэс къэси хъущтыгъэ нахь мышIэми, сэ къызгурыIощтыгъэп бзыухэм афэдэу сэри уашъом щыIэ Тятэ иунэ згъэзэжьын зэрэфаер ыкIи а гъогууанэм дэгъоу зыфэзгъэхьазырын фаеу зэрэщытыр!

– Тхьэм ыдэжь екIурэ гъогур кIыхьэ ыкIи ар цIыфхэм лъэшэу зэхалъэшъуагъ! – мэзым къыхэкIы-

жьхэ зэхъум ащ Мефодие къыриIогъагъ. – ЗэкIэми апэу анахь ищыкIагъэр Тхьэм игъозэ карт ары. А картыр – Тхьэм и ГущыIэхэр, Исус Христосым цIыфхэм аригъашIэрэ Iофхэр. ЗэгъашIэ а картыр! ГущыIэм гущыIэр кIэлъыкIоу зэхэфы, гурышэ-гурышэу зэгъэзафэ ыкIи а лъэныкъомкIэ о кIо ыкIи нэмыкIхэри зылъыщэх!

Мефодие а игущыIэхэр Самко ыгу къэкIыжьыгъэх ыкIи егупшысагъ: „Ар тэрэз, джары щыIэ закъор ыкIи ищыкIагъэр тищыIэныгъэ игъогу тэрэз урытехьанэу: тхьамыкIэгъо закъор сэ зи зэрэсымышIэрэр ары, ерагъэу хьарыфхэр зэхэсэшIыкIых ныIэп. Нахьыпэ рапшIэу сэр-сэрэу Тхьэм икарт, Тхьэм и ГущыIэхэр зэзгъэшIэщтых, ахэр къызызгурыIохэрэ нэужым нэмыкIхэм сэ сшIагъэр зэхязгъэшIыкIыщт“.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

Джурт лIыжъэу Давид иунэжъ цIыкIу ыпашъхьэ ит дэшхо чъыг бырэбэшхом ычIэгъ чIэсыгъ ыкIи лъы зыкIэмытыжь ыIэхъомбэ псыгъохэмкIэ ихьэцIыкIу пае хьалыгъу гъугъэр ыгъэушкъоищтыгъ. ЛIыжъ тхьамыкIэр шъхьэзэкъуагъ. Зэрэдунаишхоу зы нэбгырэ закъуи къыпэблагъэу щыриIагъэп, зи ыгъэлъэпIэнэу къыщыфэнэгъагъэп.

Шъыпкъэ, ащ иIагъэх унэжъ цIыкIуи, чъыгхэтэ мыини, дэшхо чъыги тетIысхьапIэ чIэтэу, ау а пстэури игупсагъэп. Ихэгъэгу чыжьэу кIэрычыгъагъ, ежь мы чIыпIэм къэкощыжьыгъэу щытыгъ ыкIи иныдэлъфыбзэкIэ зыми дэгущыIэн ылъэкIыщтыгъэп.

Мыщ ар жъы щыхъугъ нахь мышIэми, гупсэ фэхъугъэп.

ЕжьыркIэ тIури зыгъэ къыфэнэжьыгъэ уахътэр зыщыкIощтыр. Къуаджэм ащ ыгу епхыгъэу къэзыубытырэ щыIагъэп. ЦIыфхэр къесэжьыгъагъэх, ежьыри ясэгъагъ, ау бгъуитIумкIи шIулъэгъу зэфыряIагъэп. НэмыкIэуи сыдэущтэу хъун ылъэкIыщтыгъа: ар джуртыгъи! КIымафэм сымаджэу зыщэлъым игъунэгъухэр ащ щыгъозагъэх, ау ащыщ горэми зэ нахь мыхъуми ыдэжь къихьагъэп: сыда джуртым ахэмэ Iофэу дыряIэр? Мефодие закъу къылъыкIощтыгъэр, ари къуаджэм къэкощыгъэу щытыгъ. Мефодие сымаджэм къыдекIокIыщтыгъ. Джыри зэпимыгъэоу ыдэжь макIо, зыщидзыерэп джурт лIыжъым. Ащ пае мо лIыжъыр ащ инэу къыфэрэзагъ.

Мефодие ихьатыркIэ Давид зэхэшIэ гурыIогъуае горэ ыгукIэ зэхишIэгъагъэ. Джурт лIыжъыр хьадэгъум ежэу щылъыгъ ыкIи егупшысэщтыгъ цIыфхэмкIэ ежьым ыгу лIагъэу зэрэщытым. Ау ошIэ-дэмышIэу ар джы къэпсэужьыгъ. Ащ ыгу къыгъэфэбэжьыгъ ежьыркIэ хымэ шъыпкъэу щытыгъэ цIыфым, етIани ар чыристан кIэлакIэу щытыгъ.

АпэрэмкIэ лIыжъыр, чыристанхэм хьазабышхо зэрагъэщэчыгъэ джурт шъыпкъэхэм зэряшэнэу, ошIэ-дэмышIэу нэфыпсым фэдэу къыфыкъокIыгъэм изекIуакIэхэм цыхьэ афимышIэу афыреплъэкIыщтыгъ.

Адрэ игъунэгъухэм ежьхэмрэ Ондрачик ичыракIорэ зэрэзэтекIыхэрэ щымыIэу алъытэщтыгъэми, джурт лIыжъ Iушым гу зылъитэщтыгъэр фэшъхьаф. Ащ гу зылъитагъэр апэрэ мафэу кIалэм псынэм псы къырихи къызыщыфихьыгъагъэр ары. Ар нэужкIэ

иунэжъ тхьамыкӀэ къыдини, къыдэгущыӀагъ, мо лӀыжъыр зэкӀэми анахьэу шӀу ылъэгъурэм фэдэу.

Зызакъу джурт лӀыжъыр зытещыныхьэщтыгъэр: адрэ кӀэлэ ныбжьыкӀэхэм афэдэу мыдрэми дагъохэр ыкӀи хэтэкӀо шэн Ӏаехэр иӀэмэ ары. Ау джырэ нэс Мефодие ишэн-гъэпсыкӀэкӀэ зыгори епӀолӀэн умылъэкӀынэу щытыгъ. КӀэлакӀэр ешъощтыгъэп, Тхьэм иунашъохэр ышӀэщтыгъэх ыкӀи ыгъэцакӀэщтыгъэх мафэм мафэр кӀэлъыкӀоу. Джурт лӀыжъым ышӀэщтыгъ чыристан кӀэлакӀэм, зытет шъыпкъэмкӀэ, цӀыфхэр зэкӀэ шӀу зэрилъэгъухэрэр. Ар шъэфэу Мефодие лъыплъэщтыгъ ыкӀи нэужым ышӀошъ хъугъэ ащ ишӀуагъэ зэримыгъэкӀыгъэ гъунэгъу зэримыӀагъэр.

– МыкӀы, – къыӀуатэщтыгъ чэщ къэрэгъулэ лӀыжъым, – пхъэӀаплӀыр саплӀэӀу илъэу мэзым сыкъикӀыжьызэ, Ондрачикхэр кум исхэу къыскӀэхьагъэх ыкӀи ащ дэжьым Мефодие коу зэрысым къипкӀи, ежьым ычӀыпӀэкӀэ сэ сыригъэтӀысхьагъ, ежьыр лъэсэу, кум къыготэу, иунэ нэс къыддэкӀожьыгъ.

Гъатхэм илъэхъан Ондрачикхэм ячӀыгу щыжъохэ зэхъум зынахь ябгэ мыхъужьырэ шъузабэу Глинаркэ ичӀыгу хьасэ пэгъунэгъоу Ӏоф щишӀэн фаеу хъугъагъэ. Шъузабэм зэкӀэри щыщынэщтыгъэх, сыда пӀомэ ар Ӏэе дэдэу цӀыфхэм яцӀацӀэщтыгъ. Мефодие шъузабэм ичӀыгу фижъуагъ. Ащ ыпэкӀэ зыми къышӀэжьырэп мо бзылъфыгъэм шӀу горэ нэмыкӀхэм фашӀагъэу. Мыдрэ хымэ кӀэлакӀэр ащкӀэ апэрэ хъугъэ.

Шъыпкъэ, ахэр зэкӀэ Ӏоф цӀыкӀу-шъокӀугъэх, ау сыда нэмыкӀэу фызэшӀохыщтыгъэр ежьыр ӀофышӀэ къызэрыкӀоу щытыгъэ нэмыӀэмэ. Ащ емылъытыгъэу зыгорэ къин зэрэхэтым гу лъитагъэмэ, иӀэпыӀэгъукӀэ лъигъэӀэсыщтыгъ, фэлъэкӀырэр ыгу къыдеӀэу

фишIэщтыгъ. КIэкIэу къэпIон зыхъукIэ, ежьым фэлъэкIыщтымкIэ къогъанэ иIагъэп.

Джуртыр лъыплъэщтыгъ кIалэр зыфэдэ лэжьакIо хъущтым. Мефодие джы охътэ шIукIае тешIагъэу къуаджэм щыпсэущтыгъэти, Давид лIыжъым ылъэгъущтыгъ а кIалэм фэдэу Ондрачикхэм ямахъулъэхэр хъызмэтзехьаным зэримыгъэгумэкIыщтыгъэхэр. Унэ кIоцIыр арми, щагур арми, зыгорэ ащышIэгъэн е ащыгъэтэрэзыжьыгъэн фаеу гу зылъитэрэм, ащ дэжьым бысымыр а Iофым ыуж ригъэхьагъ. Ибрахьим иунэIутэу Библием зигугъу къыщишIырэри ащ фэдэ шъыпкъэу и Зиусхьан къулыкъу фишIэшъуныеп мыдрэ чыракIор мэкъумэщышIэ акъылынчъэм зэрэфэлажьэщтыгъэм фэдэу.

Ондрачик акъылынчъэу ары Давид зэрилъытэщтыгъэр. Джурт лIыжъым бэрэ ылъэгъущтыгъ игъунэгъу иIофхэр дэеу зэрэкIэкIыхэрэр, ау ащ IэпыIэгъу фэхъунэу зэуи ыгу къихьэщтыгъэп. Сыда ежьым иIофэу хэлъыр хымэ дин зылэжьырэм? А гъунэгъур ежьым къызэрэфыщытыгъэм фэдэкъабзэу джуртыри гъунэгъум фыщытыжьыгъ.

Мефодие фэшъхьаф цIыфэу щытыгъ. Джуртым ылъэгъущтыгъ бысымым нахьи, ащ ичыракIо зэрэнахь Iушыр. Ащ емылъытыгъэу Давид зэгорэми зэхихыгъэп дахэрэ шIулъэгъоу фыриIэмрэ афэшъхьафкIэ кIалэм Ондрачик игугъу ышIэу.

Ишэн-зекIуакIэкIэ къэбзагъэу кIалэм хэлъыгъэм зыгорэ пыпIухьан плъэкIынэу щытыгъэп. Ар ныбжьыкIагъ, мыдрэ Ондрачик зы пшъашъэ, Петрачхэм – пшъэшъитIу яIагъ. Псынэу зэдагъэфедэщтыгъэр джуртым ишъханыгъупчъэ дэжь щытыгъ. ЛIыжъым бэрэ ылъэгъущтыгъ пшъэшъиищыри псынэм къызэрэзэдакIощтыгъэхэр ыкIи кIалэм ахэ-

мэ псы къызэрафырихыщтыгъэр. Пшъашъэхэр ащ IугушIощтыгъэх, ежьыри ыгу къафэкъабзэу, ашы фэдэу аIугушIожьыщтыгъ. Джурт лIыжъым фэмыхъукIэ кIалэр Мысырым щыIэгъэ Юсыф ригъапшэщтыгъ. Петрач ыпхъухэр зыми емынэгуехэу щытыгъэх нахь мышIэми, ахэми Мефодие ишIуагъэкIэ нахь укIытагъо къахафэу хъугъагъэ, етIани анахьэу ар Самко дэжь кIоу зырегъажьэр ары.

А пстэумэ Давид ыгу кIалэм фэщагъэ ашIыщтыгъ. Джары блэкIыгъэ тхьэмафэм кIалэр ащ ыдэжь къызехьэм, джурт лIыжъыр лъэш дэдэу зыкIэгушIуагъэр: ащ Мефодие ичIыфэ телъэу елъытэти, ащ шIулъэгъоу фыриIэр зыгорэкIэ зэхыригъашIэ шIоигъуагъ. Джы кIэлакIэр ежьым къелъэIунэу къэкIуагъэу къычIэкIыгъ: джурт лIыжъым сатыу Iофымрэ лъытакIэрэ Самко ригъэшIэнхэу арыгъэ ар зыфэягъэр.

Дунаим зы нэбгыри къытекIыныепщтын, сыд фэдизэу къелъэIугъэхэкIи шIулъэгъоу фыриIэм ихьатыркIэ Давид ишIуагъэ зыгорэм ригъэкIынэу, ау мызыгъэгум къыфэкIуагъэр Мефодиети, игуапэу ыкIи ыгъэныбджэгъузэ ащ къеуцолIагъ. КъеупчIыгъ ныIэп:

– Сыда ащ фэдизэу гъунэгъум узыкIыфэгумэкIырэр? Сыда ащ о Iофэу дыуиIэр. Ащ ны-тыхэр, Iахьылхэр иIэх, ахэр ежь Самко фэрэгумэкIых.

Ащ ипэгъокIэу гущыIэ дысхэу Петрач лIыжъыр зэригъэмысэхэрэр Мефодие къыжэдэкIынхэу ары Давид къышIошIыгъэр, ау фэшъхьаф зэрэхъугъэр. ЧыракIом рэхьатэу къыIуагъ:

– ОшIа, сигъунэгъу. Исус Христосым моущтэу тигъасэщтыгъ: „ЗэкIэ о угукIэ Зиусхьанэу уи Тхьэр шIу лъэгъу, о пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу,

уигъунэгъури шIу лъэгъу“. Сэ, гущыIэм пае, сыхъыбэеу, сыамалынчъэу сыщытыгъэмэ, сэрыкIэ гопэ дэдэ хъуныгъи зыгорэм ишIуагъэ къысигъэкIыгъэмэ, СамкокIэ джары сэри сызэрегупшысэрэр. Шъыпкъэ, ятэ-янэхэм ар шIу алъэгъу, ау сыда пшIэщтыр ахэр кIалэм IэпыIэгъу фэмыхъушъугъэхэмэ? СэшIэба сэ ащ ищыIэныгъэ нахь зэрэфэбгъэпсынкIэшъуштыр. Тхьэм гукъэкIышIу сшъхьэ къыригъэхьагъэр ыкIи сэ зэрэслъытэрэр ар згъэцэкIэн фаеу сипшъэрылъэу ары.

Давид къеуцолIагъ. ЗэкIэ кIэлакIэм къыIорэр ыкIи ышIэрэр лIыжъым шIотэрэзыгъ ыкIи ыгу рихьыщтыгъ. Джурт лIыжъым зы ныIэп ыщэчын ымылъэкIыщтыгъэр: ащ Исус Христос игугъу зэришIыщтыгъэр. ЧыракIом ренэу ащ къыфиIуатэщтыгъ Исус Христосым фэгъэхьыгъэу. Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэм (Ветхий Завет) къеджэ хъу къэси, Исус Христосыр щысэкIэ къызыфигъэфедэщтыгъ ыкIи ипсалъэхэр а зы гущыIэ дэдэхэмкIэ къыухыжьыщтыгъэх:

– Ти КъэгъэнэжьакIо тэ шIу телъэгъу.

ЛIыжъыр фэегъахэп а гущыIэхэм къарыкIырэм егупшысэнэуи. Ахэр ышъхьэ къыридзышъунхэкIэ ышIагъэемэ, нэужым ныбжьи ыгу къыгъэкIыныхэеп. Ар ежьым зыфэгубжыжьыщтыгъ а къэбархэм зэрыт тхылъым къеджэнэу кIалэм фитыныгъэ зэрэритыгъэмкIэ: къэбархэу Пшъашъэм Ыкъоу щытыгъэм, псэкIодым – блэм ышъхьэ Пызыутын фэягъэм, Ибрахьим къытехъукIыгъэм ыкIи Давид Ыкъоу щытыгъэм, зэрэдунаеу ипсэкIод Ежьым ыпшъэ изылъхьажьыгъэм ыкIи МессиекIэ зэджэжьыгъэм ехьылIагъэхэм.

Мефодие къызэриIуатэщтыгъэмкIэ, ащ ылэжьы-

рэр дин шIэгъуагъ. ШъыпкъэмкIэ, ар шIулъэгъум идинэу щытыгъ. Iэзэгъу уцэу ар джурт лIыжъым ыгоу шъхьакIом жъалымэ ышIыгъэм мэкIэ-макIэзэ хэхьагъ. НахьыпэкIэ Исус Христосым цIыфхэм аригъашIэщтыгъэм фэгъэхьыгъэу Давид къыфаIотэнэу къыфежьэгъагъэхэмэ, щэч хэмылъэу ар кIэнэкIалъэ ышIыныгъи. Сыда зыпIокIэ зэкIэ зыдэпсэухэрэм чыристанкIэ залъытэжьыщтыгъэми, Исусым зэригъасэщтыгъэхэм хэти арыгъуазэщтыгъэп.

Ахэр цIацIэщтыгъэх, зэзаощтыгъэх, тыгъощтыгъэх, цIыфхэр аукIыщтыгъэх, хьыкумкIэ зэдаощтыгъэх, зыми зи фигъэгъущтыгъэп. Ахэр чылысым кIощтыгъэх, ау Тхьэм иунашъохэм атетэу узэрэпсэун фаем ехьылIагъэу къащыраIорэр агъэцакIэщтыгъэп.

Къуаджэм чылыситIу дэтыгъ: католикхэм ыкIи евангелхэм яехэр ыкIи чыристанхэм пхъэтэпэмыхь ашIыщтыгъ адрэхэм яехэр, ау ащ емылъытыгъэу ежьхэм аIощтыгъэр шIулъэгъумрэ гукIэгъумрэ цIыфхэм афэзыхьырэ диным фэшъыпкъэхэу ары. Давид лIыжъыр афэгубжыныгъи ахэмэ ащыщ къыкIэрыхьэу, Исус Христосым зыфигъасэхэрэр къыфызэIуихынэу фежьэгъагъэмэ. Ахэмэ яшIошъхъуныгъэ ежьхэм ящыIэныгъэ фигъэдэныгъи. Ау мыдрэ кIэлэкIэ гохьэу нэмыкI чIыпIэ къикIыгъэр ишIошъхъуныгъэ къызэриIоу псэущтыгъ: ащ Христосыр шIу ылъэгъущтыгъ ыкIи Ащ зыфигъасэхэрэм рыгъуазэщтыгъ. Давид ар дэгъу дэдэу ышIэщтыгъ. Адэ ежьым изакъоу аущтэу ешIымэ, адрэхэри ащ фэдэу зекIонхэ алъэкIыщтба? Сыда мыдрэ зы нэбгырэмрэ адрэ нэмыкIхэмрэ азыфагу ащ фэдэ зэтекIыныгъэ зыкIилъыр?

ЛIыжъыр бэрэ ащ егупшысагъ. Ау зыфэе джэуапыр хэти къыритыжьын ылъэкIыщтыгъэп.

– Уипчыхьэ шӀу! – пэмычыжьэу макъэ къыщыӀугъэу зэхихыгъэ.

ЛӀыжъым ынапӀэ къыӀэтыгъ: ыпашъхьэ итыгъ джыдэдэм зэгупшысэщтыгъэ кӀалэу шӀэхэу ылъэгъунэу зыщымыгугъыщтыгъэр.

– Ащ фэдэу псынкӀэу уадэжь сыкъэкӀон слъэкӀыщтыми сшӀагъэп, синыбджэгъу.

– Сэри джы бэрэ сыожэщтэу къысщыхъущтыгъ.

ЛӀыжъым ынэгу зэлъагъэ нэфыпс бзыир рычъагъ ыкӀи нэгушӀоу тетӀысхьапӀэм щылъыкӀотагъ.

– КъэтӀыс! СшӀэмэ сшӀоигъу Петрач узэрезэгъыгъэр.

Мефодие тӀысыгъэ ыкӀи зэхэугуфыкӀыгъэу пстэури къыфиӀотагъ.

– Хэта зышӀэрэр, хэта зышӀэрэр, – гупшысэм хэтэу шъхьащэ ышӀыщтыгъ джурт лӀыжъым, – Ӏофыр зэхъокӀыгъэ хъун шъуӀуа?

– Сэ нахьышӀум сыщэгугъы. Ӏофыр къызэрикӀыным пае Тхьэм селъэӀугъ ыкӀи сицыхьэ телъ ситхьэлъэӀу къызэхихынэу.

Джаущтэу ахэр тӀэкӀурэ зызэдэгущыӀэхэм нэуж хэкӀыпӀэ хъущтым, Петрач иӀоф зэриублэщтым лъыхъоу лӀыжъым ежь-ежьырэу ригъэжьагъ. Джурт лӀыжъым ыгу къэкӀыжьыгъ нахьыпэм сатыу зэхэщэнымкӀэ шӀыкӀэкъулаеу ӀэкӀэлъыгъэхэр.

– Сигъунэгъур, – ыгъэшӀагъоу Мефодие къыӀуагъ, – мы чӀыпӀэм сатыушӀыныр дэгъоу щырекӀокӀымэ, сыда о пшъхьэкӀэ ащ ыуж узыкӀимыхьагъэр? Сыда оркӀэ тхъагъоу хэлъыр хъэдэныжъхэм яугъоин упылъыным?

КӀалэм гуфэбэныгъэ хэлъэу лӀыжъым ыӀэхэр ыубытыхи, ошӀэ-дэмышӀэу нэшхъэй куум зэлъиштэгъэ ынэгу кӀэплъагъ.

– СатыушIыным сыда ыуж узыкIимыхьагъэр, оIуа? Сэри сыкъыоупчIы сшIоигъу, сыд пая ыкIи сыдэущтэу ар резгъэкIокIыщтыгъа? Сыд пая ыкIи хэт пая сызыкIэгумэкIын фэягъэр? Сэ сышъхьэзакъу, шъоф нэкIым ит чъыгы закъом фэдэу. Сшъхьэ сIыгъыжьынэу, сшхын тIэкIу къырысылэжьынэу Iоф тIэкIу ныIэп сищыкIагъэр. Зыми сыпымылъыгъэмэ, сишъхьэзэкъуагъэрэ сигукъаорэ сарылIыкIыныгъи. Арыти, сфэшIэшъущтыр сшIэщтыгъ. Ау сыда о ахэр сыгу къызыкIэбгъэкIыжьыгъэхэр?

ЛIыжъыр къыкIырыуи ыIэхэр кIалэм къыIэкIихыжьыгъэх ыкIи ахэр ынэгу риубгъохи, ыIэнтэгъухэр ылъэгуанджэхэм атыригъэкIагъ. Такъикъ фэдизрэ щысыгъ гукъэкIыжь жъалымым зыIэкIиубытагъэу. Мефодие ащ лъэшэу ыгу егъоу ыкIи ыгу фэузэу еплъыщтыгъ. Нэужым IаплI рищэкIи, ышъхьэу къэраб хъугъэр ыбгъэгу рифызылIагъ. ЛIыжъым бэшIагъэу зыми игукIэгъу-гуфэбагъэ зэхишIагъэу щытыгъэп, зыгорэм ушIолъэпIэным игушIуагъуи ышIэжьыщтыгъэп.

Ар ныбжьыкIэзэ шIулъэгъу шъыпкъэр ыгукIэ зэхишIагъэ, ау егъэшIэрэу ащ къызебгынэм, ыIэхэу гуфэбагъэм лъыIабэщтыгъэхэр щэигъэхэу гугъэ IэнэкIым хэтызэ, цIыфыгъэ пстэоу хэлъыгъэр, цIыфхэм цыхьэ афишIагъэр мэкIэ-макIэзэ ыгу ридзыгъ. Джы ащ къыщыхъущтыгъэ ыгу мыжъоу чъыгъэу. Ау, зэрэщытыгъэ шъыпкъэмкIэ, ар мыжъуагъэп, мылыгъэ нахь ыкIи шIулъэгъум итыгъэнэбзый ащ къызэрэнэсыгъэм тетэу псынкIэу жъужьынэу ригъэжьагъ.

Фыртынэм хэфэгъэ чъыгыжъым фэдэу лIыжъыр Мефодие ыIаплI щыкIэзэзыщтыгъ. ЛIыжъым ыбгъэгу гопэгъу щэIэгъуаер гъыным дыхэтэу къыдэугъ ыкIи илъэс пчъагъэм апэрэу ынэпс стыр нэгушъхьэм

къечъэхыгъ. Мефодие лIыжъым зыпари риIощтыгъэп. Ащ ышъхьэ Давид ышъхьэу къэрабэ хъугъэм рифызылIагъ. Ежьым ынэхэри къэушынагъэх. ЛIыжъэу гъырэм ыIэгухэр ынэгу рихъощтыгъэпти, ащ ынэпсыхэр фырилъэкIэхыщтыгъэх.

– Сауж икI! – гъыным дыхэтэу Давид къыIуагъ. – Сыда джурт лIыжъым пае о узыкIэгумэкIырэр? Сэ зэкIэри къысщэмэхъашэхи! О зым сэщ пае гугъу ухэт! Сыд пая?

– Сыда пIомэ шIу усэлъэгъушъ ары, сигъунэгъу лъапI!

– Сыда шIу сызыкIэплъэгъурэр? – лIыжъым ынэпсыхэр джыри нахь къэкIуагъэх. – Сэ бэшIагъэу зыми шIу силъэгъужьырэп, зэгорэм бэшIагъэу шIу сызылъэгъущтыгъэр сян ары. НэужкIэ пшъашъэ горэм шIу силъэгъугъэу къысщыхъугъагъ, ау „ащ“ сыкъигъэпцIагъэу къычIэкIыгъ.

– Сыдэущтэу хъумэ укъигъэпцIагъэу?

– СытIупщ ыкIи укъысэмыупчI, – лIыжъым ыгу нахь рэхьатыжьыгъэу къыIуагъ.

Мефодие лIыжъыр ытIупщыгъ.

– Уицыхьэ къыстегъэлъ, сигъунэгъу, илъэсыбэ хъугъэу рэхьатыгъо къыозымытырэр шъхьэихыгъэу зыгорэм къыфэпIуатэмэ угу нахь псынкIэ зэрэхъущтымкIэ. Сэ цыхьэ къысфэшI: сэ шIу усэлъэгъу ыкIи узэхэсшIыкIын слъэкIыщт.

– Енэгуягъо тэрэзкIэ, – лIыжъыр къэтэджыгъ ыкIи ынэ кIосагъэхэм мэшIо нэф цIыкIухэр къакIэпсыгъэх. – Сыпфэраз лъэшэу, джыри сигукъао нахь къысфэбгъэпсынкIагъ. О хьарамыгъэ пшIэрэп, ау дунаир шIоилъэу щыт ыкIи хэта зышIэрэр, насыпынчъагъэм ущысыухъумэшъункIи мэхъу, нэужкIэ сэщ фэдэу ухэмыукъоным пае.

ЫкIи джурт лIыжъым къыIуатэу ыублагъ:

– Джыдэдэм жъыгъо теплъэу сиIэмкIэ, сынэгу зэлъэгъабэ зэрэфэхъугъэмкIэ ыкIи сынэхэм ерагъэу алъэгъоу зэрэхъугъэмкIэ сенэгуе пшIошъ сфэмыгъэхъункIэ ныбжьыкIэу, дэхэ зэкIужьэу, кIочIэшIоу, мэзым чъыгыкIэу хэтым е джы о узэрэщытым фэдэу зэгорэм сызэрэщытыгъэр.

Ащ ыпкъ одкIэ чъыгым зыригъэкIыгъ ыкIи ыIэ хъыбэйхэмкIэ кIалэм ыIэу кIочIэшIу зыхэлъыр ыубытыгъ.

– Сятэ-сянэхэм тын лъапIэу къысфагъэнэгъагъ дэгъоу зэхэщэгъэ сатыу Iофыр ыкIи сэ баеу сыщымытыгъэ нахь мышIэми, сыда пIомэ, шъыпкъэмкIэ, зыфэдэ къэгъотыгъое мылъку лъапIэ сиIагъэр. А мылъкур сишъхьэгъус арыгъэ ыкIи Ливан къыщыкIырэ къэгъагъым фэдэу ар дэхэ дэдагъ. Сабый игъусэу, ей, ар сыд фэдэ сабыигъа! Ежь пегъымбар Мусэу зидэхагъэ пае фараоным ыпхъу гукIэгъу зыфишIыгъагъэри ащ кIэхьашъуныеп. Ащыгъум сиIэгъэ насыпымрэ тхъагъоу сызыхэтыгъэмрэ сыгу къызыкIыжьхэкIэ, Адамэ джэнэтым есыфэкIэ фэдэ насып зэхимышIэгъагъэу къысщэхъу.. Нэужым пстэури блэкIыгъ!..СыдэущтэуарчкъыбгурызгъэIощта? Сэ бэрэ унагъом сыкIэрычыгъэн фаеу хъущтыгъэ: сисэнэхьат мыгъо епхыгъэу зыгорэм ренэу сыкIон фаеу хъущтыгъ ыкIи сегупшысэщтыгъэп нэмыкIхэми нэхэр зэряIэхэм. Зэгорэм чыжьэу сыкъикIыжьи тадэжь сыкъэкIожьыгъ. ГушIогъо мыухыжьымрэ гугъэпIэ инымрэ сахэтэу сиунэ сехьажьы ыкIи... унэм зыгорэ исыхэп..нэкIы.

ЛIыжъым ышъхьэ IитIумкIэ ыубытыгъ.

– ТыгъуакIор къысэкIуи, сынэхэм ягушIуагъор, сыгу ибайныгъэщтыгъэр сшIуитыгъугъ! Ар чырис-

танмэ Iофыжьыгъа! Ау ар тэтыеу, тэ титыгъуакIоу къычIэкIыгъ.

– Ащ дэжьым гукIодыгъо чIыпIэ сифэгъагъ. ХьыкумышIхэр къызэпэсчъыхьагъ, ау пкIэ иIагъэп: сеуцолIэн фаеу хъугъэ шъузыр зэрэзгокIыжьрэм сызэрезэгъырэмкIэ тхылъ ястынэу. Ар имыкъоу хьыкумым сабыйри ащ къыфигъэнагъ. „ТыгъуакIор“ сэщ нахьи нахь лъэрыхьыгъ. Ар ыпшъэкIэ щыIэ къулыкъушIэу щытыгъ ыкIи сэ хэт сеолIагъэми, екIолIапIэ сымыгъотэу сыкъызэкIигъэкIожьыщтыгъ. Зыми къотэгъу щызгъотыгъэп, аужыпкъэм, Зиусхьан Тхьэми ынэшIу къысщыфагъэп. Нэужым Венгрием ахэр икIыжьыгъэх ыкIи ащ нахьыбэкIэ къэбар сфызэгъэшIэжьыгъэп сисабый зыдэщыIэмрэ ащ къырыкIуагъэмрэ афэгъэхьыгъэу.

– Ео-ой, Мефодий, а зэкIэри сыгу къэкIыжьы къэси, пегъымбар Аюб фэдэу сIонэу сыхьазыр: „Тыдэ щыIа си Тхьэ, сэ Ащ ыдэжь сыкIон слъэкIынэу ыкIи сигукIэе макъэ зэхезгъэхынэу?“ Ар зэкIэми ащыгъуаз, Ежьыр Закъор ары зышIэрэр сипшъашъэу Эсфирырэ сишъуз тхьамыкIэрэ къарыкIуагъэр! Сишъуз сэ сибгынагъ, сихъожьыгъ, ау ащ пае ныбжьи сегупшысагъэп бзэджагъэ зэрихьагъэу ыкIи сапашъхьэ лажьэ щыриIэу. Тыкъызызэрэщэм ар ныбжьыкIэ дэдагъ ыкIи „адрэр“ дахэу, лъэгъупхъэу, зэшIокI зиIэ зиусхьанэу щытыгъ. Джары зыкIыдихьыхыгъэри. Сишъхьэгъусэ садэжь къыгъэзэжьынкIэ сшIагъэемэ, зэкIэри зыщызгъэгъупшэныгъи ыкIи сыгушIозэ сштэжьыныгъи! Ау сэ ежьым благъэу сырагъэкIуалIэщтыгъэп, енэгуягъо раIощтыгъэкIэ сэ сымыгъасэу ыкIи сыбзэджашIэу. Хэта зышIэрэр ащ паекIэ къысщагъэщынагъэу, нэужкIэ садэжь къыгъэзэжьынкIэ щтэу хъугъагъэнкIи пшIэщтэп... джаущтэу пстэури чIэсынагъ.

– Сшъхьэ къыдэсхыжьыгъагъ а къалэм, сигукъао сигъусэу мы хэгъэгум зыщызгъэбылъыгъагъ ыкIи мы кIымафэу къэсырэм хьадэгъур къыслъыIэсынышъ, сигукIае сыкъыIэкIихыжьынэу, сишъыгъо шъэф бэным зыдыдэсхьажьынэу ары сызажэщыгъэр. Джары сигукIаер. А пстэури къыпфэсIотэн фаеу сыпшIыгъ ыкIи икIэрыкIэу зэрэщытэу сыгу къыдихьыежьыгъ: чIэсынагъэр, гукIаер ыкIи гум илыуз – зэкIэри! Сыда о ар зэрэуищыкIагъэр? Сыдым пая?

– СищыкIэгъэ дэдагъ, сигъунэгъу лъапI! Джы сэ дэгъоу сэшIэ ощ паекIэ Тхьэм сызыфелъэIущтыр, зэ умыгузажъу, цыхьэ къызэрэсфэпшIыгъэмкIэ укIэгушIужьынэу уахътэ къэкIощт, джащыгъум угу къызэрэзэIуозгъэхыгъэмкIэ разэ укъысфэхъущт.

Мефодие къэтэджыгъ, ащ ыуж зыкъыригъэнагъэп джурт лIыжъыми ыкIи ахэр зэгъусэхэу Давид иунэжъ цIыкIу ихьагъэх.

ЛIыжъым остыгъэр къызыхегъанэм къошынхэр зэрэнэкIыхэр Мефодие ылъэгъугъэти, ыштэхи, псы къабзэ къыхьыгъ. Нэужым тхьамыкIэ дэдэу щыт псэупIэр, Давид сымаджэ зыхъукIэ зэришIыщтыгъэм фэдэу, къызэIихыгъ. ЕтIанэ Iанэм кIэрыт пхъэнтIэкIум тетIысхьи, жъы хъугъэ Библие Iужъур къызэгуихи, еджэу фежьагъ. Джурт лIыжъым ышъхьэ фыжь паIо шъхьащигъэтIысхьагъэти, бысымым ыгу химыгъэкIыным пае ежьым Мефодии ипаIо зыщилъагъ. ДжуртхэмемыкIукIэ алъытэ ушъхьапцIэу Тхьэм и ГущыIэхэм уяджэныр.

Пегъымбарэу Исайас итхылъ ия 53-рэ шъхьэу ти КъэгъэнэжьакIоу къытфэкIощтым фэгъэхьыгъэм къеджэзэ ыкIи ар Исус Христосым рипхызэ непэ Мефодие къызэхифыжьыщтыгъэми, мызыгъэгурэм ащ дыримыгъаштэу джурт лIыжъым къызыхигъэ-

щыщтыгъэп. Агухэр зэфэшIухэу нэбгыритIур зэбгъодэкIыжьыгъэх.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

КъыхэкIы загъорэ тхьэмафэр, мазэр зым ыуж зыр итэу зэлъыкIо къодыеу щымытхэу, зэлъыбыбыхэу. ОндрачикхэмкIэ джары зэрэщытыгъэри. IофшIэныбэ ахэмэ яIагъэми, джырэ нэс къызэрэхэмыкIыщтыгъэу, мыгъэ зэкIэри игъом зэшIуахынэу къадэхъущтыгъ.

„Ар къызыхэкIыгъэн фаер джы сыд фэдэрэ Iоф тыфежьагъэми ыкIи зэшIотэхыми тхьэелъэIур ыкIи Тхьэм и ГущыIэхэр ренэу тыгу зэрилъхэр ары“, – егупшысэщтыгъэ Ондрачик ишъхьэгъусэ ныор.

Ар ылъэ пытэу къызэрэтеуцожьыгъэм ишIуагъэкIэ джы къин къыщымыхъоу пщэрыхьани ылъэкIыщтыгъэ. Ащ пае губгъо IофшIэнхэм акIэрычыгъэу Доркэ унэм исынэу ищыкIэгъэжьыгъэп. Ныом ищыкIэгъэгъэ закъор пчэдыжьрэ Мефодиерэ Андрейрэ псы е пхъэ къыфахьынэу арыгъэ. НэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, Ондрачик ишъуз джырэ фэдэу Iофхэр зэрэкIэкIыхэрэм ыгъэразэу ныбжьи къыхэкIыгъэп.

НахьыпэкIэ ащ илI губжыгъэу ыкIи жъалымэу бэрэ къыхэкIыщтыгъ, ежьым ишэни шъэбагъэп ыкIи ишъхьэгъусэ тIэкIу пышъухьагъэу къызыкIожьыкIэ, ар ешъокIошхоу щымытыгъэми, бырсырынэу къызыригъажьэкIэ, ежьыри фызэкIэмыкIоу пэгущыIэжьэу хъущтыгъэ. Ащ ыуж тхьэмэфэ псэукIэ нэбгыритIур зэдэгущыIэщтыгъэхэп.

Апхъухэр унагъо хъугъагъэх ыкIи ялIыхэу ядэжь къызыдащагъэхэр ныом едэIунхэкIэ фэягъэхэп. Джары хъызмэт Iофхэри зыкIэмыхъущтыгъэхэр. Джы ныом ар зилэжьагъэр къыгурыIуагъ: яунэ Тхьэр ынэшIукIэ къетэгъагъэп. Ахэр зэлъыпытэу илъэс псэурэ Тхьэм емылъэIухэу къыхэкIыщтыгъ, мэфэ гъэнэфагъэ горэм Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэр агъэлъэпIэнэу зэрэкIорэм фэшъхьафкIэ. Пчэдыжьрэ къызытэджыжьхэкIэ, шъхьадж ежьым ышъхьэ фэIоржъорыщтыгъ, къикIырэри ымышIэу: джау сыдэу щытми езбырэу зэрагъэшIэгъэ гущыIэхэр емыгупшысэхэу, язэхэшIыкIи лъымыIэсэу, лъыIэсынэуи фэмыехэу къапчъыщтыгъэх. Ар сыд тхьэелъэIугъа? Тхьэм къафитIупщырэ шIушIагъэхэм япэгъокIэу ар сыд щытхъу фэIуакIа? Уегупшысэнэу ищыкIагъэу щытыгъа ащ фэдэ цIыфхэм агухэм Тхьэр нэшIукIэ къяплъынэу ыкIи ящыIэныгъэ Ащ ишIуагъэкIэ къафигъэнэфынэу? ЗэкIэми агухэр пытэу зэфэшIыгъагъэх. Тхьэм игукIэгъушIэ нэбзыйхэр зылъыIэсынхэ алъэкIын щыIагъэп.

Ныом къыгурыIощтыгъ Тхьэм зыфэгъэзэгъэн зэрэфаер ыкIи, шъыпкъэмкIэ, зэкIэ ыгу фызэIухыгъэу Ащ фигъэзагъ. Ащ дэгъоу зэхишIыкIыщтыгъ зэрэдунаишхоу зыгорэм ыпсэ къыгъэнэжьынэу кIэлъэIуныр ищыкIагъэу тетыхэмэ, ар ежьырэу зэрэщытыр. Ащ пае ыгу Тхьэм Ыкъоу Исус Христосым фызэIуихыгъ ыкIи Адрэр ащ къихьагъ.

Ащ фэдэ гуIэтыгъо уахътэу илI зыщыкIэрысыгъэ горэм ар шъуз тэрэзэу зэрэщытын фэягъэм зэрэлъыкIимыгъахьэрэмкIэ зэрэкIэгъожьырэр ащ риIуагъ ыкIи ар къыфигъэгъунэу елъэIугъ. Джыри тIэкIурэ зэдэпсэунхэу Тхьэм уахътэ къафитIупщымэ, Тхьэм нахь ыгу етыгъэу зэрэфэлэжьэщтымкIэ ыкIи унэм

исхэми нахь зэрапылъыщтымкIэ ащ лIым гущыIэ пытэ ритыгъ.

Ондрачик ныбжьи зэмыжэгъэ зыумысыжьынэу ишъуз зышъхьэ къыфырихыгъэм ыгъэукIытагъ. Ыгу къышIузэхахьи, ынэхэми нэпсыр къячъагъ.

– Тэ нэбгыритIуми зэфэдгъэгъужьынэу тызэлъэIужьын фаеу сэлъытэ, – ыIуагъ ащ. – О, сыдэу хъугъэми, сэ лIы пшъэрылъыр зэрэзгъэцэкIагъэм нахьи нахьышIоу шъуз пшъэрылъхэр бгъэцэкIагъэх. ЫкIи Мефодие мырэущтэу ащ нахьыбэкIэ упсэужьы хъущтэп зэриIорэр тэрэз. Адэ армэ, сыда джы зэрэхъущтыр? Джырэ нэс тызэрэпсэущтыгъэ шIыкIэм еIогъэн фае: „Икъугъ!“ ыкIи икIэрыкIэ шъыпкъэу гъашIэр егъэжьэгъэн фае. Тэ, шъыпкъэмкIэ, Тхьэм ишIоигъоныгъэ тыпэшIуекIоу джырэ нэскIэ тыщыIагъ.

Сэ зыми ар джырэ нэс есIуагъэп, ау о пшIосыушъэфырэп: тичыракIо сызэреплъэу, ащ ипсэукIэ зыслъэгъурэм ыкIи сикIэлэгъур зэрэзгъэкIуагъэр сыгу къызыкIыжьырэм, джырэ нэс сызэрэщыIэгъэ шIыкIэм сытеукIытыхьажьы. Мефодие къытхэхьаным ыпэкIи Тхьэм и ГущыIэхэр зэрыт тхылъыр тиунэ илъыгъэми, ащ тэ ныбжьи теджагъэп. Джыры ныIэп ар къызыдгурыIуагъэр. Тэ хьайуан акъылынчъэм нахьи нахь дэеу тыпсэугъ. Хьайуаныр гупшысэрэп: ар машхэ, мэчъые ыкIи Iоф ешIэ ныIэп. Гум изэхашIэкIэ ащ шIуагъэу пылъыр макIэ, ау цIыфхэм ящыIэныгъи зэрар къыфихьырэп. Тэ тышхэ къодыеу, тычъыеу ыкIи Iоф тшIэу щыт къодыеп, ахэмэ афэшъхьафэуи тешъо, зэрэтлъэкIэуи гухэр тэуцIэпIых, Тхьэм шъхьакIо етэхы, цIыфхэм мыхъунхэр ятэIуалIэх. Тэ тызэрэпсэурэм фэдэу тисабыйхэри тэпIух. Ащ пае бгъэшIэгъонэу хъурэп ахэр тэ ткIэры-

чыгъэхэу зэрэхъухэрэр: сыда шIугъэу ахэмэ зызыфагъэсэнэу тэ ткIэрахын алъэкIыщтыгъэр?

Джаущтэу агу зэфыIухыгъэу Тхьэм, щыIэныгъэм афэгъэхьыгъэу зызэдэпсэухэрэм щегъэжьагъэу апэрэу зэлIы-зэшъузхэр зэдэгущыIагъэх. А пчыхьэ дэдэм Петрач Самко Ондрачикхэм ячъыгхатэ Доркэ щыкIэрысэу псэлъэ кIыхьэ щыдишIыщтыгъ. Бысым ныор сымаджэ зэхъум Мефодие ащ фишIыгъэгъэ пхъэнтIэкIум Самко тесыгъ. Доркэ чъыгым егъэкIыгъэу пцIашхъом ыкIи ахэмэ ядэжь къызэрагъэзэжьыгъагъэм фэгъэхьыгъэ къэбарым едэIоу кIалэм пэчIынатIэу щытыгъ. Нэужым Самко къыпигъэхъуагъ ежьыри шIушIэ гъогум зэрэтетыр, мафэ къэси тхьэелъэIукIэ зэриублэрэр ыкIи зэриухыжьырэр, Тхьэм ишIоигъоныгъэ ыукъоным нэмыкIырэ щынагъо зэримыIэр. Нэужым ащ пшъашъэм къыфиIотагъ Давид лIыжъым ишIуагъэкIэ тэрэзэу тхэнэуи къылъытэнэуи зэрэзэригъэшIагъэр, сатыушIыпIэ ятэ къызэрэфызэIуихыщтыр, щыпсэунэуи унакIэ шIыгъэным ыуж зэрихьащтыр.

Доркэ лъэшэу ыгу етыгъэу кIалэм едэIущтыгъ. Ащ ицIыкIугъом къыщыублагъэу Самко ыгу егъущтыгъ ыкIи игъашIэ къырыкIощтыми егупшысэщтыгъ. Джы лъэшэу игушIогъуагъ кIалэм Iофхэр зэрэзэпыфэхэрэр. НахьыпэкIэ ар зэрэфаеу зекIон ылъэкIыщтыгъэп, джы къин къыфэмыхъоу зекIощтыгъ, етIани ар нахь къызыдэхъущтыгъэр мыгузажъоу зекIо хъумэ арыгъэ. НэмыкIхэмкIэ Самко кIэлэ шIэгъуагъ.

Самко ышыпхъухэм апкъы къикIыкIэ Доркэ щыгъозагъ ыкъо пае унэ ыгъэпсынэу Петрач лIыжъым гухэлъ зэриIагъэр, ау кIалэм къыдигощырэ гушIуагъор IэкIимыуIэеным пае зи ымышIэ фэдэу зишIыгъагъ.

Доркэрэ Самкорэ къакIэрыхьагъ Ондрачик иIахъоу Андрей. Ащ нахьыпэкIи зэхихыгъэу щытыгъ пцIашхъохэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр Самко къыIуатэу ыкIи джы Доркэрэ кIалэмрэ ащ рыгущыIэхэу къызырехьылIэм, зэкIэри зэдегупшысэхэу аублагъ а пцIашхъохэм афэдэу ежьхэри зэгъусэхэу Тхьэм елъэIунхэу зы чIыпIэ горэм щызэрэугъоищтыгъэхэмэ.

– ШъошIа, – ыIуагъ Доркэ, – мафэ пэпчъ „тадэжь рыкIорэ гъогум“ щыщ Iэбгъу цIыкIоу щытмэ, ащыгъум тэри ащ ихьащырэу едгъэжьэн ыкIи щыIэныгъэм щыпхырытщын фае! ПцIашхъохэр чэфэу цIыр-щыр макъэр къахэIукIы ыкIи Тхьэм елъэIущтыгъэх шъолъыр-шъолъырэу апэ илъыгъэ гъогууанэр зэпачыфэ.

Пчыхьэшъхьэшхэ Iанэм Ондрачикхэм яунагъо зэрэпсэоу къыщызэрэугъоигъагъ ыкIи зэшхахэхэм бысым лIыжъыр Мефодие елъэIугъ Библием щыщ пычыгъо горэм къеджэнэу. Доркэ гушIуагъом хэтэу Андрей феплъэкIыгъ. Андреий мыдрэм къеплъыжьыгъ, нэужым Доркэ нэжъ-Iужъхэм, ятэрэ янэрэ афеплъэкIыгъ ыкIи ыгу гупшысэ къыщыущыгъ: „Сымыгъуащэрэмэ, мыхэми пцIашхъохэм ауж итхэу быбынхэу загъэхьазырын фае“.

Тыкъэзыуцухьэрэ дунаир ихэтэкIо ыкIи ипсэкIодшIэпIэ щылъыпIэ екIужьыгъэу пытэу чъыещтыгъэ, ау Ондрачикхэм яунагъорэ ахэмэ ягъунэгъухэмрэ мэкIэ-макIэу къэущыжьхэу аублагъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ахэмэ анэхэр къызэкIихыгъэх, Тхыгъэ ЛъапIэм итыр къагурыIонэу акъыл къаритыгъ. Тхьэм лъыхъухэу ахэмэ аублагъ ыкIи ежьхэмрэ япсэкIодшIагъэхэмрэ зыфэдэхэр къагурыIо хъугъэ. Нахьыбэрэ Христосым егупшысэщтыгъэх ыкIи пцIашхъохэм

ящысэ тетэу „Ядэжь рыкIорэ гъогум“ техьанхэу зыфагъэхьазырыщтыгъ.

А бжыхьэм тыдэкIи щыбэгъогъагъ къыпцIэхэр. Ахэр бэдэдэу чъыгхэм къазэрэпыкIэгъагъэм къыхэкIэу къутамэхэр зэхацIыцIэщтыгъэх. Ащ Петрач лIыжъым гухэлъыкIэ ригъэшIыгъ.

– ОшIа сэ къэсыугупшысыгъэр? – щэджэгъошхэгъу уж горэм Петрач лIыжъым ыкъо риIуагъ. – Къоджэ пащэхэм адэжь сыкIонышъ, ащ тхылъ къисхыщт къыпцIэм хэшIыкIыгъэ аркъ згъэхьазырыным ифитныгъэ сиIэнэу. Ащ пае нэмыкIхэм къыпцIэ къащытщэфыщт, джыдэдэм пыуты ныIэп. Ощ пае Iизыныр къаIысхынышъ, аркъымкIэ сатыу пшIынэу амал уиIэщт. Адрэ пстэумэ адакIоу уищапIэ къыпцIэ аркъыр чIэты зыхъукIэ, нахь фэчэфхэу цIыфхэр уадэжь къэкIощтых.

КIалэр а гущыIэхэм къагъэгушIуагъэп, ау зи ыIуагъэп. Ар гупшысэ куум зэлъиштагъэу унэм къикIи, Мефодие дэжькIэ ежьагъ. Мефодие ихапIэ дэтэу чIыгур ытIыжьыщтыгъ. Къыпэмычыжьэхэу Подгайскэхэм Iоф щашIэщтыгъ.

– Къеблагъ, Самко! Сыд Iофа узыгъэгумэкIырэр?

– Зыгорэ къыосIуатэмэ сшIоигъуагъ.

Зэныбджэгъухэм шIуфэс зызэрах нэужым ятэ гухэлъэу иIэр Самко къыIотагъ.

Мефодие ынэгу къызэхэхьагъ. Губжым имэшIуачэу ащ ыпэкIи зэгорэми иныбджэгъу химылъэгъуагъэр ащ ынэхэм къакIэпсыгъ.

– Ар шэйтаныр ары къэзыугупшысыгъэр ыкIи уятэ къезыIуагъэр! Самко, сыд уятэ епIоныгъа мы къазгъырыр къыуитэу, мо шъуигъунэгъу Мартын уукIынэу унашъо къыпфишIыгъагъэмэ?

– Ар сыд делагъа! Сятэ ныбжьи ащ фэдэ унашъо

къысфишIыщтэп, – къэщтагъэу Самко къыIуагъ, – сэри ар егъашIэм сшIэнэп.

– Ар о пшIэнкIэ ащ фэдизэу бэп ныIа ищыкIагъэр, о уиеу ешъуапIэ къызэIухи ары ныIэп. ОшIэба о Мартын Подгайскэр зыми къымыубытрэ ешъуакIоу зэрэщытыгъэр. Джы ар Тхьэм игукIэгъукIэ зытет гъогу пхэнджым къытекIи, Тхьэм ипцIашхъохэм ащыщ хъугъэ. Ори олъэгъу тэ тиунэрэ шъо шъуиунэрэ анэмыкI ар зэрарымыхьэрэр: ежьыми зэхешIыкIы джыри кIуачIэ зэримыIэр псэкIодшIэным дэзыхьыхын фэе Iофхэм апэуцужьышъунэу. Арышъ, уицыхьэ тебгъэлъын плъэкIыщта ащ игъунэгъоу аркъ щапIэ къызэIупхэу, аркъымэр Iуихьэ зыхъукIэ зыфэIэжэнэу? Ар уадэжь къэкIощт хьаджыгъэ е щыгъу пщищэфынэу ыкIи теубытэгъэ пытэ иIэу псэкIодшIэным фимыгъэзэжьынэу, ау ар о къыпфэкIощт мэлэу ишIобзыпIэ екIуалIэрэм фэдэу. Уятэ ар ешъонэу ригъэблэгъэщт, о ащ фибгъэхъонэу уежьэщт ыкIи ежьми фэщыIэнэп ар ымыуплъэкIунэу. Мартын пытэгъэ икъу къыхэфэнэп ыкIи апэрэ мэфэ шъыпкъэм апэрэ аркъыбжъэри ришъун, аужрэ мафэм бжъитIум нигъэсын. ЛъыкIуатэ къэси, нахьыбэ хъун. Мартын зэпымыоу ешъоу ыублэжьын ыкIи икIэрыкIэу ешъуакIо хъужьын, аужыпкъэм зэрэщытыгъэм нахьи нахь Iаеу, мэз хьакIэ-къуакIэ ехъулIэн. Тхьэм инэфыпс ыгу щыкIосэн, ыIэпкъ-лъэпкъ узым зэлъиштэн, хъыбые хъун ыкIи мо насыпынчъэр хьайуанэм фэдэу зэгорэм кIодыкIае къыщыфэкIон. ИгугъапIэ джащ щызэпыутын, пцIашхъоу Ащ ыдэжь быбынэу зызыгъэхьазырыгъагъэм игъашIэ кIосэн. Хэта кIодыпIэ изыдзагъэр? Хэта ащкIэ мысэр? Оры, Самко, оры! Ащ фэдэ къызэхъулIэщтыр Мартын закъоп. Ежьыр бгъэкIодыпэщт, ащ нэмы-

кIхэу а лъагъом тепщэщтыр тхьапша? Подгайскэр ешъуакIоу къэхъугъэп ныIа. Уахъти щыIагъ ар емышъоу ыкIи аркъыри зыфэдэр ымышIэу, етIанэ нэужым ащ фэщагъэ хъугъэ. Тыда зыщыфагъэсагъэр? ЕшъуапIэр арыба. Ащ шэйтаным гъусэгъубэ щыфэхъугъ!.. Мы аужырэ илъэсым ти Градовэ, ТхьэмкIэ шыкур, ащ фэдэ джынэ ешъопIэ-гъэсапIэ щыIагъэп, о джы шэйтаным ишIоигъоныгъэ фапшIэмэ пшIоигъу – ешъуакIохэм ягъэсапIэ къызэIупхынэу. ИщыкIэгъагъа Давид лIыжъымрэ сэрырэ тыгумэкIынэу о акъылыгъэ горэм уфэгъэсагъэ ухъуным пае? Дэгъоу удгъэсагъэба – зи хэпIухьажьынэп!

Самко щынагъоу къышъхьащыхьагъэм ышъхьэ ригъэубытыгъ:

– Мефодий, аущтэу умыIо! Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп. Сэ Мартыни нэмыкI горэми зи афизгъэхъощтэп. Аущтэу хъуным нахьи сIэ горэгъукI, сэркIэ IэшIэх хъущт сыпсэ Iусхыжьыныр о къызэрэпIуагъэм фэдэу сшIыным нахьи.

Самко ядэжь кIожьыгъ, Мефодие икIэрыкIэу къазгъырыр къыштэжьыгъ.

Самко унэм къэбар гомыIу къыщежэщтыгъэр. Ятэ лIыжъым къыридзэгъэхагъ сатыум ыкъо федэу къыфыхэкIыщтыр ыкIи ар бай зэрэхъущтыр. ЗэрэIэгъо-благъоу щыпсэурэ джуртхэр сыда зыхэбаикIыхэрэр аркъым ищэн арымырмэ? Ежьым ыкъо джы ошIэ-дэмышIэу зэремыжэгъахэу ащкIэ къычIэкIыгъ: ащ ехьылIагъэу зи зэхихынкIэ фаеп. Къушъхьэр нахь гъэкощыгъошIу къыпфэхъун, ежьым нахьи. Тыр ышъэ икIыгъагъ, Самко кIыфыбзэ хъугъагъэ, ау ащ ешъуапIэм игугъу зэхихынэуи фэягъэп.

ГущыIэ гоо Iаджи тым къыжэдэкIыгъ, ау умышIэрэмэ ыжэ псы дэгъэхъуагъэм фэдэу ыкъо зиушъэ-

фыщтыгъ. Ятэ ар ыгъэмысэщтыгъ: ыкъо сэдэкъэхэдзэу къэнэнэу фай, ара? Илъэсыбэ мэхъу ар зигъашхэрэр, джы ащ нахьыбэкIэ ыгъэшхэжьынэу фаеп.

– Сэ укъысэдэIунэу уфэмыемэ, Iалъмэкъыр пштэу, дунаим лъэIуакIоу ухэхьажьын пIоми уфит! – ыIуагъ ятэ.

Тым игущыIэхэр Самко ыгучIэ нэсэу лыуз щыхъугъэх. А уахътэм тефэу ныр унэм къихьагъ. Ащ шIоигъуагъ нэбгыритIури ыгъэдаIомэ. ИлI ар зыгорэкIэ хэзэгъэныекIи мэхъу, ау ыкъо къыригъэзэгъын ылъэкIыщтыгъэп: ар мыжъо гъэчъыгъэм фэдэу щысыгъ. Джащыгъум ежьыри ащ фэгубжыгъ.

Ным ыуж Самко ышыпхъуитIуи къихьагъэх, тIумэ язэу нахьыжъым ипсэлъыхъорэ ащ иныбджэгъурэ ахэмэ ягъусагъэх. НэбгыритIури гъунэгъу къуаджэм щыщыгъэх ыкIи Петрачхэр зэрагъэлъэгъунхэу къэкIогъагъэх. Ахэмэ лIыжъым ыIорэм дырагъэштагъ ыкIи „Самко иакъылынчъагъэ“ дэхьащхыщтыгъэх.

– Самко фэмыемэ, – ыIуагъ махъулъэ къафэхъущтым, – ащ ычIыпIэкIэ, тят, сэ сыштэба адэ! А Iофыр сэ шIущэу ылъэ тезгъэуцощт: ар ахъщэ къэкIопIэшхо тфэхъущт. ЕшъуапIэм кIыгъоу лыр зыщытщэни къызэIух джащыгъум, шъуикъуаджэкIэ ащ фэдэ шъуиIэп ныIа. ЕтIанэ къэшъулъэгъущт ахъщэр псым фэдэу къызэрэтфэкIощтыр. Сэри а Iофым гульден шъэ зытIу гори хэслъхьаныгъи. Ар етIанэ хэжъугъэкIыжьыныгъи Евэ паекIэ тынэу къысфэшъушIыщтым. Джащыгъум тэ шIущэу тызэдэпсэущт, ежь Самко ичъыгхатэ зэриеу къэнэжьыщт.

АпэрэмкIэ а гущыIэхэр сэмэркъэум хэтэу махъулъэ къафэхъунэу гугъэщтыгъэм къыIощтыгъэх, шIупщыр нэшIукIэ къызэригъэплъынэу игухэлъыгъ, ау, зэраIо хабзэу, нэужкIэ хилъаси, къыIорэр ышIошъ

хъоу ригъэжьэгъагъ. КIалэм икъэщэни а гущыIэхэр ыгу рихьыщтыгъэх, сыда пIомэ ипсэлъыхъо зэриIорэм фэдэу Iофыр къызикIыкIэ, зыдэкIорэ нэужым янэ кIэрысынэу яунэ къинэжьынэу амал щыIэ хъущтыгъэ, игуащэ дышыIэ шIоигъуагъэп. Ными ар имыгуапэу щытыгъэп. Адэ сыд фэдэ на ыпхъу кIэрысыныр зышIомынасыпыгъэр, дэкIуагъэу шытми!

Ащ пае ным ынэхэр къызэлъылыдыгъэх ыпхъу унэм къинэнэу зэрегупшысэгъэ закъом паекIэ. Унэгъо хьап-щыпхэри зэрэщытэу къэнэжьыщтыгъэх: ищыкIэгъагъэп ар бгощынэуи, пхъум иIахьи къыхэпхынэу. Джаущтэу Самко нэмыкIэу пстэури ыгъэразэхэу ащ дэжь дэдэм Iофыр ухыгъэ щыхъугъ.

Махъулъэ къафэхъущтым къыдэхъугъэр зэригуапэр къызыхимыгъэщы шIоигъоу икIыжьы зэхъум Самко къеупчIыгъ ныIэп:

– Сыд адэ? Уятэ ыIорэр къыпхэзэгъэщта? Хьауми сэ Iофым сыфежьэнэу хъущта?

– Сэ къэсIощтыр къэсIогъах, сэдэкъэхэдзэу сыкъэнэнкIи, а ишъухъухьагъэм сыкъеуцолIэщтэп, – ыгу зэреIэжьыгъэр ымакъэкIэ къапшIэу Самко къыIуагъ. – Ары, шъыпкъэ, сэ слъакъохэр хъыбыих, ау сэркIэ нахь псынкIэ хъущт сэдакъэ къыхэсыдзынэу сыкъеуцолIэныр, шъо зыфашъуIорэ джынэпцI мылъку угъоикIэм сырыпсэуны нахьи. Ори ащ уфемыжьэнэу къысшIошIы: пстэури ЗыIэ илъ Тхьэм ар къыбдигъэхъущтэп. Зиусхьаным шъуигухэлъхэр зэщигъэкъощтых ыкIи мыгъэцэкIагъэхэу къыгъэнэщтых.

– Теплъынба адэ, пегъымбар гохьыр! – щхыгъэ ешъуапIэр шIэхэу зыIэ илъ хъун зыгу хэлъыр ыкIи иныбджэгъу кIыгъоу якъуаджэ ежьэжьыгъэх.

ЫIужрэ мафэм Петрач лIыжъыр Мефофие дэжь кIуагъэ. Ащ Самко губжэу фишIыгъагъэр нахь Iэсэ-

жьыгъагъэ. Джы къыгурыIожьыгъ имыфэшъуашэу ыкъо ыгу зэрэхигъэкIыгъэр, ау Самко ащ фэдэу къаигъэу зэрэфызэкIэмыкIуагъэр зилэжьагъэми зыригъэшIэжьымэ шIоигъуагъ. ЛIыжъыр дэгъоу щыгъозагъ Ондрачик ичыракIо ешъон Iофыр зэрэшIогоштэгъоджагъэм. Мефодие Подгайскэ закъор арэп ешъоныр зычIыригъэдзыжьыгъэр, ежь Ондрачики ащ инэмыкI IофышIэу Андрейй, Самкоуи джащ фэдэу ащ ыгъэдэIонхэ ылъэкIыгъ. Аужыпкъэм Петрач шъыпкъэми ешъоныр чIыригъэдзыжьыным пылъыгъ, ар зэрарэу, емыкIоу ыкIи мыхъун зекIуакIэу зэрэщытыр риIозэ.

Чэщ реным Петрач чъыешъугъэп. КъемыдэIумэ ащ Самко унэм рифынэу зэриIуагъэр зэблихъужьынэу фэягъэп. Ау нэмыкI лъэныкъомкIи къыригъэкIущтыгъэп иунэ шъыпкъэ ыкъо рифыныр – ипэгагъэ ар къыфидэщтыгъэп, сыда ащыгъум цIыфхэм аIощтыр, ты гур ащ къыфеуцуалIэщтыгъэп.

Тыгъуасэ губжым хэтыфэкIэ зэхишIэщтыгъэп лъфыгъэ зиIэм игукIэгъу зыфэдэр, ау непэ ащ зыкъыригъэшIэжьыгъ. Ар ыгу хэкIэу егупшысэщтыгъ Ондрачик ичыракIу ары мыхъугъэмэ, зэкIэри дэгъоу зэрэзэпыфэщтыгъэм. Ащ джы ифэшъуашэ ригъэгъотыщт!

Гъогум тетыфэкIэ Петрач игубж нахь къызэкIаблэщтыгъэ ыкIи Мефодие ихапIэ къызынэсым ылъэгъугъ къызыфэкIуагъэу зэкIэ хъугъэмкIэ мысагъэм кIэчэфыкIэу Iоф зэришIэщтыгъэр ыкIи ащ нэужым зищыIэжьын ылъэкIыжьыгъэп.

– Сыда о скъо ышъхьэ къибгуагъэр? – шIуфэс зэрэрихыгъэм лъыпытэу ащ къыригъэжьагъ. – КъыздикIыгъэри зыми ымышIэу, къэзыкIухьэзэ псэуныр зикIасэм тиунэмэ зэмызэгъыныгъэхэр къарилъхьа-

нэу ары ныIэп къэнэжьыгъэр! Сыда уиIофэу хэлъыр сэ шхапIэ къызэIусхыщтымэ? Хэта фит узышIыгъэр скъо къысэмыдэIуным фэбгъэблынэу?

Джурт лIыжъым куо макъэр къызызэхехым, нахь благъэу къакIэрыхьагъ, ыкIи гуфаплъэу чыристан ныбжьыкIэм еплъэу уцугъэ. Давид бэшIагъэу ылъэгъунэу фэягъ мызафэу къызщыдэзекIохэрэ уахътэм Мефодие зызэригъэпсыщтыр. Джы ащ фэдэ чIыпIэ рихьылIагъ.

Джуртым дэгъоу ышIэщтыгъ джыдэдэм къехъоныщтыгъэм Мефодие шIугъэ Iаджи зэрэфишIагъэр: ащ ыкъо тхэкIэ-еджакIэм фигъэсагъ. Ащ ежь Давиди къыригъэзэгъи, Самко лъытакIэ ригъэшIагъ, сатыушIыныр зэрэзепхьащтым фигъэнэIосагъ. Мефодие гъунэгъу хьалэлым фэдэу зекIуагъэ, джы ащ ипэгъокIэу лIыжъыр къэкIуагъэу „къетэжьыщтыгъэ“. Ащ ыжэ гущыIэ гуаохэр, гоштэгъоджагъэхэр зэпымыоу къыдэлъэтыщтыгъэх.

Джуртыр мыжъо гъэчъыгъэм фэдэу Мефодие ынэгу кIаплъэщтыгъэ, адрэр умышIэмэ хъонэгъо гущыIэхэр ежьым емыхьылIэгъахэхэм фэдэу рэхьатэу щытыгъ. Джурт лIыжъыр губжым зэлъиштагъэ. Ар фэягъ къехъонынэу къыфэкIуагъэм ежь Мефодие зытыридзэжьынышъ ехъоныжьынэу, пхъашэу ехъонынэу, ау ащ фэдэ Iофи хъугъэп. Петрач занкIэу Мефодие ынэгу кIэплъагъ. ТIуми янэплъэгъухэр зэтефагъэх ыкIи Петрач ащ дэжьым зиушъэфыгъ.

– Икъугъа? ДжынэпцIым убзэгу къытырилъхьэгъэ пстэури къэпIогъаха? – рэхьатэу, чэфыгъом хэтым фэдэу мыр пIон уигъаIоу кIалэм къыIуагъ. – А ешъон IофымкIэ ащ, джынэпцIыр ары зыфасIорэр, сичIыфэ телъыгъ: сэ ащ гумэкIыгъуабэ къыфэсхьыгъ ыкIи згъэшIагъоштыгъ джырэ нэс рэхьатыгъо къы-

зэрэситыщтыгъэр. Аужыпкъэм сытещынахьыщтыгъ Христосым иIоф тэрэзэу къулыкъу фэсымышIэрэмэ сIоти. Джы сэ сырэхьат. Ащ пае о закъом пфэгъэхьыгъэу тыгущэIэщт. Сыд фэдэми джынэпцIым убзэгу къытырилъхьагъэ щыIэмэ, сапашъхьэ къиплъхьагъ. Ащ игугъу тэмыгъэшIы. Джы къысаIу ор-орэу, сигъунэгъоу Петрачыр, сыды шъхьакIуа къыосхыгъэр? Е сыда мыхъунэу пкъо есшIагъэр?

Зэхихыгъэ джэуапым джуртыр ыгъэгушIуагъ, чэфэу ыIэхэр зэщихъощтыгъэх ыкIи Тхьэм ынэшIу Мефодие къыщифэнэу елъэIущтыгъэ. Подгайскэр арымэ, ащ бэшIагъэу къазгъырыр чIидзыгъэу, мычыжьэу, зэкIэкъагъэм фэдэу щытыгъ. ЗэригъэшIагъорэм нахь хэмылъэу Петрач лIыжъым фэгъэхьыгъэу зэгупшысэщтыри ышIэщтыгъэп.

– Арышъ, сыда джы о сызэрэбгъэмысэрэр? – зэрэрэхьатэу Мефодие къыкIиIотыкIыжьыгъ.

Фэхьалэлэу, рэхьатэу кIалэр зэреупчIыщтыгъэм лIыжъыр шIуигъэнагъ. Ау гу къызIэпишIыхьажьи, джыри икIэрыкIэу цIэцIэныр къыригъэжьэжьынэу фэягъ. Игубж гъэмысэкIэ лъэпсэ пытэ зэримыIэр джащыгъум ыгу къызэкIыжьым, къыригъэжьэгъэгъэ гущыIэхэр ычый тенагъэх.

– Самко фаеп, – кIэух зэфэхьысыжь къышIыгъ ащ джурт лIыжъым зыкъыфигъазэзэ. – Ар тещынахьы Подгайскэр тадэжь къакIоу къыублэмэ, нахьыпэкIэ зэрэщытыгъэм фэдэу хъужьынкIэ. УмышIэрэмэ, ешъопIэ чIыпIэ цIыкIу горэ къызэрэзэIупхэу зэкIэ цIыфхэр ешъокIо закIэу хъущтыхэу, шапхъэ иIэу емышъошъущтхэ пIонэу. ЗэкIэми анахь гурыIогъошIур Подгайскэр тадэжь къэмыкIоми зэрэхъущтыр ары. Ежьыри ащ тегушхухьанэп – сэ ар къызэзгъэкIолIэщтэп.

Аужырэ гущыIэхэр пхъэтэпэмыхьыр къыхэщэу къызэриIуагъэм Подгайскэ тхьамыкIэм шъхьэкIошхо рихыгъ.

– Зыгъэрэхьат, Петрач, – къыIуагъ Мартын, лъэбэкъукIэ къыкIэрыкIуати, – о уиIоф къыхэмыхьэми, уиунэу джынэ убытыпIэ зыщыбгъэуцугъэу, цIыфхэр зэрыпщэхэзэ, алъ зыщыкIэпшъун угу зыщыхэлъым сыкъихьащтэп. Оры шъыпкъэм себгъэблэгъагъэкIи, уиунэ ипчъэшъхьаIу сыкъелъэбэкъонэп. Ау егъашIэми, ар угу иубыт, егъашIэми пкъо сщыгъупшэщтэп ащ сэрырэ сэщ фэдэ пчъагъэу щыIэхэмрэ гукIэгъу къызэрэтфишIыгъэм ыкIи тыкIодыпэнэу зэрэфэмыягъэм пае. Ар тыдэ щыIэми, тыдэ кIуагъэми, шIу нэмыкI къыдэмыхъунэу Тхьэм сыфелъэIущт!

Подгайскэм ымакъэ къызэпыутыгъ ыкIи къэгъыгъ. Ар гъыщтыгъэ шъхьакIо инэу къырахыгъэм пае, аукъодыеу пхъэтэпэмыхь ар пшIыми зэрэхъущтым къыхэкIэу: хэти иунэ къырифын ыкIи ыпашъхьэ пчъэр къыщыфишIын ылъэкIыщтыгъ. Гъырэм Петрач еплъыщтыгъ ыкIи къыIон ымышIэу щытыгъ.

– Сыда адэ зэрэхъурэр, сигъунэгъур? – ыIуагъ Подгайскэм янэ. – О къызэрэпшIошIырэмкIэ, ащ фэдэ къо шIагъо къызэрэпфэхъугъэр тхьамыкIагъу, арыба? Мефодие ар шIугъэм къыфигъэущыгъ, икIэухым цIыфхэр зэунэхъулIэщтхэ Iофым дэигъэу хэлъым гу лъитэн ылъэкIэу фигъэсагъ. Ар мызэфагъэу олъытэ, ара? Сэ зы къо закъу сиIэр, ар сигушIуагъоуи щытыгъ ешъопIэ унэм нэIуасэ фэхъуфэкIэ. Ори плъэгъугъэ сэрыкIэ ар зыфэдэгъэ хьэзабыр, ор шъыпкъэм, е ормырмэ, уишъуз ащ зэп къотэгъу шъузэрэфэхъущтыгъэр. Джы Мартын Зиусхьан гукIэгъушIэм ыгу къегъуи, ар къэзыгъэнэжьыгъэ цIыфышIур къысфигъэкIуагъ, ау ащ о къызэрэпIэ-

кӀахьэу укъецӀацӀэу ыкӀи Ӏаеу щыӀэр къепӀуалӀэу къыдебгъэжьагъ. Еплъыба скъо, ащ ищэӀу макъэ кӀэдэӀукӀ ыкӀи гум ычӀыпӀэкӀэ убгъэ мыжъо дэлъымэ, джащыгъум уиешъуапӀэ къызэӀух.

Нэужым ныор ыкъо кӀэрыхьи риӀуагъ:

– Умыгъ, сыпсэу сикӀал. Зиусхьаныр къыбдыӀэпыӀэщт! Джыри о жъы ухъугъэп ыкӀи зэкӀэри чӀэунагъэп, Тхьэр тэ тэрэмыгъэгубж къодыери ары. Умыгъ, къэтэджыри, некӀо Ӏоф тэгъашӀэ!

Мартын янэ едэӀугъ ыкӀи къэтэджи къазгъырыр ыштэжьыгъ. Мефодии джащ фэдэу иӀофшӀэн пидзэжьыгъ ыкӀи чӀыгу тыкъырышхохэр къыгуигъэзыхэу ригъэжьэжьыгъ.

Сыда адэ Петрач ышӀэнэу къыфэнэжьыгъагъэр? Ащ зэхишӀыкӀыщтыгъэ Ӏофэу зыфежьэн ыгу хэлъыгъэр зэрэдэигъэр ыкӀи мы цӀыфхэм ифэшъуашэу нэмыплъ къызэрэратыщтыгъэр, ау щытми къызэкӀэкӀонэу фэягъэп. Ар къуаджэм иунэшъошӀыхэр зычӀэсхэ ӀофшӀапӀэм кӀуагъэ сэнэшӀынымкӀэ Ӏизын къаӀихынэу. Ау Ӏизын ащ къыратыгъэп.

„Ар Ӏофэп ащ фэдизэу, – егупшысагъ ар, – гъусэ горэ къызыфэсшӀынышъ, санэр зэдэтшӀыщт, ищыкӀэгъэ Ӏизыныри къаӀысхыщт“.

Зыфаем фэдэ цӀыфи бэ тыримыгъашӀэу къыгъотыгъ, сэнэшӀыпӀи къызэдызэӀуахыгъ. Сыд фэдиз къыпцӀэ шӀагъуа цӀыфхэм ашхыным пае Зиусхьаным къыгъэкӀыгъэу щынаут хашӀыкӀынэу щыуаным рагъэкӀугъэр, нэужымкӀэ а щынаутымкӀэ ежьхэм ыкӀи къапэблэгъэ цӀыфхэм яакъыл зэрагъэкӀокӀыным пае.

ТхьамыкӀэгъо Ӏоф ар! Унэм ис цыгъохэр зэрэбгъэлӀэщт щынаут тӀэкӀу дэдэр къащыпщэфыным пае нахьыпэ рапшӀэу полициемрэ ӀэзакӀомрэ Ӏизын къы-

уатын фае, мыдрэ шъон гуаом цIыфхэр ебгъэунэхъулIэнхэм пае ищыкIагъэр аркъым икъэшIынрэ ищэнрэ уапылъыным ифитыныгъэ къыозытырэ тхылъыпIэ цIыкIу ныIэп.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

КIымафэр къэсыгъ. Дин мэфэкIэу жъамэ зыщагъэурэм иуахъти къихьагъ. Петрачхэм адэжь етIупщыгъэу джэгум изыфэгъэхьазырын щыкIощтыгъ. Ным Iофыбэ иIагъ, тым ышъхьэ Iофыгъуабэхэм зэтырачыщтыгъ, Евэ гушIом зэрихьэщтыгъэ. Самко зэкIэми ащыгъупшэжьыгъэм фэдагъ. Мыбжыхьэ къыщегъэжьагъэу ащ хэти дэгущыIэщтыгъэп, умышIэрэмэ щымыIахэм фэдэу. ШIуфэсэу арихырэм нахьыбэрэмкIэ къырагъэгъэзэжьыщтыгъэп, зэхамыхы фэдэу зыкъыфашIыщтыгъ. ЫшыпхъунахьыкIэ закъу ныIэп Iахьылыгъэ хэлъэу ащ къыдэгущыIэщтыгъэр. Пшъэшъэжъыем гукъэошхо иIагъ. ШIу къэзылъэгъущтыгъэ кIалэм ыщэнэу къыриIогъагъ, ау ащ янэрэ ятэрэ къыфадэщтыгъэп ыкIи къыщэнэу Iизын къыратыщтыгъэп. Арыти, нэмыкI пшъашъэ къыщэнэу ащ тыриубытагъ. Пшъашъэм ыгукIэ изэкъуагъ, ащ пае зыми къыримыдзэрэ кIалэу акIыб зыфагъэзагъэм ыгукIэ зыфикъудыищтыгъ. Хьакъощыжъ цIыкIоу ыш джы охътабэ зыщигъакIощтыгъэм ихьэщтыгъ.

Самко Ондрачикхэм адэжь джэмышхыхэр зэрэпшIыщтхэ шIыкIэм зыщыфигъэсэгъагъ ыкIи ыгу етыгъапэу ахэр фэIэпэIасэу ышIыщтыгъэх. Ащ къакIэкIорэ ахъщэр янэ ритыщтыгъэ шэф остыгъэхэм-

рэ щыгъурэ рищэфынхэу. Уахътэ иӀэ зыхъукӀэ джурт лӀыжъым дэжь кӀощтыгъэ.

– О зыфэгъэсэ къодыий ары ныӀэп, – къыриӀощтыгъэ джурт лӀыжъым, – етӀанэ зэгорэм сатыушӀынымкӀэ улажьэу ухъущт. Джащыгъум зэбгъэшӀэгъэ пстэури къыпшъхьапэжьыщт.

Пчыхьэрэ Самко нахьыбэрэмкӀэ Ондрачикхэм адэжь кӀощтыгъ ыкӀи ащ къэтыфэкӀэ зэрэшъхьэзакъор щыгъупшэжьыщтыгъэ. Мы хымэ унэм есыфэ джэнэтым щыӀэу къыщыхъущтыгъэ. Мыщ щызэхашӀэщтыгъэ Тхьэм и ГущыӀэхэм яшъыпкъагъэ зыфэдэр. КъащыгурыӀощтыгъ Пшъашъэу Мерэм гушӀуагъоу зыхэтыгъэр ащ мырэущтэу къыӀо зэхъум: „Сэ спсэкӀэ Зиусхьаным иинытъэ щытхъушхор фэсэшӀы, сымыкӀодэу сыкъэзыгъэнэжьырэ Тхьэм инэу сыщэгушӀукӀы“ (Лука 1:46-47). Ондрачикхэм яунэ щыпсэущтыгъэхэм агухэм, шъыпкъэмкӀэ, Христосыр къыщыхъугъ ыкӀи ящыӀэныгъэкӀэ апэрэу зэрифэшъуашэу Христосыр къызыхъугъэ Мафэр хагъэунэфыкӀыщтыгъ.

А кӀымэфэ дэдэм Подгайскэм ишъузи къыгъэзэжьыгъ. Ащ дэжь лӀыр фэтхэгъагъ къэкӀожьынэу елъэӀоу ыкӀи, шъыпкъэмкӀэ, къэкӀожьыгъагъ. ЗэрэгушӀощтыгъэм къыхэкӀэу зэрэпэгъокӀыщтыри ышӀагъэп, фишӀэщтыри къыфэугупшысыщтыгъэп. Ежь бзылъфыгъэми игушӀогъошхуагъ, зыфэмыщыӀэжьэу зэрэгъыщтыгъэм ар къыушыхьатыщтыгъ. Ащ къинкӀэ ышӀошъ ыгъэхъущтыгъ ежьым, ешъуакӀом ишъузкӀэ, джыри насыпыр дунаим щыриӀэу.

Джы пстэури нэмыкӀэу гъэпсыгъэ хъугъагъэ. Игуащэ рэзагъэ, сабыйхэр узынчъагъэх ыкӀи гушӀубзыугъэх, тыдэкӀи уплъагъэми ӀэпкӀэ-лъапкӀэу щызэӀэхыгъагъ, унэжъ цӀыкӀур зэрэщытэу, гуфэбагъэр

илъэу кIымафэм фытегъэпсыхьэгъагъ. Ашхыщтыр Мартынрэ янэрэ яшъыпкъэу къалэжьыщтыгъ.

Шъузым илэжьапкIэ щыщэу зэIуигъэкIэн ылъэкIыгъэр къызыдихьыжьыгъагъэти, чIыфэу ателъыгъэр ащ лъыпытэу зэкIэ атыжьыгъ. Ащ нэмыкIэуи игуащи, исабийхэми, илIи щыгъын горэхэр къафищэфыгъэх, пщэрыхьапIэри хьакъу-шыкъухэмкIэ ыгъэкIэжьыгъ. Сыдэу джы мыщ зэкIэри гоIоу къыщыпщыхъу хъугъагъа! БэшIагъа а унэр тхьамыкIагъом, нэпсым, имыкъуимыным янабгъоу зыщытыгъэр? Джы ошIэ-дэмышIэу илъэс имыкъукIэ ащ фэхъугъэ зэхъокIыныгъэр! Ар зэрэхьэламэтыр! Сыда ар къызыхэкIыгъэр? Емышъоныр ары! ЦIыфым зыкъишIэжьыгъ. ДжынэпцI ешъуагъэм ыжашъо къыдэзыжьи, Зиусхьаным ыIэу шъыпкъэныгъэм фэпсэурэм ычIэгъ чIэуцуагъ ыкIи ащ дэжьым ишъузрэ икIэлэцIыкIухэмрэ къыфэкIожьхи, иунагъо насыпыр къихьажьыгъ.

Мартын пчыхьэрэ ибын хэсэу егупшысэщтыгъэ: „Мыщ фэдэ гушIуагъоу ыкIи насыпыгъэу сэ симызакъоу зэрэунагъоу тиIэр ешъопIэ-шъонкIэ, джынэпцI шъхьэгъэуназэкIэ схъожьыщтыгъэх. КIодыпIэм ащ сыкъызэрэрищыжьыгъэмкIэ щытхъур Тхьэм ифэшъуаш!“

ЕшъокIо купэу зыхэтыгъэр Мартын бэшIагъэу щыгъупшэжьыгъагъ. Джы ащ къызэриугъоилIэрэ цIыфхэр нэмыкI шъыпкъагъэх. ИIахьылхэр, инэIуасэхэр, игъунэгъухэр мэфэкI мафэхэм иунэ цIыкIу изы къэхъущтыгъэх. Ащ фэдэ зэIукIэгъухэм, зэришэнэу Мефодие зыгорэм къащыфеджэщтыгъ, нэужым а къызэджагъэм тегущыIэжьыщтыгъэх. ШIэхэу нэмыкI унэхэми Мефодие арагъэблагъэу хъугъэ.

– Мефодий, къызэрэсщыхъурэмкIэ, ягъогу техьан-

хэу пцIашхъохэр къэзэрэугъоихэу фежьагъэх, – зэгорэм Самко къыIуагъ. – Мэзым тыщыIэзэ къэпIогъагъ зэкIэ тикъуаджэ зэрэщытэу Тхьэм ибзыу купэу зэрэугъоин фаеу ыкIи тэ ащ ублапIэ фэтшIынэу. Джы, сымыгъуащэрэмэ, Iофыр ащ фэкIон фае.

– Къин, Самко. ХьаолыекIэ аIуагъэп: „ЩыIэныгъэм икъэлапчъэ зэжъу, ащ кIорэ гъогури бгъузэ. Ар къэзыгъотхэрэри макIэ“. КIо, зыгорэу хъун. Тыгу дгъэкIодынэп. ЦIыфхэм лъагъор ядгъэлъэгъущт, зыгорэкIэ Исусыр зэрыкIогъэ гъогум рыкIонэу фае къахэмыкIымэ, ащ пае къэтымыгъанэу тэ илъэуж тырыкIон фае. Ащ хэти риIуагъ:„Сауж къихь!“ О, оры шъыпкъэр ыуж ихь. Христосым а игущыIэ зэкIэми апэу оры зыфэгъэхьыгъэр, етIанэ адрэхэм афэкIо.

А тхьамафэм Мефодие иунэ пэIухьащт псэолъапхъэхэр Ондрачикхэм къащэщтыгъэ: гъатхэм ехъулIэу ащ ишIын фежьэнхэу арыгъэ. Нахьыпэ рапшIэу Мефодие зэкIэ ыгъэхьазырыгъ, Iуашъхьэр Iуахыгъэхагъ. Чырбыщэу ищыкIэгъэщтым фэдизи шIыгъэхагъэ. Унэ лъапсэ ашIыщт, мыжъо гъэчъыгъэхэри афырикъущтыгъэх. Унашъхьэм тыралъхьащт гъуржъыри нахь пасэу къащи, Ондрачикхэм адэжь щызэтыралъхьагъ. Мэзыми пчэгъу зыхашIыкIыщт чъыг ныбжьыкIэхэр къыщыраупкIыгъэх: зэкIэ ихапIэ зэрэщытэу чэукIэ къэшIыхьэгъэнэу Мефодие фэягъ.

Пчэдыжь горэм Ондрачикхэм къэбар гухэкI къалъыIэсыгъ. Япхъу Аннэу зилI игъусэу Америкэм щыпсэущтыгъэм къытхыщтыгъ ишъхьагъусэ уз хьылъэ къызэреузырэр. Ар нэшъу шъыпкъэ мыхъуным пае ядэжь псынкIэу къагъэзэжьын фаеу Iазэм ылъытэщтыгъ. Ащ пае сымэджэщым лIыр къызэрэчIатхыкIыжьыгъэм тетэу гъогум къытехьажьынхэу загъэхьазырыгъ.

Нахь пасэу а къэбар гомыIур къаIукIэгъагъэмэ, ахэр лъэшэу ыгъэгумэкIыщтгъагъэх гъэнэфагъэу. Ау джы Тхьэм елъэIунхэу зызагъасэм, моущтэу аIуагъ ныIэп:

– Тхьэм шIоигъор ары хъущтыр! Зиусхьаным арэущтэу хъунэу игъоу ылъэгъугъэмэ, а ушэтыныр тщэчыщт.

А тхьэмафэ дэдэу Петрачхэм янысэщэ джэгу зыщыIэнэу щытыгъэм ыкIи ежь Ондрачикхэри зыщырагъэблэгъагъэхэм тефэу махъулъэ сымаджэмрэ гъогум апхъоу сымаджэ техъухьагъэмрэ къэсыжьыгъэх. Доркэ джы джэгур шIоIофыжьыгъэп: унэм IофшIэнэу илъ кортыр ерэгъэцэкIэшъури арыгъэ ныIэп зыфэягъэр! Мефодие адэмыпсэущтыгъэмэ, зэрэзекIощтгъагъэхэр ахэмкIэ къэшIэгъоягъ. ЕтIани анахь Iофыгъэр IэпыIэгъукIэ зыщыгугъынхэ зэрэщымыIагъэр ары.

Апхъу Аннэу къэкIожьыгъэм ыгъэшIагъощтыгъэ: хэта нэжъ-Iужъхэм ащ фэдэу къафэгумэкIэу адеIэрэр? Джащыгъум Доркэрэ янэрэ, тыри зарахэтэу, Iофыр зытетым ар щагъэгъозагъ, раIотагъ Зиусхьаным чыракIоу къафигъэкIуагъэр зыфэдэр. Юсыф – Аннэ илIи, чыракIор зыфэдэр ыгъэшIагъощтыгъэ. Ащ пае ыIощтыгъэ:

– Ащ ымакъэ сэ синэIуас, зэгорэм ар зэхэсхыгъагъэм фэдэу.

– Хэта зышIэрэр! Шъо мызэу-мытIоу шъузэIукIэгъэнкIи мэхъу. Тэри ар къыздикIыгъэр тшIэрэп. Ныбжьи ежьым икъэбар тегущыIэу къыхэкIыгъэп. Ау ащ къыIуатэхэрэмкIэ къыбгурэIо дунаим бэ зэрэщилъэгъугъэр.

Тхьаумафэр – Петрачхэм яджэгу зыщыIэщт мафэр къэсыгъ. Джурт лIыжъыр иунэжъ цIыкIу ит

хьаку фабэм кIэрысэу щыIэныгъэм егупшысэщтыгъэ. Пчъэхэри шъхьангъупчъэхэри зэрэфэшIыгъагъэх нахь мышIэми, зиджэгухэм адэжь къыщыIурэ орэдышъохэмрэ мэкъамэхэмрэ зэхэугуфыкIыгъэу лIыжъым къылъыIэсыщтыгъэх.

ОшIэ-дэмышIэу пчъэр къыIуихи, Мефодие къихьагъ.

– Къеблагъ! – гушIуагъэ лIыжъыр. – Сикъэбар зэбгъэшIэнэу укъэкIуагъ, ара! Шъо шъуиунэкIэ Iофхэр сыдэу щытха?

– ТхьэмкIэ щытхъу. Джы нахь шIуIо хъугъэх. IэзакIом къызэриIуагъэмкIэ, гъатхэм ехъулIэу хъужьыпэнэу ары, адрэ шъузэу Аннэ къэтэджыжьыпагъ, зэрэкIочIаджэмкIэ джыри тIэкIу мэтхьаусыхэми.

– КъедэIу Мефодий, моу укъихьаным ыпэкIэ сыщысэу сегупшысэщтыгъ: сыда джы узэрэхъущтыр? Ондрачик ыпхъурэ ащ илIырэ къыфэкIожьыгъэх ыкIи ахэр шIэхэу хъужьыщтых, нэужым лIыжъныожъхэм Iахъом щэхъу ямыщыкIэгъэжьынкIи мэхъу.

– Iо хэлъэп. ЧырэкуитIумэ яз атIупщыжьын фаеу хъущт. Арышъ, сэ ахэмэ адэжь сызэрэщыIэжьыщтыр гъатхэм нэс ныIэп. Шъыпкъэр пIощтмэ, джыдэдэм ащ фэдизэу сэ ахэмэ сырящыкIэгъэжьэп. Джыдэдэми сыIукIыжьын слъэкIыныгъи, ау псэолъэшIыным ыуж сихьэгъах, етIани нэмыкI Iофхэри сиIэгох.

– Сыдэу хъумэ уIукIыжьыщт? – къыхэкуукIыгъ лIыжъыр. – Сыда узыкIыIукIыжьыщтыр? Сыда тэ тшIэщтыр, сыда тищыIэкIэщтыр о утхэкIыжьмэ? НэмыкIхэм ар ащ фэдизэу къащымыхъункIи хъун, ау Давид лIыжъыр сыдэу хъущта – ар гум къиунэмэ?

– О сэ сыогъэлъапIэу ара ащ къикIырэр? ШIу сыолъэгъуа? – Мефодие лIыжъым IаплI рищэкIыгъ, Давид игухэкI ышъхьэ къызыщыфырихыгъагъэм зэришIыгъагъэм фэдэу.

– Ащ укъыкIэмыупчIэжь! О слъэу жъы хъугъэр къысфэбгъэфэбагъэмэ, сыдэущтэу сыгу шIу уимылъэгъун ылъэкIына?

Унэм рэхьат щыхъугъ.

– КъэошIэжьа, силъапIэу Давид, бжыхьэм узэрызгъэгугъэгъагъэр?

– Зыгорэ къысфэпIотэнэу къызэрэсэпIогъагъэр ара? Ар сэ дэгъоу къэсэшIэжьы ыкIи бэшIагъэу сыкъежэ къысфэпIотэнэу.

– Арымэ, ащыгъум сэ къыпфэсIуатэмэ сшIоигъу шIу узыкIэслъэгъурэр.

– Сэри? Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, о зэкIэри шIу олъэгъун фае, ар Христосым унашъо къызэрэпфишIыжьыгъагъэм тетэу.

– Щэч хэлъэп, сыда зыпIокIэ Зиусхьанэу Христосым ар унашъо къытфишIыгъ мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ: „Ти КъэгъэнэжьакIо джуртхэм ащыщын фае“. Ау сэ шIу узыкIэслъэгъурэр цIыфэу узэрэщыт закъор арэп. ШIу узэрэслъэгъурэр нэмыкI шъыпкъ. Ар шIушIэгъабэкIэ зичIыфэ стелъыгъэ джурт горэм къысфыщинагъ.

– Сыда къапIорэр? – игъэшIэгъуагъ лIыжъым. – Зыгори къызгурыIорэп. КъысфэIуат нахь зэхэугуфыкIыгъэу.

– ОшIа, сэ илъэсыбэрэ Тхьи Христоси къисымыдзэхэу дунаим сытетыгъ. Ныбжьи сегупшысэщтыгъэп мыкIодыжьыныпсэ зэрэсиIэм ыкIи сызылIэрэ нэужым зэкIэ къэзгъэшIагъэмкIэ къызэрэсэупчIыщтхэм. ЗэкIэри зэрэпсэурэм фэдэу сэри сыпсэущ-

тыгъ. Ащ нэужым сигъашIэ зыфэдэ шъыпкъэм сыщызыгъэгъозэгъэ ыкIи Христосыр къызэрэзгъотыщтыр сэзыгъэшIэгъэ джурт горэм нэIуасэ сыфэхъугъагъ. Ащ сыфигъэсагъ Тхьэм Ыкъо шIу зэрэплъэгъущтым ыкIи къызгуригъэIуагъ тэ, цIыфхэри, Тхьэм ибынхэу тыщытынхэ зэрэфаер... Джы ар псэоу щыIэжьэп, Зиусхьаныр къеджи, Ыдэжь ыщэжьыгъ.

– Ар джуртыщтыгъэу, ау ащ пае къэмынэу о Христосыр зэхэпшIыкIыным ыкIи Ар шIу плъэгъуным уафигъэсагъэу ара къызэрэпIуагъэр? – гъэшIэгъон щыхъоу къэупчIагъ лIыжъыр.

– Ары, ар джуртхэм къахэкIыгъэу джурт шъыпкъэу щытыгъ. Ащ джуртхэм Христос икъэбар ригъэIущтыгъ. Ащ ищыIэныгъэ зыфигъэшIушIэщтыгъэр Христос, КъэгъэнэжьакIор, къызэрэкIогъахэм икъэбар ахэм афиIотэныр ары. Ащ цIыфхэм агуригъэIуагъ япсэкIодхэм афыкIэгъожьыхэмэ, мыкIодхэу Тхьэм ахэр къызэригъэнэжьыщтхэр. Исус илъэпкъ зэрэдэпсэурэр, джыри Ар дунаим къызэрэкIожьыщтыр, ау мызыгъэгум зэкIэ цIыф лъэпкъым пае къызэрэкIощтыр зэхаригъэшIыкIыщтыгъ ащ.

– Ащыгъум ар джуртыгъэп ныIа! Ар чыристанэу щытыгъи!

– ИшIошъхъуныгъэкIэ чыристанэу щытыгъ, ау илъэпкъыкIэ джуртыгъ. ЫкIи ар рыгушхощтыгъэ зэрэджуртым. Ащ Тхьэм щытхъу фишIыщтыгъ а цIыф лъэпкъым зэрэщыщым пае. А цIыф лъэпкъэу Исус зыщыщым Тхьэм инэфынэу шъыпкъэр адрэ цIыф лъэпкъэу щыIэхэм алъигъэIэсыгъ.

Ар цIыф насыпышIоу щытыгъ, ау ыгъэцэкIэн ымылъэкIыгъэ гугъэпIэ-хъопсапIэ иIагъ. Ар гукъао щыхъущтыгъ. Джащыгъум сыд фэдиз къин теслъагъоми

ар зыкIэхъопсыщтыгъэр фэзгъэцэкIэнэу гущыIэ естыгъагъ. Ащ цыхьэшIэгъу сишIыгъ ыкIи Тхьэм сызэригъэлъэкIыгъэм пае сэри ар згъэпцIагъэп.

– Ар сыд фэдэ гъэгугъэу щытыгъа? – гуцафэ горэ зэришIырэр къыхэщэу лIыжъыр къэупчIагъ ыкIи зэхихырэр ыгъэшIагъоу иныбджэгъу ныбжьыкIэ къыIуплъагъ. Ар непэ нэмыкI шIыкI къызэрэгущыIэщтыгъэр: умышIэрэмэ Ондрачикхэм ячыракIоу щымытыгъ пIонэу ыкIи ахэмэ афэмылажьэщтыгъэм фэдэу.

– Пшъэрылъэу къысфашIыгъагъэмкIэ укъысэупчIы, ара?.. Iофыр зэрэщытыр ошIа, ащ лъэшэу ыгъэлъапIэу, зэкIэми анахьышIу ылъэгъоу, ау ныбжьи ымылъэгъугъэу зы нэбгырэ дунаим щыриIагъ. Ар зэримылъэгъугъагъэр ары гукъаоу иIагъэр. Исус тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьырэм икъэбар ащ фихьмэ шIоигъуагъ, ау фызэшIокIыгъэп: ышIэщтыгъэп а цIыфыр зыдэщыIэ чIыпIэр...

– Адэ ар о къэбгъотыгъа?

– Къэзгъотыгъ ыкIи...

А охътэ дэдэм тефэу нэфынэшхом унэ кIоцIыр къызэлъигъэнэфыгъ ыкIи гъогы-кIыи макъэхэр къэIугъэх. Мефодиерэ Давидрэ къызыщылъэтыгъэх.

– МокIэ тхьамыкIагъо горэ къыщыхъугъ! – джуртым щагумкIэ Iапэ ышIыгъ.

– Ары, ащ зыгорэм къыщыкIэнагъ! ХъяркIэ, сэ ащ сычъэщт, – ыIуагъ Мефодие.

– Тыдэ? МашIоми?

– Ары адэ! Ащ пстэури щешъогъаехэкIэ енэгуягъо. Зыгорэм остыгъэр ыгъэукIорыегъэн фае, IэпыIэгъу зыфэмыхъужьышъурэ Самко ахэмэ ахэтымэ...

– УмыкIу! – Давид ар зэтыриIэжэнэу пылъыгъ, ау Мефодие ыIэ лIыжъым IэкIитхъи, унэм къилъэтыгъ.

ШъыпкъэмкIэ, джэгум тхьамыкIагъу къыщыхъугъэр. Псэлъыхъом иныбджэгъу ешъогъаехэм ащыщ горэм ыгу къэкIыгъ къыпцIэ аркъэу лагъэм машIо зыщыкIэдзагъэр джэгу Iанэм къытыригъэуцонэу. Iанэм дэжь ар щыцIанлъи, аркъэу стырэр псэлъыхъомрэ Iанэмрэ къатырикIагъ. НэгъэупIэпIэгъу закъокIэ псэлъыхъо насыпынчъэм иджанэ мыстхъу машIом фэдэу къызэкIэнагъ, Iэнэтехъори машIом зэлъиштагъ. Бырысырышхом зыкъиIэтыгъ. Ащыщхэм пчъэмкIэ задзыгъ, нэмыкIхэр шъхьангъупчъэмкIэ къиркIыщтыгъэх. Къэзыщагъэр куом хэтэу лъаIощтыгъэ IэпыIэгъу фэхъунхэу, лыузымрэ гузэжъогъумрэ къахэкIэу Iанэм дэпкIэягъ, нэужым къепкIэхыжьыгъ, джэхашъом зытыридзи, мэшIобзыир зыпиутыным пае зыщигъэукIорэеу ригъэжьагъ. НысакIэм ащ ыдэжькIэ зидзыгъ ежь ыIэхэмкIэ машIор ыгъэкIосэнэу, ау ипшъэшъэгъухэм ар ыбгъукIэ кIэралъэшъунэу игъо ифагъэх.

Нэбгырэ заулэмэ зыкъашIэжьи, Iанэм псы тыракIэу аублагъ, нэмыкI ешъуагъэ горэм аркъ бэшэрэбыр къышти, ащ итыр псэу къышIошIыгъэти, машIом пикIэу ыублагъ. Нахь лъэшыжьыхэу мэшIотхъуабзэм джыри зыкъиIэтыгъ.

Ащ дэжьым Мефодие унэм къилъэдагъ. Ащ ыIыгъыгъ шъхьэрыхъошхо гъэуцIыныгъэ ыкIи мэшIобзыим зэлъиштэгъэ псэлъыхъом кIэрылъади, пытэу ар къырищэкIыгъ ыкIи ащ дэжьым машIор кIосагъэ. Ау унэ кIоцIым машIор нахь макIэ щыхъущтыгъэп. Куом хэтэу цIыфхэр унэм къилъэтыщтыгъэх. Iугъо Iужъумрэ стырымэ Iаемрэ чыир зэпаубытыкIыщтыгъ ыкIи ерагъэкIэ пстэуми ашъхьэ унэм къырахыжьыщтыгъ.

НысакIэр мэхыгъэу унэм къырахыгъ, къэзыщэрэ

кӀалэр Мефодие къырилъэшъугъ ыкӀи щагум дэтыгъэ цӀыфхэм къаритыгъ. ЕтӀанэ ежьыр икӀэрыкӀэу унэу стырэм илъади, шъхьангъупчъэхэр фишӀыжьыгъэх. МэшӀобзыйхэр бгъу пстэумкӀи ащ къылъыбанэщтыгъэх ыкӀи щынэгъуагъэ ежьыми къыкӀэнэнкӀэ. ЗыгъэпсынкӀэгъэн фэягъэ. Арыти, псынкӀэу унэм зыщиплъыхьагъ. КъыпцӀэм хэшӀыкӀыгъэ аркъ бэшэрэбитӀу ылъэгъугъэти, ахэр къыпхъуатэхи унэм къилъэтыжьыгъ ыкӀи пчъэхэр зэфишӀыжьыгъэх. Ащ къыпэгъокӀыгъэхэу къачъэщтыгъэх Петрач лӀыжъымрэ нахь мыутэшъуагъэхэу цӀыфхэм ахэтыгъэхэмрэ псыр зэрыз щалъэхэр аӀыгъыхэу.

– Тыдэ шъухьыра мы псыр? – Мефодие ахэмэ якууагъ. – Псым машӀор мызыгъэгум фэгъэкӀосэщтэп. Аркъэу икӀутыгъэ щыӀэмэ, ар остыфэкӀэ ежэгъэн фае. ЕтӀанэ дгъэкӀосэн тлъэкӀыщт. Нэужым гъэкӀосэным ыуж уихьэмэ хъущт. ТхьэмкӀэ шыкур, мы бэшэрэбитӀур къисхынэу Ар ӀэпыӀэгъу къызэрэсфэхъугъэм пае. Армырмэ, машӀор алъыӀэсэу ахэр къыгъэогъагъэхэмэ, хъун ылъэкӀыщтыгъэр къызышӀобгъэшӀынкӀэ щынагъо.

Ары, джэгум къыпыкӀыгъэр тхьамыкӀагъу. ЗэкӀ пӀоми хъунэу ащ къекӀолӀэгъагъэхэм ящыгъынхэр ыгъэкӀодыгъэх. Мыдрэ къэзыщэщтыгъэ кӀалэр армэ! Псэлъыхъо тхьамыкӀ! Ар зэрэхэстыхьэгъагъэмкӀэ угу ыгъэкӀодыщтыгъэ уеплъынкӀэ. Насыпыгъэшхоу щытыгъ мэшӀобзыир унэ кӀоцӀым къызэримыкӀыгъэр, ар жьыр зэримыкъущтыгъэм пае Ӏугъом зэрэхэкӀосахьыжьыгъэр. Аущтэу хъугъэми, унэм итыгъэр зэкӀ пӀоми хъунэу хэстыхьагъ. Ежь унэр зэрэпсаоу къэнэгъагъ ныӀэп.

– Зыпари къэнэжьыгъэп, къэзыщэрэ кӀалэри хэстыхьаныгъи ащ дэжьым Ондрачик ичырэкӀо кӀалэ

къыримыхьылIэгъагъэмэ, – яцыхьэ телъэу бэрэ зэкIэми къаIощтыгъэ.

Бэрэ а джэгум зыфагъэхьазырыгъагъ, ау ащ щыхъугъэр ащ нахьи нахьыбэрэ агу къэкIыжьыщтыгъ.

БлэкIыгъэ тхьэмафэм Петрач ишъуз ныом игъунэгъухэм ариIощтыгъэ:

– Ондрачикхэр Тхьэм игъогу техьагъэх, ау ахэмэ яунэ сымаджэр изыбз. Енэгуягъо, Тхьэм игъогу зэрэтехьагъэхэм макIэу ишIуагъэ къакIокIэ, зэхъокIыгъэ афэхъугъэу пIон плъэкIыщтэп!

Джы ежьым иунэ тхьамыкIагъор изыбзэ хъугъэ, ар къызыхэкIыгъэр а унэм исхэм Тхьэм игъогу техьагъэхэу е Тхьэм къатырилъхьагъэу пщыныжькIэ арэу пфэIохэнэп. А IофымкIэ Тхьэм игугъуи пшIы хъунэу щытыгъэп. Тхьэр арэп яджэгу хэтынэу къырагъэблэгъагъэр, ащ ычIыпIэкIэ къырагъэблэгъагъэхэр шэйтанымрэ аркъымрэ арых нахькIэ. Ащ хьантхъупс фагъэхьазырыгъ, ау ар стырыщэу къычIэкIи, пстэури зэхистахьыгъэ.

Анахьэу Iаеу ыстыгъэр къэзыщэгъэ кIалэр ишIупщ игъусэу шэйтан шъоныр къызщагъэхьазырыщтыр унэгъуакIэм къыщызэIузыхынэу ыкIи зэрэкъуаджэу зыгъэунэзэн зыгу хэлъыгъэр ары. Ар къинышхо хэтыгъ. Чэщи мафи гупсэф ымыгъотэу лыузым ыгъэкуощтыгъэ. Унагъом исхэм IэзакIом сыд къыфыритхыкIыгъэми, ныо Iэзэ зэфэшъхьафхэм зэкIэ къыраIощтыгъэри рашIэфыщтыгъэ нахь мышIэми, иIоф нахьышIу хъущтыгъэп.

Ящэнэрэ мафэм Мефодие ибысым Ондрачик ыдэжь къэкIуагъ ыкIи моущтэу къыриIуагъ:

– МэфищкIэ сытIупщ. Петрачхэм адэжь сыщыIагъ, сымаджэм зэрэдэзекIохэрэр зэбламыхъумэ узым къыхэкIэу ышъхьэ зэкIокIыщт е лIэщт. Сэ ащ

сыкIэрысынэу сыфай. СыптIупщымэ, сэ сшъхьэкIэ ащ сынаIэ тезгъэтыщт ыкIи сыкIэлъырысыщт.

– Тхьэр гъусэ къыпфэсэшIы! КIо. Щэч хэлъэп зэкIэми анахьышIоу о ащ укъыдекIокIын зэрэплъэкIыщтым. Сигуапэу сэ сшъхьэкIэ уиIоф зэшIосхын, кIэлэ сымаджэм уишIуагъэ ерэкIыри ары ныIэп. Лъэшэу гукъао хъущт ныбжьыкIэр ащ илIыкIымэ.

Мефодие унэм икIыгъ. Петрачхэм адэжь кIуи яунэ зехьэм, зэкIэ ащ исыгъэхэр лъэшэу гушIуагъэх къызыфэкIуагъэр зареIом. ЗэкIэми анахьэу гушIуагъэр IэзакIоу кIалэм икъулайныгъэрэ игулъытэрэ псынкIэу гу къалъызытагъэр ары. А сыхьат дэдэм IэзакIом унашъо унагъом фишIыгъ иIэпыIэгъу кIалэу къэкIуагъэм ишIэ хэмылъэу сымаджэм зыгорэ Iэзэгъу уц рамытынэуи зыпари рамышIэлIэнэуи.

А сыхьатым къыщыублагъэу Iофыр нахьышIоу кIэкIы хъугъэ. Сымаджэм къызэхишIэщтыгъэ джы нэмыкIыIэхэр къызэрэнэсыхэрэр ыкIи нахь рэхьат хъугъэ. ЦыхьэшIэгъоу ыкIи IорышIэу рашIалIэрэм къезэгъыщтыгъэ.

Ары шъхьаем, мэфищыр мэкIаIоу къычIэкIыгъ ыкIи тхьэмэфэ псэум къыкIоцI Петрачхэм адэжь Мефодие щыIэн фаеу хъугъагъэ. Петрач ишъуз ежьым ышъхьэкIэ Ондрачикхэм адэжь кIогъагъэ ыкIи джыри мэфэ заулэкIэ Мефодие ядэжь къыгъэнэнэу ялъэIугъ.

– Тхьэм ихьатыркIэ сыолъэIу, сигъунэгъу лъапI. Ежь Тхьэр ары уичыракIо мэлэIич-гъэхъужьакIор игъусэу къытфэзыгъэкIуагъэр. Ащ итхьэмэфэ лэжьапкIэ, Iо хэмылъэу, тэ къыоттыщт.

Ондрачик къеуцолIагъ гъунэгъухэм адэжь иIофышIэ къыгъэнэнэу, ау лэжьапкIэр къыратыжьыныр ыдагъэп.

– ТхьамыкӀэгъо уахътэм ар къош ӀэпыӀэгъоу орэхъу ыкӀи ащ паекӀэ пкӀэ къаӀыпхыныри псэкӀод хъун. Арышъ, сигъунэгъу, ащкӀэ сыбгъэдэӀонэуи упымыхь. Хьау, хьау, ащ фэдэ ӀофкӀэ ахъщэм игугъу пшӀы хъунэу щытэп. Мефодие чэщи-мафи имыӀэу шъуисымаджэ къызыкӀыдекӀокӀырэр къыпэблэгъэ цӀыфым шӀулъэгъу къабзэ зэрэфыриӀэм пае. Ащ фэдэ шӀулъэгъум пае мэфэ лэжьапкӀэр аӀыпхы хъуна?

Тхьэмафэм ыкӀэм сымаджэр ылъакъохэм атеуцон ылъэкӀэу хъугъагъэ ыкӀи изытет джы бэкӀэ нахьышӀу зэрэхъугъэм гу лъытэгъоягъэп. Ары пакӀошъ, Ӏоф тӀэкӀуи ышӀэн ылъэкӀыщтыгъ.

– А пстэумкӀи, Мефодий, оры зишӀуагъэ къысэзыгъэкӀыгъэр, – Петрач имэхъулъэ ныбжьыкӀэ ынэпсыхэр къышӀуакӀохэзэ кӀалэм къыриӀощтыгъэ. – МашӀом сыкъыхэпхыжьи о сыкъэбгъэнэжьыгъ ыкӀи сиузи бгъэхъужьыгъэ.

Петрач нэжъ-Ӏужъхэми дэкӀогъэ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэми Ондрачик ичыракӀо фашӀэжьыщтыр ашӀэщтыгъэп.

– Сэрэп шӀушӀэр зифэшъуашэр Тхьэр ары нахь, – пшӀошъ ыгъэхъоу Мефодие ариӀожьыщтыгъ. – Щытхъур ащ паекӀэ тӀэтын. Тхьэми тежъугъэлъэӀу тызэгъусэхэу. НэужкӀи тхьэлъэӀур зыщыдгъэгъупшэнэп.

ЫкӀи Петрачхэм яунагъокӀэ апэрэу зэгъусэхэу Тхьэм зэделъэӀугъэх. Агу къыдеӀэу, шӀошъхъуныгъэ фыряӀэу, агу фызэӀухыгъэу Тхьэм ищытхъу аӀуатэщтыгъ.

Самко гушӀуагъом зэлъиштэгъагъ.

„Тэ типцӀашхъохэр къэзэрэугъоигъэх Тхьэм дэжь быбынхэу, – егупшысэщтыгъ ар. – ЫкӀи тиунагъо

джы зы зышIырэр шхэн закъомрэ Iофшlэн къодыемрэ арэп, Тхьэм агукIэ зыфащэи зэрэхъугъэри ары“.

Ары, мы „пцIэшхъо отэрыри“ гъогу тэрэзым техьагъ, ау сыд фэдэ уасэкIэ? ...сыд фэдэ къиныгъохэр ыкIи хьэзабхэр ащ пае зэпачынхэ фаеу хъугъагъа?

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

КIымафэр икIи, гъатхэр къэсыгъ. КъэкIуагъ ыкIи джыри кIожьыгъэ бзыу шIагъоу, быбатэу, орэд къэзыIоу, гур зыгъэчэфэу, етIанэ нэгъэупIэпIэгъу закъокIэ ошIэ-дэмышIэу кIодыжьырэм фэдэу.

Илъэситlукlэ узэкIэIэбэжьмэ, Рузанскэ Мефодие Ондрачикхэм адэжь къызэкIом зэрэщытыгъэм фэдэу джыри тыгъэнэбзый стырхэм къагъэплъырэ дунаим лэжьыгъэхэм ягъо къыщыхъугъ.

Ондрачик имахъулъэ бэшIагъоу хъужьыгъагъэ ыкIи джы щэджэгъошхэ ужым унэ пашъхьэм итэу ар ишъуз кIыгъоу Америкэм ежьэным ыпэкIэ Iошъхьэ теплъаджэр зыдэщытыгъэмкIэ плъэщтыгъэ. Iуашъхьэр джы щыIэжьыгъэп, ащ ычIыпIэкIэ чъыгхэтэ шIагъоу чэу шхъонтIэ дахэм фэдэм къыуцухьэщтыгъэ унэр щытыгъ. Ар иныгъэп, ау шъхьаныгъупчъэ шъуамбгъохэр хэлъыхэу, кIэракIэу гъэпсыгъагъэ. Къуаджэм ащ фэдэ унэ гори дэтыгъэп.

Хъугъэр пшIошъ гъэхъугъуае! – Ондрачик имахъулъэ ыгъэшIагъощтыгъ. – А къамцIыч гомыIум фэдэу тапашъхьэ итыгъэм рэхьатэу тэ теплъэу тыщысыгъ ыкIи зи етшIэщтыгъэп. Мыдрэ Мефодие къинышхуи тыримылъагъоу а зэкIэри унэ дахэкIэ зэрихъокIыгъэ. Сынэгу къыкIэзгъэуцожьын слъэкIыгъагъэмэ

ащ сыгу къыгъэкIыжьырэр. ЫнэгукIэ, итеплъэкIэ арэп, ымакъэкIэ ары нахь. Щэч хэмылъэу а кIалэм нахьыпэкIэ сэ зыгорэм сыщыIукIэгъагъ!

Ондрачик имахъулъэ закъоп Мефодие иунэ зыгъэшIагъощтыгъэр, зэрэкъуаджэуи ары нахь. Гъатхэр къызэрэсыгъэм лъыпытэу псэолъэшIыным фежьэгъагъэх. Мефодие чырбыщзэтелъхьэхэр къыригъэблэгъагъэх, ежьым ахэмэ пэщэныгъэ адызэрихьэщтыгъэ псэолъэшI (архитектор) IэпэIасэм фэдэу. Ащ унашъхьэр лъагэу аригъэIэтыгъ ыкIи кIашъом унэцIыкIу шIагъо ущыпсэун плъэкIынэу теты хъугъэ. ЧIыунэу ычIэгъ чIэтыри псэупIэм тегъэпсыхьагъэ хъугъэ. А хьалэмэтым еплъымэ ашIоигъоу мафэ къэси цIыфхэр къакIощтыгъэх. Зы нэбгырэп ехъуапсэу зышъхьэ зыгъэсысыщтыгъэр ыкIи зыIощтыгъэр:

– Шъыпкъэр пIощтмэ, сэри мощ фэдэ унэ сфэшIыгъэмэ сигопэныгъи. Ар унэ къодыеп, унэ хьалэмэт нахь. Уеплъы зэпытыгъэкIи уезэщырэп. Адэ унэ кIоцIыхэри нэфынэхэшъ, етIани ахэр Iэрыфэгъухэу гоIоу гъэпсыгъэхэшъ!

Мефодие джыри Ондрачикхэм яунагъо щыпсэущтыгъ, ау джы ар афэчырэжьыщтыгъэп. Зыхэс унагъом фэтэрыпкIэр ыкIи зэрагъашхэрэм пае ыпкIэ ритыщтыгъ. Иунэ зышIыхэрэр Подгайскэм ишъуз ыгъашхэщтыгъэх. Мефодие фэягъэп Ондрачикхэм ябзылъфыгъэхэм Iоф лые атыригъэкIэнэу, армырми ахэр хъызмэт инэу яIэм фырекъухэ къодый ныIэп.

Мефодие закъоп унэм ишIын пылъыгъэр, – Петрачхэри арых. Петрач ешъопIэ-сатыушIыпIэ къызэIуихыгъэп ыкIи къызэIуихынэуи пылъыжьыгъэп. Тучанми джы ар егупшысэжьыщтыгъэп: ахъщэр икъущтыгъэп. КIымафэм мылъку макIэп ныIа ыгъэкIодыгъэр: апэрэмкIэ, джэгу тхьамыкIагъор лъапIэу

къафыдэкIыгъ; ятIонэрэмкIэ, бэ пэIухьагъэр махъулъэм иеIэзэн, ыкIи, ящэнэрэмкIэ, зэкIэри икIэрыкIэу зыпкъ игъэуцожьыгъэн фэягъэ. Тхьэм зэриIонэу, сатыушIыпIэкIэ агъэнэфэгъэгъэ унэр къызэтенагъ, ущыпсэун плъэкIынэу щытыгъ. Мыдрэ унэу джэгур зыщыкIуагъэм икIашъуи, ипчъэхэри, ишъхьаныгъупчъэхэри икIэрыкIэу шIыжьыгъэнхэ фэягъэ.

Гъунэгъухэр щыгъуазэ хъугъэх Петрач Мефодие зэрезэгъыгъэ иунэ ежь зэрэщыпсэущтым имызакъоу, Самко зэрысыщтыри, сатыу зыщишIыщтыри щигъэпсынхэу.

Давид лIыжъыр къэшIэжьыгъоягъ. Ар нахь ныбжьыкIэ хъужьыгъэм фэдагъ, тыдэкIи игъо щифэщтыгъэ упчIэжьэгъу афэхъунэуи, IофкIи ишIуагъэ къэгъэкIонэуи. ЦIыфхэм агъэшIагъоштыгъ ащ фэдэ зэхъокIыныгъэу мо джурт лIыжъым фэхъугъэри. НахьыпэкIэ ащ зы гущыIи къыIоу зэхэпхыныгъэп шIуфэс кIэкIырэ гущыIэхэу „ары“ „арэп“ афэшъхьаф. Джы ар гущыIэрые хъугъэ ыкIи пстэуми афэнэгушIу. Ынэгу шъо тэрэз къытехьажьыгъ ныбжьыкIэм фэдэу, ежьыр зэрэщытэу къэраб хъугъагъэ нахь мышIэми.

– ГъэшIэгъонэу зэхъокIыгъэ хъугъэ! – аIощтыгъ къэбарзехьэ бзылъфыгъэхэм. – КъыхэкIыщтыгъ ушIоижьыгъу, чэпатхъэу ар хэтыщтыгъэу, джы ар къэбзэ зэпыт, щыгъын дэгъу фэшъхьафи къызыщилъэу плъэгъущтэп.

Ар зишIуагъэу щытыгъэр Подгайскэм ишъуз арыгъэ. Джурт лIыжъым фэдэщтми, фэгыкIэщтми зыкIи щымэхъашэщтыгъэп. Бзылъфыгъэр пстэуми алъыплъэщтыгъ ыкIи Давид иунэжъ цIыкIуи пылъынэу уахътэ къыхигъуатэщтыгъ: ащ идэпкъыхэр кIиижьыгъэх, пIэкIэлъыхэр ыгыкIыгъэх, зэригъэзэ-

фэжьыгъэх. Нахьыбэу бзылъфыгъэхэр зыгъапэщтыгъэхэр джы Мефодие къырыкIощтыр арыгъэ. Ар Ондрачикхэм ячыракIоу щэтыфэкIэ пстэуми зэфэдэу афыщытыгъ. Ежьым иунэ зычIэхьажьыхэкIэ теплъын зыкъызэришIыщтым, зыфэпIон фэдэхэр агу къихьэщтыгъэх. Ондрачик ыпхъу къыщэн шъуIуа? Аущтэу хъугъагъэмэ, Ондрачик лъэшэу игопэныгъи.

Джаущтэу гъунэгъу бзылъфыгъэхэр Iоржъорыщтыгъэх ыкIи аIорэм шъыпкъагъэ гори хэлъыгъ. Ондрачикхэм махъулъэкIэ пхъэтэпэмыхь ашIэныеп ячырэкIуагъэр. Петрачышъ, гушIозэ ащи иятIонэрэпхъу къыдигъэкIоныгъи. Ау ежь Мефодие ащ егупшысэщтыгъэп. Ондрачикхэм апхъоу унагъо исым ыIощтыгъ ежьхэм адэжь къэкIуагъэу Мефодие зэгорэм Самко пае Доркэ щыдэгущыIагъэу.

– Самко иIэпкъы-лъэпкъыкIэ ащ фэдизэу мыпытэми, – Мефодие ибысымыгъэм риIощтыгъ иныбджэгъу пае, – Тхьэм ынэшIу къыщифэу, сатыушIыныр зыригъажьэкIэ, амал иIэу хъущт ишъузи ибыни ыIыгъынхэу. Самкоуи Дорки Тхьэр шIу алъэгъу ыкIи зэгурыIохэу Тхьэм инабгъо екIурэ гъогум рыкIощтых.

Нымрэ тымрэ къезэгъыгъэх апхъу Самко дагъэкIонэу, ежь Доркэрэ Самкорэ ащкIэ бэшIагъэу зэзэгъыгъахэхэу щытыгъэх. Доркэ гъэшIэгъон къыщыхъущтыгъэ закъор Iуашъхьэр Iуахы зэхъум зэрадэIэпыIагъэр, джы а чIыпIэм щагъэуцугъэ унэм щыпсэунэу зэрэхъущтыр ары.

– Дунаем пстэури гъэшIэгъонэу зэрэщызэкIэлъыкIохэрэр, – аIощтыгъ гъунэгъу бзылъфыгъэхэм. ЫкIи ахэмэ тэрэз зыфаIощтыгъэр.

# ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

Джыри гъэмэфэ пчыхьэ шIагъор чIыгум къышъхьарыуцогъагъ. Тыжьын Iудэнэк1э псыгъохэмкIэ мазэм инэфыпсыхэм къуаджэхэр, чъыгхатэхэр, шъофыхэр ыкIи мэзыхэр къызэлъагъэнэфыщтыгъэх. Мэзэнэбзый зырызхэм Давид лIыжъым иунэжъ цIыкIуи ар зытесыгъэ тетIысхьапIэу дэшхо чIэгъым чIэтыгъэри тыжьыныпс хэгъэуагъэм фэдэу къашIыщтыгъэх.

ЛIыжъыр мэфэкI теплъэ иIэу фэпэгъагъэ, гушIо нэфэу чэфыгъор къызыхэщырэр ынэгу кIэплъагъощтыгъ. Ежьми ышIэщтыгъэп непэ ар зыкIэгушIощтыгъэр. Ар къэзыгъэчэфырэр Самко сатыушIыпIэр къызэIуихынэу джы къызэрэдэхъугъэр ыкIи ежьыми мымакIэу ащ ишIуагъэ зэрэхэлъыр ары шъуIуа? Давид ыгу ихъыкIырэр ежьыми къыгурыIожьыщтыгъэп. Сыда къызыхэкIыгъэр а шIулъэгъур джы цIыфхэм афишIыныр? Джырэ нэс цIыф хымэхэм ыгукIэ рэхьат дэдэу афыщытыгъ: ахэмэ ягумэкIи къылъыIэсыщтыгъэп, ягушIуагъуи чэфыгъо къыхилъхьэщтыгъэп. ЗэкIэм ошIэ-дэмышIэу, мыщ хэткIи щыхымэ лIыжъыр, гушIуагъом къыгъэгъыгъ пIоми хъущт, пхъэнтIэкIум тесызэ Доркэ къыкIэрыхьи къызыреIом:

Самко фэпшIэгъэ пстэури Зиусхьанэу Исус Христосым шIукIэ къыппигъохыжьыщт.

ЛIыжъыр ыгукIэ къыдеIэу гушIощтыгъ ныбжьыкIэхэу Самкорэ Доркэрэ шIу зэрэзэрэлъэгъухэрэм, ахэр зэгурыIохэу зэрэгоIухэм, насыпышIо зэрэхъущтхэм ыкIи тIуми IэпыIэгъу афэхъун зэрилъэкIыгъэм пае.

Самкоуи Мефодии зэрэфэразэхэр Давид зэрэра-

Iощтыгъэми нахь иныжьыхэу лIыжъыр ыгъэгушIощтыгъ. Ар тетIысхьапIэм тесэу егупшысэщтыгъ:

– Сизакъоу сыпсэущтыгъ, зэкIэ гумэкIыгъоу сиIагъэр сэ сшъхьэ закъокIэ зэшIосхыщтыгъ ыкIи сынасыпынчъагъ. КъэгъэзапIэ горэ Iофым фэхъугъ: цIыфхэм нахь апэблагъэ сыхъугъ, зыгорэхэри ахэмэ афэсшIагъ ыкIи ошIэ-дэмышIэу насыпыри нахь къыспэблагъэ хъугъэ, сэри ар къысIугушIуагъ. Джы сэ къызгурэIо тигъунэгъу тэ тшъхьэ фэдэу шIу тлъэгъун фаеу Тхьэм къызыкIытфигъэпытагъэр. Ахэмэ янасып – тэри тинасып.

„ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм яшIуагъэ ежьым зэригъэкIыжьыныр арэп къызфэкIуагъэр, ежьым ишIуагъэ цIыфхэм аригъэкIыныр, цIыфыбэхэм апае ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытыныр ары нахь" (Мф.2О:28) – джаущтэу ыIуагъ си КъэгъэнэжьакIо, – фай-фэмыеми Iушъэшъэ макъэкIэ къыжэдэкIыгъ джурт лIыжъым ыкIи зыкъиузэнкIыжьи, жъуагъохэр зэрыз ошъогу къабзэм инэплъэгъу фигъэзагъ:

– О Зиусхьанэу Адонай! Исус Христосыр си КъэгъэнэжьакIоу зэрэсIуагъэм пае сэ, О къыомыпэсыгъэм, къысфэгъэгъу ыкIи сыщымыгъэзый! Сэ зыгори зыкIуачIэ къымыхьырэ цIыф хъыбэеу сыщыт: Ерусалим щыIэжьэп, Тхьэм иунэшхо зэхэкъутагъэ, къурмэншIыпIэр ащыгъупшэжьыгъ ыкIи сэ мыхъунэу сIэкIэшIагъэхэм апае, ахэр къысфэбгъэгъунхэу О сыкъызэрэолъэIун амал сIэкIэлъэп. Сэ сищыкIагъ псэ зыпыт горэ къурмэныпхъэкIэ. ЫкIи сэ сицыхьэ телъ чIыгум псэкIодэу щашIагъэм пае Исус Христосыр уашъомкIэ анахь къурмэнышIоу зэрэщытым. ЗыгорэкIэ а сишIошъхъуныгъэ хэукъоныгъэу ыкIи гунахьэу къычIэкIымэ, ащыгъум О, сыкъызыхэкIыгъэхэм ыкIи Якъуб я Тхьэу щытым,

мы чIыпIэм симыгъэкIыжь. Псэр хэзыхырэ уи Мэлэlич мазэм инэфыпс нэбзый чъыIэхэм ыкIи зэщыгъохэм ащыщ горэмкIэ уашъом къерэхыри, сихьадэгъу къерэгъэс. Ау сэ сишIошъхъуныгъэ шъыпкъэу щытмэ, О Пкъоу Христосым шъыпкъэныгъэу къыIуагъэхэмрэ хьэзабэу ыщэчырэмрэ къахэкIэкIэ кIэу гу къысэт ыкIи гъэшIакIэ сэгъэгъоты. Сэ сицыхьэ телъ Ар, сэ си Христосэу, си КъэгъэнэжьакIоу къызэрэкIуагъэм, цIыфхэр джэхьнэмым къыхищыжьынхэм пае ащ иIоф зэригъэцакIэрэм. Сэ зэхэсэшIэ сыгу илъыр къызэригъэкIэжьыгъэр, Ар сыгу щыщ зэрэхъугъэр.

Джурт лIыжъым ыIитIу ыгу тыриубытагъ ыкIи ежьым къыпкъырыкIырэ нэфыпсым къызэригъэнэфыгъэм къыпшIуигъэшIыщтыгъэр Тхьэм итахътэ къегъэтIысэкIыгъэ лIыжъхэм зыкIэ ащыщэу ары.

Джы лIыжъыр ежь-ежьырэу зыдэгущыIэжьыщтыгъэп, Тхьэм зыфигъэзагъэу къыIощтыгъ нахь:

– Сэ, Давид фэдэу, егъашIи сылъаIощтыгъ: „Сынэхэр къысфызэкIэхых ыкIи джащыгъум О уихабзэ хэлъ шIагъохэр слъэгъущтых“ (Пс.118:18). Сятэшхоу Ибрахьим, Исхьакъ ыкIи Якъуб я Тхьэр, – О ситхьэлъэIу уедэIугъ ыкIи уи ГущыIэ имэхьанэ къызгурыбгъэIуагъ. Сэ къаигъагъэкIэ сыкъезэгъыщтыгъэп: СшIагъэп ыкIи сшIэнэу сыфэягъэп О Пкъо. Нахьыпэрэм джы сыфэдэжьэп. Саулэ фэдэу сыщытынэу сыфаеп. Джы сэ зэхэсшIыкIы сыхъугъ Назарет къикIыгъэ Исусыр Зэрэ Христосыр, Мессиеу О Пкъоу зэрэщытыр ыкIи Ар чIыгум къызэрэтфебгъэхыгъэр.

ЛIыжъым къыIорэр къыухыгъ. ЫIупшIэхэр арых ныIэп хъублаблэщтыгъэхэр. Ахэмэ къапчъыщтыгъэр ежь джурт лIыжъымрэ мыкIодыжьын щыIэны-

гъэ зыбгъэдэкI Тхьэмрэ зэдыряшъэфэу къэнэжьыгъ. Ошъогум тегъэдыкъагъэу дэплъыещтыгъэ ынэхэм нэпсыр къакIэчъыщтыгъ. Ахэр джырэ нэсы шъыгъо гукъаомрэ тхьамыкIэ щыIакIэмрэ ахэтызэ къыгъэшIэгъэ илъэсыбэхэм янэпсыгъэх, ятэ лъыхъугъэу ыкIи аужыпкъэм Тым шIу ылъэгъурэ, Ыгу рифызылIэгъэ сабыим инэпсыгъэх.

Джаущтэу тхьэлъэIурэ гукъэбзэ Iасэрэкlэ джурт лIыжъым зиIэтыгъ пцIашхъохэм ауж итэу Тхьэм ыдэжь гъогу тэрэзкIэ „быбынэу“. КIасэу, сыхьатыр пшIыкIутIум дэхыгъэу шъхьэзакъоу ыкIи нэшхъэеу щытыгъэ игъашIэ псэр къыщыущыгъ, мыкIодыжьын щыIэныгъэм инэфыпсэу мыкIосэжьрэм ыгу къызэлъигъэнэфыгъ.

Гупшысэ куум хилъэсагъэу лIыжъыр бэрэ щысыгъ. Зэхихыгъэп ащ лъэмакъэу нахь пэблагъэ къэхъущтыгъэр, гу лъитагъэп ылъэгъункIэ зыкIэхъопсыщтыгъэу ыкIи джыдэдэм ишъыпкъэу ыгукIэ Тхьэм зыфелъэIущтыгъэ кIалэр пэмычыжьэу къызэрэуцугъэр.

ОшIэ-дэмышIэу къуаджэм куо макъэ къыщыIугъ. Ешъуагъэ горэм урамыр зэжъоу къыщыхъугъ ыкIи къыкIэдаощтыгъ урамыр нахь шъуамбгъо фашIынэу, унэхэр IуагъэкIотынхэу. ЛIыжъым зыкъишIэжьыгъ, ышъхьэ къыгъэзагъ ыкIи ылъэгъугъ зэримызакъор. КъыIухьагъэм ыгъэгушIуагъ, къызыгуигъэтIысхьи, Руф зэгорэм Ноемин зэрэриIогъагъэм фэдэу ащи Мефодие риIуагъ:

– О уи Тхьэ – сэри си Тхьэ. О уи КъэгъэжьэнакIо – сэри си КъэгъэнэжьакIу.

– Тхьэм щытхъур ыдэжь! – Мефодие ыгу къыдеIэу къыIуагъ джурт лIыжъым ыгукIэ зэхъокIыныгъэу фэхъугъэр зэхэугуфыкIыгъэу къызеIуатэм. –

Тхьэм щытхъур ыдэжь! Ащ тыкъызэригъэгугъагъэр мыкIодыжьын щыIэнызгъэ ыкIи ар зышIошъ зыгъэхъурэр кIэгъожьыщтэп. Сэ, мары Тхьэм селъэIущтыгъэ Ащ о сэ укъысигъэлъэгъунэу . . .

– Сэры, – ыгъэшIэгъуагъ лIыжъым.

– Ары, оры. Сятэ лъапI, непэ, о Исус Христосым ибын узыщыхъугъэм, сэ джы къыосIон слъэкIыщт ыкIи къыосIон фае мы къуаджэм ущымыпсэущтыгъэмэ, сэ ныбжьи сыкъызэрэдэмыхьэщтыгъагъэр. УмыгъэшIагъо. Ащ фэдизэу къыбгурымыIоуи укъысэмыплъ, о уитхьэлъэIу джыдэдэм игугъу къыщыпшIыгъ, сэ о Христосым игъогу утехьанэу сыкъызэрыоджагъэу, Филипп Нафанаилэ Христос игъогу къызэреджагъэм фэдэу. Ар тэрэз, Филипп лъыхъущтыгъ Нафанаилэ Христос игъогу ар тыригъэхьэным пае. Сэри о сыплъыхъущтыгъ.

– Укъыслъыхъущтыгъэу пIуагъэя? О сэ укъыслъыхъущтыгъэу?.. НахьыпэкIэ о сыпшIэщтыгъэуи? КъызгурыIорэп... Сыда сэ о сызэрэуищыкIагъэр?

– Джыдэдэм къыпфэсIотэщт. НэIуасэ горэ сиIагъ, ар зэрэщыIэр о умышIэщтыгъэми, ежьым иаужырэ жьыкъэщэгъу нэс шIу уилъэгъущтыгъэ. Зэгорэм къыпфэсIотэгъагъ шъыпкъэныгъэм илъагъо сытезыщэгъэ джурт нэIуасэ зэрэсиIагъэр. Ныбжьи зыцIэ щытхъу фэшъхьафкIэ есымыIощтыгъэу шIу къысфэзышIагъэм ыцIагъэр Рувим Соколов. Ар урыс джурт бай горэм ыкъуагъ, янагъэр зыфэдэ къэмыхъугъэ уисабый шIагъоу джырэ нэси о бгъаерэ ппхъоу Эсфир арыгъэ.

– Мефодий! – къэкууагъ лIыжъыр ыкIи Iэчъэлъачъэу ригъэжьагъ. – Мефодий, о пшIэщтыгъа спхъу, сисабый дышъэ? Ар о плъэгъугъа? УинэIуасэу щытыгъа? Сыд фэдэу ар щытыгъа?..

– Ары, сэ ар сшIэщтыгъэ, ау ныбжьи сытеплъагъэп. Ащ исурэт ныIэп слъэгъугъэр, нысакIэу зыщэт лъэхъаным тырахыгъагъэу. Рувим Соколовым нэIуасэ сыфэхъункIэ бэ къэмынэжьыгъэу ежьыр лIагъэ.

– ЛIагъэуи? Ащыгъум слъэгъужьыщтэп ныIа?

– Плъэгъущт: мыкIодыжьын шыIэныгъэм, Тхьэм ыдэжь щыплъэгъужьыщт. Мы тигъашIэ ар щылIагъ ощ пае Тхьэм елъэIузэ, о пцIэ ыбзэгу темыкIэу.

– Сэ къысэхьылIагъэу ащ зыгорэ ышIэщтыгъа?

– ЗэкIэри ышIэщтыгъ. Янэ, уишъхьагъусагъэм, ппхъу зэкIэри фиIотагъ ыкIи шIу уилъэгъунэу ыпIугъагъ.

– Сишъхьагъусагъэми?

– Ары, уишъхьагъусагъэр ары. А тхьамыкIэм ежьым ифэшъуашэу тефэщтыгъэм нахьи нахьыбэу хьазаб ыщэчыгъ. Ащ имысагъэ псынкIэу зыдишIэжьи, къыгъэзэжьымэ шIоигъуагъ, ау къатIупщыгъэп. Ащ раIогъагъ о Iэе дэдэу уфэгубжыгъэу ыкIи шъузэрэзэгокIыжьырэм узэрезэгъырэ тхылъыр зыфяогъэхьым, ежьми ар ышIошъ хъугъэ ыкIи дэзыхьыхыгъэм дэкIуагъ. Ау ар насыпышIо хъугъэп ыкIи шъупхъоу дакIуи, нэужым илIы игъусэу Канадэ кIожьыгъагъэм джэгу фашIынкIэ бэу къэмынэжьыгъэу лIагъэ.

Ащ щыIэхэзэ, Зиусхьанэу Христосым шъыпкъагъэм ишъхьагъусэ къырищэлIагъ, нэужым ежь ппхъуи ащ лъыIэсын ылъэкIыгъ. Ащ ишIуагъэкIэ акъоу Рувим аумэхъыгъ. Ялъфыгъэ ипIун ахэмэ кIоIабэ тырагъэкIодагъ, чIэнэгъаби ашIыгъ ыкIи ащ фэдиз зыкIашIагъэр зызакъо: ежьым, иджурт лъэпкъыкIэ ар КъэбарышIур ариIотэнэу арыгъэ. ЗыкIэхъопсыщтыгъэхэри къадэхъугъ. Аужыпкъэм тыми

зэхихынэу хъугъэ, охътабэ ащ ымыкъудыигъэми, ыкъо Исус Христос фэгъэхьыгъэ къэбархэр къафиIуатэхэрэр. ЕтIанэ а кIалэм сэри, зикъэхъукIэрэ зыцIэрэ фэшъхьафрэкIэ чыристанэу щымытыгъэр, сыгукIи сыпсэкIи чыристан сишIыгъ. Ащ ыуж бэ темышIэу ятэ лIагъэ ыкIи зятэ-зянэхэр зимыIэжь синыбджэгъу сыригъусэу сыкъэнэгъагъ. Ар сэ шIу зэрэслъэгъущтыгъэр! Ау ежьым нахь лъэшыжьыхэу сэ шIу силъэгъущтыгъ. Ащ ышIэщтыгъ Венгрием щыщ словакэу сызэрэщытыр ыкIи къысфиIотагъ Венгрием ежьым ятэжъи зэрэщыпсэурэр ыкIи тэтэжъыр къыгъотынэу янэу дунаем ехыжьыгъэм унашъо къызэрэфишIыгъагъэр. Ащ пае тызэкIыгъоу мафэ къэси тхьэлъэIу тшIы зыхъукIэ, ар пстэуми апэу Тхьэм зэрелъэIущтыгъэр ятэжъ шIоу щыIэр къыдэхъунэу ыкIи ар къыгъотыным пае амал къыритынэу арыгъэ.

Зэгорэм ащ Венгрием къикIыгъэ словакыбэ къэкIуагъэу зэхихыгъэти, Пенсильванием сигъэкIогъагъ. Тызыщыгугъыщтыгъэр ахэр тиIэпыIэгъухэу Давид лIыжъым фэгъэхьыгъэу зыгорэ зэдгъэшIэнэу арыгъэ. Тхьэм ишIоигъоныгъэу щытыгъ охътабэрэ сызэлъыхъо нэужым Ондрачикхэм ямахъулъэ ныбжьыкIэ зэрэсымаджэм пае мыщ, ихэгъэгу, къэзыгъэзэжьыгъэм сызэрэIукIэгъагъэр. Ар зыхъугъагъэр Америкэм къызыкIуагъэм бащэ темышIагъэу ары. Ащ къысиIуагъ Давид лIыжъэу зишъхьэгъусэ зыгокIыжьыгъэм фэгъэхьыгъэу тIэкIу-шъокIухэр. Джащыгъум тыкъыпкIэупчIэу Градовэ письмэ къэдгъэхьыгъагъ ыкIи къытIукIэжьыгъэ джэуапым пстэуми тащигъэгъозагъ. Давид лIыжъэу, Давид тэтэжъэу тызылъыхъущтыгъэр мыщ щыIагъ. Рувим игушIуагъо гъунэ иIагъэп ыкIи ащ ышIэщтыгъэп Тхьэм

ищытхъу зэрэфиIощтыр ятэжъ къыгъотыжьынышъ, Христосым икъэбар ригъэшIэнэу амал къызэрэритыгъэм пае. Рувим мыщ къэкIонэу тыриубытэгъагъ. Ау Зиусхьаным, тищыIэныгъи тилIэныгъи ЗыIэ Илъым, нэмыкIэу рихъухьагъ. Рувим Тхьэм иIофыгъохэм апылъзэ, уахътэ хигъуатэщтыгъэп, джащ пае игъом псынкIэу гъогум зыфигъэхьазырын ылъэкIыгъэп. Нэбгырэ мин пчъагъэхэр Рувим щыгугъыщтыгъэхэти, ахэр къыгъэнэнхэмкIэ фитныгъэ имыIэу ылъытагъ. Нэужым тхьамыкIагъо къехъулIагъ – лъэшэу чъыIэр къегоуагъ ыкIи уипхъурэлъфыр, сигъунэгъу лъапI, лIагъэ. Ыпсэ къабзэу, хьарамыгъэ зымышIэщтыгъэр ежьыр опсэуфэкIэ зыкIэхъопсыщтыгъэ уашъом кIожьыгъэ.

Сэ къызгурыIощтыгъ КъэбарышIум инэфыпс ятэжъ зэрэлъымыIэсышъущтыгъэр ащ ежьыркIэ гукъэошхоу зэрэщытыгъэр. Ау ар ежьым къыдэмыхъугъэмэ, а шIоигъоныгъэр згъэцэкIэнымкIэ сэ сыда пэрыохъу къысфэхъун ылъэкIыщтыгъэр? ЫкIи ыпсэ зыхэкIыщтыгъэ сыхьатым Тхьэм ыпашъхьэ ащ гущыIэ щестыгъагъ зэкIэ кIуачIэу сиIэр зэресхьылIэщтыр ятэжъ Христосым фэсщэнэу, ащ ыпхъурэ ипхъурэлъфырэ мы дунаем щимылъэгъугъэхэми, адрэ дунаем ащыIукIэжьын ылъэкIыным пае. Рувим Христосым ыцIэ ыжэ дэмыкIэу лIагъэ. Ар дгъэежьыгъэ ыкIи дгъэтIылъыжьыгъэ, нэужым ащ къысфишIыгъэгъэ пшъэрылъыр згъэцэкIэнэу, иIоф сырилIыкIоу сызэрэщытым елъытыгъэу Градовэ сыкъежьагъ.

Сэ къызгурыIощтыгъ Давид лIыжъэу мощ фэдиз шъхьакIорэ гукъаорэ зигъашIэ щызыщэчыгъэм аукъодыеу ыдэжь укъакIоу ипхъурэлъф иосыет еоIуатэкIэ укъызэрэзэхимышIыкIыщтыр. Е сIорэр

ышIошъ хъущтыгъэп, е къысэдэIунэу фаещтыгъэп: Давид джуртыгъэба, ежьым ипхъурэлъф чыристанэу лIагъэ. Iофыр кIыхьэ-лыхьэ хъункIэ щынэгъуагъэ.

ЛIыжъым нахь пэблагъэ сыхъуным пае Ондрачик дэжь чыракIоу сыIухьэгъагъ ыкIи Тхьэм селъэIущтыгъ джурт лIыжъыр Христосым игъогу рытесщэным пае Ащ кIуачIэ къысхилъхьанэу. Дэгъоу зэкIэри къызэпыфагъ. IофышIэ къызэрыкIом джуртыр зыкIи егуцэфагъэп. Ау а сыхьатым цIыфым цыхьэрэ лъытэныгъэрэ къызыфебгъэшIын плъэкIыщтэп ныIа. Уахътэ ищыкIагъэу щытыгъ, сэ сытещыныхьэщтыгъэ Ондрачик имахъулъэу Пенсильванием къикIыжьи мыщ къэкIожьыгъэм сыкъишIэжьынкIэ. Синасыпти, ащ сыкъишIэжьыгъэп. Арырэ сэрырэ апэ тызызэIокIэм сэ жакIэ-пакIэ стетыгъ ыкIи сищыгъыни фэшъхьафыгъ – сэ IофшIэкIо щыгъынэп сщыгъыгъэр.

Петрачхэм яджэгу зыщыIэгъэ пчыхьэм зэкIэри къыпфэсIуатэ сшIоигъуагъ, ау къыздэхъугъэп. Ащыгъум исхъухьэгъагъ синыбджэгъу ятэжъым Христосэу Мессиер къызэригъотыгъэр ыкIи ар и КъэгъэнэжьакIокIэ зэриштагъэр ежьыр шъыпкъэм къыIоу зэхэсэхыфэкIэ Градовэ сыдэмыкIыжьынэу. Джы зэкIэри къыосIотагъ ыкIи си Зиусхьан шIушIэ щытхъу фэсэIо гущыIэу стыгъагъэр згъэцэкIэжьынэу Ащ кIуачIэ къызэрэситыгъэм, мыщ пкIэнчъэу илъэситIур зэрэщысымыгъэкIуагъэм пае. Джы сыгукIэ сырэхьатэу мыщ сыдэкIыжьын слъэкIыщт: уипхъурэлъф илъэIу згъэцэкIэгъахэ.

Мефодие къэтэджыгъ, Давид лIыжъыри къэтэджыгъ зэхихыгъэм нэмыз-Iумыз ышIыгъэу. ПкIыхьэпIэм хэтым фэдэу иныбджэгъу ныбжьыкIэ ыуж итэу унэм ихьагъ. Унэм зехьэм, Мефодие пчъэр къыри-

гъэти, шэф остыгъэр хигъэнагъ ыкIи ибгъэджыбэ къырихыгъэх лIыжъымкIэ лъэпIэ дэдэу щыт сурэтхэр. ГукъэошхокIэ ыгъаехэрэ ыпхъу, ащ илIэу Соколовыр, пхъурэлъф зэрытхэ сурэтхэр арыгъэх ар. Ипхъурэлъфым ынэгу къыкIэщыщтыгъэ ащ ипсэнэфыгъэ.

– Мары, сигъунэгъу лъапI, уимылъкоу уасэ зимыIэхэр джыри зэкIэмэ анахь лъэпIэжьыр – Рувим Христос икъэбар цIыфхэм зэраригъашIэщтыгъэ тхылъэу КъэбарышIур (Новый Завет). Едж ащ. ЗэкIэми ядж, Тхьэм шIоигъоу тыпсэоу нэф тыкъыригъэкIымэ, сэ джыри уадэжь сыкъэкIощт ыкIи нычэпэ уеджэ зэхъум къыбгурымыIуагъэхэр къыпфызэхэсфыщтых.

Мефодие ядэжь кIожьыгъэ, мыдрэ лIыжъыр изакъоу къэнагъ имылъку ыкIи и Тхьэмрэ игъусэхэу. Ащ ишIулъэгъоу гъунэ зимыIэр икъу фэдизэу апэрэу непэ зэхишIагъ.

ЫIужырэ мафэм ипчэдыжь жьэу Мефодиерэ Андрейрэ мэзым пхъашIэ кIуагъэх. Ахэмэ чъыгэе шъэджашъэ къыраупкIыгъэти, пчыхьэ хъугъахэу къагъэзэжьыгъ. ТIури пшъыгъэхэу, мэлакIэ лIагъэхэу щытыгъэти, шхэхи гъолъыжьыгъэх. Пчэдыжьым шхэнхэу загъэхьазырынэу рагъэжьэгъэ къодыеу чъыгхатэм иIофышIэ Ондрачик зыкъыщыIуигъакIи къыриIуагъ:

– КъедэIу, мыдэ къыуасIорэм: тыгъуасэ тадэжь Давид лIыжъыр къэкIогъагъ ыкIи ащ къыIотэгъэ къэбар хьалэмэтыр сшIошъ згъэхъун слъэкIырэп.

– Сыда пшIошъ бгъэхъун умылъэкIырэр? – Мефодие чэфэу еупчIыгъ.

– Адэ шъыпкъэна о джурт лIыжъым пае мыщ, Градовэ, укъэкIуагъэу зэриIорэр?

– Ары, ащ паекӀэ.

– Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп! – Ондрачик имахъулъэу къакӀэрыхьагъэм ыгъэшӀэгъуагъ.

– Адэ о джыри сыкъэпшӀэжьырэба? – зэрэчэфэу ӀугушӀукӀызэ, Мефодие ащ еупчӀыгъ.

– УкъэсшӀэжьынэуи?.. Ори?..

– Ары, сэры. КъэошӀэжьа адэ кӀэлакӀэу Пенсильванием ущыӀэзэ уадэжь къэкӀогъагъэр, уикъуаджэ ыкӀи аш щыпсэурэ Давид лӀыжъым пае къыоупчӀыгъагъэр?

– О си Тхьэ! – мэкъумэщышӀэ ныбжьыкӀэм ыӀэгушъохэр зэтыригъэуагъэх. – Джы зэкӀэри къызгурэӀо: хьаулыеу о ренэу зыгорэм уфэзгъадэщтыгъэп. Ау о а лъэхъаным жакӀэ птетыгъэба, уишыгъын кӀэракӀи нэмыкӀ шъыпкъагъэба, джыры адэ?..

– Сыда адэ, о угу сырихьырэп, ара? – къэщхыгъ Мефодие.

– Зэ,зэ! – зэпигъэугъэ Ондрачик. – Ащыгъум, Давид лӀыжъым къыӀотагъэр шъыпкъэмэ, егъашӀи о чыракӀоу ущытыгъэп ыкӀи мэкъумэщышӀэ Ӏофышӏэн бгъэцэкӀэнэуи уищыкӀэгъагъэп, арба?

– Ар тэрэз. Сятэ-сянэхэм къакӀэныгъэу мылъкушхо къысфагъэнагъ ыкӀи сэ сфырикъунэу мылъку сиӀ.

– Сыдэущтэу адэ тэ укъыддэпсэун плъэкӀыгъа ыкӀи джуртым ихьатыркӀэ зыбгъэцӀыкӀущтыгъа?

– Ащ зыпари бгъэшӀэгъон хэлъэп!.. Сэ сэшӀэ пачъыхьэхэм я Пачъыхьэ Ыкъо горэ, шъори ШъушӀэрэр, Ащ ипщыпӀэ къыгъани, шӀулъэгъоу къытфыриӀэм пае илъэситӀоп, илъэс 33-рэ зигъэцӀыкӀузэ къулыкъу тфишӀагъ. Ащ нэужым сэ илъэситӀоу зы нэбгырэ закъом къулыкъу зэрэфэсшӀагъэм урыгущыӀэнэу екӀуа? Ащ нэмыкӀэуи мыщ сэ сигуапэу

сыщыпсэущтыгъ, шъори зэкIэми шIу сышъулъэгъугъ, сыхэмыукъорэмэ, сэри сишIуагъэ шъосымыгъэкIэуи щытэп. ЕтIани, хэта зышIэрэр джыри щыIэныгъэм сапэкIэ къыщысажэрэр? ЧыракIоу нахьыбэкIэ сыщымытыжьынкIи мэхъу, ау зы сыщыгъуаз: илъэситIоу IофышIэу сыкъызэрэжъудэпсэугъэр сищыIэныгъэкIэ анахь илъэс насыпышIохэу къэнэжьыщтых.

ЧырэкIо кIалэм инэшIо-гушIо нэгоу щхыпцIым зэлъиштэгъагъэр пхъашэ къэхъугъ ыкIи нахьыбэрэ ащ рыгущыIэжьыгъэхэп; пчэдыжьышхэ ашIынэу къяджагъэх. Iанэм пэсыфэхэ Доркэрэ Самкорэ унакIэм чIэсхэу зэрэпсэущтхэм рыгущыIэщтыгъэх.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

Джыри тхьаумафэм ищэджэгъо охътагъ. Бжыхьэ пщагъор къушъхьэхэм, псыхъо кIэйхэм къашъхьарыуцогъагъ, чъыг тхьапэхэр къапытэкъужьыщтыгъэх. Чъыгэе мэзым, джа чIыпIэ дэдэм пцIашхъохэр ядэжь къэбыбыжьынхэу зызэрагъэхьазырыщтыгъэр къафиIуатэ зэхъум кIэлэцIыкIухэм хъураеу „татэ“ къызыщауцухьэгъагъэм, джы Самко изакъоу щысыгъ. Мефодие Градовэ дэсыжьыгъэп ыкIи кIэлэцIыкIухэр нахьыбэрэ ащ лъыкуожьыщтыгъэхэп: „Тата Мефодий, тата Мефодий!“ аIозэ. Мефодие кIожьыгъэ. Ондрачикхэм адэжь къулыкъур щиухыгъ, унэ ыгъэуцугъ, ар ежьым пае зэримышIыгъым джы пстэури щыгъозагъ. Унэ тэрэз зэрэпшIышъущтыр Градовэ дэсхэм къаригъэлъэгъуным пае шъхьахыгъэп, етIанэ нэужым бзэхыжьыгъэ. ОшIэ-дэмы-

шIэу къызэрэкIогъагъэм фэдэу ар ошIэ-дэмышIэу ахэкIыжьыгъ. Ар хэти зэтыриIэжэн ылъэкIыщтыгъэп. Сыда пIомэ ар мыщ щыщыгъэп.

Самко ышъхьэ еуфэхыгъэу ыIэхэм ателъэу, зыми къымылъэгъоу, ыгу хэкIыпэу гъыщтыгъэ (тхьапшырэ ащ фэдэу къыхэкIыгъа!) иныбджэгъу паекIэ. Ащ ышIэщтыгъэ ащ фэдэ джы къызэримыгъотыжьыщтыр. Хэта зышIагъэр илъэситIум къыкIоцI зэкIэри нэмыкI шъыпкъэу зэхъокIыгъэ хъущтмэ?! Джы сыдэу насыпышIуагъэха Петрачхэм яунагъо зэрэпсаоу: нэжъ-Iужъхэри, зэшыпхъухэри, махъулъэри ыкIи Самкоу зигъусэу Мефодие ыгъэпсыгъэ унэ шIагъом щыпсэурэри! Адэ икIэрыкIэу къалъфыжьыгъэу джы цIыф тэрэз хъужьыгъэ ешъуакIощтыгъэу Подгайскэм иунагъо! Мыдрэ Ондрачик иунагъоу, пстэуми ягущыIэ пэпчъкIэ, Iофэу агъэцакIэрэмкIэ, ежьхэм ящыIэныгъэкIэ Тхьэм ищытхъу зыщаIуатэрэр! Хэта ахэр зиIэшIагъэр? Ондрачик ичырэкIуагъэр ары.

„Ары, шъыпкъэмкIэ, лэжьэкIо дэдэу ар щытыгъ, – егупшысэщтыгъэ Самко, – Ондрачик ичырэкIо къодыягъэп ар, Тхьэм илэжьакIо шъыпкъэуи щытыгъ нахькIэ! ЫкIи сыдэу джыри Iофыба Тхьэм иIэр илэжьакIо къыпаплъэу!“

Самко зыкъызэригъэзэкIыгъ ыкIи ыгу къэкIыжьыгъ: мары мыщ дэжьым ахэр щысыгъэх ыкIи Мефодие къыIуатэщтыгъ пцIашхъохэм якъэбар. Джы ежь Мефодие нахь зыщыфэбэ хэгъэгум быбыжьыгъэ. Ау ащ нахьыбэрэ набгъоу ежьым ышIыгъэм къыгъэзэжьыщтэп. Гъунэгъухэм ашIэщтыгъ унэу „темэным хэткIэ“ зэджагъэхэр Давид лIыжъым пае зэрашIыгъагъэр ащ ипхъурэлъф мылъкоу къыфигъэнэгъагъэмкIэ. Давид къыфэнэжьыгъэ гъашIэр рэхьа-

тэу ащ щигъэкIощт: ипхъурэлъф къыфигъэнагъ ащ фырикъун мылъкури.

Мефодие дэгъоу къыугупшысыгъ Самкорэ Доркэрэ Давид иунэ щыпсэунхэу: джы ащ изэкъожьыщтэп ыкIи зэшъхьэгъусэ ныбжьыкIэхэм лъыплъэнхэ алъэкIыщт. Ау Давид лIыжъыр ащ езэгъыгъэп. Ащ ыпхъу, имахъулъэ ыкIи ипхъурэлъф якъэхэр ылъэгъугъэхэмэ зэрэшIоигъом ыкIи опсэуфэхэкIэ акIэрысынэу мыхъугъэми, ежьыри зылIэжькIэ ахэмэ апэгъунэгъоу зэрагъэтIылъыжьыщтым ихъопсапIэу зыдиIыгъым рэхьатыгъо къыритыщтыгъэп. Джаущтэу къуаджэм къэбар щызэрахьэщтыгъ. Ау Самко нэмыкI зэрегупшысэщтыгъэр. Ащ ышIэщтыгъ Мефодие кIэрычыгъэ хъумэ, лIыжъым ыгукIэ зэрэфэмыщэчыщтыр, лIэн зэрилъэкIыщтыр. Ар Самко ыгъэшIагъощтыгъэп ыкIи къыгурыIощтыгъ. Ежьыри бэрэ егупшысэщтыгъэ янэ-ятэхэр ыкIи шIу ылъэгъурэ ишъуз имыIагъэхэмэ, иныбджэгъу ыуж зэрихьэщтыгъэм.

Джы Петрачхэмрэ Ондрачикхэмрэ зэгуахьэхи, ялъфыгъэхэм апае унэр Давид къыщащэфыжьыгъ. ЛIыжъым зэкIэри осэныкъокIэ къарищагъ пIоми хъущт, мыдрэ иунэжъ цIыкIу Мартын янэ хьатырэу ритыгъ. Подгайскэхэм яунэу сабыир зэрызы хъугъагъэр нахь хъоу-пщэу хъуным пае.

Давид лIыжъым гъогу чыжьэм техьанэу зигъэхьазырыгъ. Ар зэрэкъуаджэу агъэкIотагъ ыкIи игухэлъхэр къыдэхъунэу Тхьэм фелъэIугъэх.

– ЗыгорэкIэ Мефодие уапэ къифэмэ, тэ тцIэкIэ шъхьащэ фэшI, – раIощтыгъ ащ градовцэхэм. – Зэрэтщымыгъупшагъэри тфеIожь.

„Зэрэтщымыгъупшагъэр“... Сыд фэдиз уахътэкIэ шъуIуа? ТапэкIэ Ондрачик ичыракIощтыгъэр градовцэхэм агу къэкIыжьын шъуIуа? Хэта зышIэрэр.

ЫцIэ ащыгъупшэжьынкIи хъун. Ау агу къэкIыжьыщт ыкIи зым адрэм риIотэжьзэ ышIыщт зэгорэм чыракIо горэ къазэрэфэкIогъагъэр ыкIи зэкIэ ящыIэныгъэ нэмыкI шъыпкъэу зэрэзэблихъугъэр. Ежьыр якъэшIэжь хэзыжьыщт, ау ахэмэ ящыIэныгъэ къыхэнэжьыщт ащ шъыпкъэныгъэм инэфыпсэу ыкIи шIулъэгъум ифэбагъэу мыщ къыщигъэнагъэхэр.